ГУГЪУЭТ ЛОЛ
ГУГЪУЭТ ЕЛИЗАВЕТЭ

# АДЫГЭБЗЭ



# 3 КЛАСС

## ПСАЛЪЭ КЪЭЗЫГЪЭХЪУ IЫХЬЭХЭР



## ПСАЛЪЭХЭР ПСАЛЪЭУХАМ ЗЭПЫЩIА ЗЭРЫЩЫХЪУР. ПСАЛЪЭУХАМ И ПКЪЫГЪУЭ НЭХЪЫЩХЬЭХЭР



ГУГЪУЭТ ЛОЛ
ГУГЪУЭТ ЕЛИЗАВЕТЭ

# АДЫГЭБЗЭ

# 3

## класс

*КъБР-м щIэныгъэ Iуэхухэмкlэ и министерствэм къищтащ*

ЕБГЪУАНЭ КЪЫДЭКIЫГЪУЭ, ХЭЛЭЖЬЫХЬЫЖАУЭ

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
2010

УДК 811.352.3(075.2)
ББК 81.602.22. – 921
К 886

Рецензентхэр:

УФ-м егъэджэныгъэмкlэ Щlыхь зиlэ
и лэжьакlуэ *Щамырзэ И. З.*

УФ-м егъэджэныгъэмкlэ и отличник
*Ефэнды М. Ф.*

УФ-м егъэджэныгъэмкlэ Щlыхь зиlэ
и лэжьакlуэ *Сэрахъэ Л. С.*

Адыгэбзэмрэ литературэмкlэ
егъэджакlуэ *Сижажэ Л. Къ.*

**ТХЫЛЪЫМ КЪЫЩЫКIУЭ ДАМЫГЪЭХЭМ КЪАГЪЭЛЪАГЪУЭ:**

▲ – урокым и къыщlэдзапlэ;

● – лэжьыгъэ кlэрыдзэн;

**бгырыпх** – псалъэм и тхыкlэри и мыхьэнэри зэгъэщlэн хуейуэ;

☐ – гукlэ зэгъэщlапхъэ правилэ.

ISBN 978-5-7680-2325-6

© Гугъуэт Л. Т., Гугъуэт Е. Ж., 2002
© Гугъуэт Л. Т., Гугъуэт Е. Ж., 2010
© «Эльбрус» тхылъ тедзапlэ, 2010

# МАКЪХЭМРЭ ХЬЭРФХЭМРЭ

## 1. ТхэкIэ тэмэмым теухуауэ блэкIа классхэм щаджахэм къытегъэзэжын

Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу,
Урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым.

*КIыщокъуэ Алим*



▲ **1.** Фыкъеджэурэ псалъэуха къэс къыщыщIидзэмрэ щиухымрэ къэфхутэ. Псалъащхьэ хуэфщI. Нагъыщэхэм фыкъытеувыIэ.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр икIащ нобэ гуфIэгъуэ махуэщ нобэ сентябрым изщ еджапIэ хуитхэм я бжэр зэIуахыжащ еджакIуэ цIыкIухэр екIуу хуэпауэ школым макIуэ абыхэм удз гъэгъа гуакIуэхэр яIыгъщ цIыкIухэм гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрырагъэкIуэкIар зэхуаIуэтэжынущ.

● Сыт хуэдэ хьэрфкIэ кърагъажьэрэ псалъэухахэм я япэ псалъэр?

Псалъэуха зэмылIэужьыгъуэу фызыщыгъуазэхэр фигу къэвгъэкIыжи щапхъэ къэфхь.

Сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ зэпхъуэкI хъуну *гуакIуэхэр, екIуу* псалъэхэр?

**2.** УпщIэхэмкIэ хъыбар кIэщI жьэрыIуатэу зэхэфлъхьэ.

## Сэ гъэмахуэр зэрызгъэкIуар

1. Гъэмахуэм дауэ зыбгъэпсэхуа?
2. Дэнэ ущыIа?
3. А щIыпIэр сыт хуэдэ?
4. Плъэгъуахэм щыщу сыт уигу нэхъ къинэжа?

КъыщIэдзэкIэ хъуну зыхуагъэфащэр:

1) *Сэ гъэмахуэм фIыуэ зызгъэпсэхуащ.* 2) *Сэ гъэмахуэр нэгузыужьу езгъэкIуэкIащ.*

**3.** Упщӏэхэр къэвгъэсэбэпурэ хъыбар зэхэфлъхьи фтхы. Псалъащхьэ хуэфщӏ.

Хэт уэ уи ныбжьэгъур (и унэцӏэр, и цӏэр)? Абы сыт и ныбжь? Дэнэ щыпсэурэ уи ныбжьэгъур? Едапщанэ классым щеджэрэ ар? Дауэ еджэрэ? Сытым нэхъ фыдихьэхрэ? Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр дауэ вгъакӏуэрэ? Уигу ирихьу сыт хэлъ уи ныбжьэгъум?

Къыщӏэдзапӏэ хъуну зыхуагъэфащэр: *Сэ си ныбжьэгъур Лыхь Алийщ.*

**4.** Письмом фыкъеджи фытепсэлъыхьыж. Псалъэухахэр я къэпсэлъыкӏэкӏэ зыхуэдэхэр къафщӏэ.

Уузыншэм, си мамэ дыщэ! Сэ фӏыуэ зызогъэпсэху. Ди зыгъэпсэхупӏэр тенджыз Iуфэм Iутщ. Сыту дахэ мы щӏыпӏэр! Тенджыз Фӏыцӏэм и толъкъун инхэр нэпкъым къредзылӏэ. Мыжыжьэу мэз щхъуантӏэ иным зыщиубгъуащ. Абы жыгей, тхуей, бжей, бзиху уардэхэр гъунэжу щӏэтщ. Хьэуар зыуэ къабзэщи!

Мамэ, хьэблэ цӏыкӏухэр сигу къэкӏащ. Си классэгъухэми сахуэзэшащ. Ауэ мыбыи ныбжьэгъуфӏ куэд къыщызгъуэтащ. Абыхэм сагъэзэшыркъым.

Уэ дауэ упсэурэ? Iэминат сыт и хъыбар? Сынэкӏуэжыным махуих къысхуэнэжащ.

Узыншэу ущыт, мамэ.

*Мухьэмэд.*

Дауэ къывгурыІуэрэ *мамэ дыщэ* псалъэхэр? Мы щапхъэм тету, письмо зэхэфлъхьэ.

Анэр ухуэдэщ нэм,
Анэр ухуэдэщ псэм.

**бзиху**

**5.** Къыхэгъэща псалъэхэр я къэпсэлъыкІэкІэ зэфлъыт. Ахэр зэхуэмыдэу щІэтхар къыжыфІэ.

1. Си къуэш **Сэлам** цІыхухэм гуапэу **сэлам** ярех. 2. Си шыпхъу нэхъыжь **Сурэт** дунеягъэм теухуа **сурэт** Іэзэу ещІ. 3. Си анэшхуэ **Дыжьын дыжьын** бгырыпх дэгъуэ иІэщ. 4. Си адэ шыпхъу **Дыщэ** и **дыщэ** пыІэр си шыпхъум тыгъэ къыхуищІащ.

Хьэрфышхуэкlэ кърагъажьэхэр фигу къэвгъэкІыж. Сыт хуэдэ псалъэкІэ зэпхъуэкІ хъуну *дэгъуэ* псалъэр? Дэтхэнэр нэхъ жыІэкІэ дахэ: *къритащ, тыгъэ къыхуищІащ*? Сыт *дыжьыныр, дыщэр* зищІысыр? Дыжьын бгырыпхымрэ дыщэ пыІэмрэ нэмыщІ, сытхэр хыхьэрэ адыгэ пщащэм и фащэм?

**бгыры́пх**

**6.** Фыкъеджэ. Зэвгъэцlыху фІыуэ ди тхакІуэ Іэзэхэр. КъифтхыкІ, унэцІэ-цІэхэм япэ хьэрфхэр щІэфтхъэурэ.

1. КІыщокъуэ Алим Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. 2. Къардэнгъущl Зырамыку Псыгуэнсу къуажэм

щыщщ. 3. Нало Заур Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ. 4. Къэрмокъуэ Хьэмид Зеикъуэ къуажэм щыщщ. 5. Къэжэр Пётр Арыкъ къуажэм щыщщ. 6. АфӀэунэ Лиуан Къулъкъужын къуажэм къыщалъхуащ. 7. КӀуантӀэ Ӏэзид Дейскэ къуажэм щыщщ.

**7.** Фи къуажэдэсхэм щыщу Хэку зауэшхуэм лӀыхъужьыгъэ щызезыхьахэм я цӀэ-унэцӀэхэр фтхы.

Ди Хэкур, ди щхьэхуитыныгъэр тхуэзыхъума адыгэлӀ хахуэхэр зыщывмыгъэгъупщэ.

**8.** Фыкъеджэ.

Еуэри зы Бжэныжь псэут. Бжэныжь чыцӀ цӀыкӀуищ щӀэст. ЧыцӀ нэхъыжьыр натӀэхути Бжэныжь абы НатӀэху фӀищат. Курыт лъакъуэху цӀыкӀум анэр ЛъакъуэхукӀэ еджэрт. ЧыцӀхэм я нэхъыщӀэр къуэлэнт, арат и кӀасэ цӀыкӀум Бжэныжь Къуэлэн щӀыфӀищар.

Абыхэм я унэр Ӏуащхьэныкъуэ лъапэ щӀэтт. Бжэныжьыр пщэдджыжь къэскӀэ Ипщэ Банэ кӀуэрти ехъурт, ешхэрт. Пщыхьэщхьэ зэрыхъуу шэр и шхуэлым изу къихьырти, къэкӀуэжырт.

1. КъифтхыкӀ.

2. Фигу къэвгъэкӀыж псэущхьэхэм зэреджэ цӀэхэм я тхыкӀэр.

3. Хьэ, джэду, шкӀэхэм фӀэтщ хъуну цӀэхэр къэвгупсыси фтхы.

4. Ӏуащхьэныкъуэ, Ипщэ Банэ – псалъэхэр хьэрфышхуэкӀэ къыщӀегъэжьам и щхьэусыгъуэр къыжыфӀэ.

5. Фи къуажэм пэгъунэгъу щӀыпӀэхэм я фӀэщыгъэцӀэхэр къафщӀи фтхыж.

6. Мы пычыгъуэр зыщыщ адыгэ таурыхъым и фІэщыгъэцІэр фтхы. Иджыри сыт хуэдэ таурыхъхэм я фІэщыгъэцІэхэр фщІэрэ?

**9.** Зыхущыщlэ псалъэхэр хэвгъэувэжурэ еджакlуэм и тхыгъэм фыкъеджи къифтхыкІ. Хьэрфышхуэкlэ кърагъажьэ псалъэхэр зы екъуа занщІэкІэ щІэфтхъэ.

Ди Республикэм зэреджэр Къэбэрдей-Балъкъэрщ. Ди къалащхьэр … . Нэгъуэщl къалэхэри дилэщ: Нарткъалэ, … , … , … , … , … , … .

Ди щlыгум щожэх къуршыпс уэрхэу Тэрч, … , … , … , … .

ЛъагапІэм утету уплъэмэ, ди щІы гъунапкъэм зыщызыlэт … бгы лъагэр уолъагъу.

Нэгъуэщl псалъэхэу хьэрфышхуэкlэ кърагъажьэхэр фигу къэвгъэкlыж. *Уэр* псалъэм къикlыр къыжыфlи мыхьэнэкlэ къыпэщlэуэ псалъэ къэфхь.

**10.** Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуахэм я фІэщыгъэхэр къыжыфІэ.



Предметхэм я фӀэщыгъэхэм, зэрекӀунум хуэдэу, мы псалъэхэр щӀывгъу: *дагъэ, чэсыргей, щабэ, цӀыкӀу, псынщӀэ.*

Псалъэ къэс щӀыбгъу хъуну нэгъуэщӀ псалъэхэр къевбжэкӀ. Псалъэ гуп къэс зы псалъэкӀэ зэфхъуэкӀ, псалъэм папщӀэ, мыпхуэдэу: *Бостейр, джэдыгур, ӀэлъэщӀыр, ... — щыгъынщ.*

| бостéй |
|---|

**11.** Псалъэхэр къэвгъэсэбэпурэ псалъэуха зэхэфлъхьэ.

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: *нобэ — нобэрей. Нобэрей махуэр Ӏуэхуншэу згъэкӀуэнкъым.*

| | |
|---|---|
| дыгъуасэ | пасэ |
| нобэ | иджы |
| дыгъуэпшыхь | нышэдибэ |

● Жыгхэм я фӀэщыгъэцӀэу щырыщ фтхы, псалъэ къэс хьэрф **й** хэту.

**12.** Фыкъеджэ. Псалъэхэр къэвгъэсэбэпурэ упщӀэхэм я жэуапыр фтхы.

Кхъужьей, уэздыгъей, псей, жыгей, мыӀэрысей, тхуей, дей, пхъэгулъей, мей, балией, бжей.

1. Сыт хуэдэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр къыщыкӀрэ жыг хадэм?

2. Сыт хуэдэ жыгхэр къыщыкӀрэ мэзым?

3. Сыт хуэдэ жыгхэм унэлъащӀэ къыхащӀыкӀрэ? Адэанэхэр зыдэвгъэӀэпыкъуурэ жэуапыр къафщӀэ.

Псалъэхэм мыпхуэдэу фыкъеджэж: *кхъужьей — кхъужьеи*.

**тхуе́й**

▲ **13.** Псалъэхэр къэвгъэсэбэпурэ хъыбар кӀэщӀ зэхэфлъхьи фтхы. Хьэрф **й** зыхэт псалъэхэр зы екъуа занщӀэкӀэ щӀэфтхъэ.

Гъатхэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэ, псори, шейнык, дадэ, дыгъуасэ, псей, уэздыгъей, дей, зэгъусэу, Хьэсэнбий, Мусэбий, хэсэн, мыгувэу, заужьащ.

● Сыт къэкӀыгъэр зи сэбэпыр?
Дауэ хъумэн хуей жыгхэр?

**14.** Псалъэхэм тэмэму фыкъеджи точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей хьэрфзешэр къэфпщытэ.

З э р ы г ъ у э з э н   щ а п х ъ э: *къалэ́щӀэ — къа́лэ*.

Къ.лэщӀэ, къу.жэщӀэ, гъ.щӀэщӀэ, м.зэщӀэ, ф.щэщӀэ, лъ.псэщӀэ, н.щэщӀэ, ш.тэщӀэ, кӀ.гуэщӀэ, пщ.мпӀэщӀэ.

● ЦӀыхур зыщыпсэу, щыгъын къызэрыкӀ псалъэхэр гуп-гупурэ къыхэфх.

ЗэкӀуну псалъэхэм *щӀэ*-м и пӀэкӀэ *жьы* пывгъэувэурэ къэфпсэлъ. Абыхэм къызэрапщытэ псалъэ къахуэфхь.

**15.** Фыкъеджэ. Къызэрапщытэ псалъэхэмкIэ точкэхэм я пIэкIэ щытын хуей хьэрфзешэр къафщIэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *гъащIэ́фI — гъа́щIэ*.

Гъ.щIэфI, **х.бзэфI**, лъ.гъуэфI, лъ.псэфI, х.дэфI, н.щэфI, къу.жэфI, **щI . лэфI**.

● *ФIы* псалъэм и пIэкIэ *щIэ* псалъэ пывгъэувэурэ псалъэхэм фыкъеджэж. Абыхэм я тхыкIэри къафщIэ. Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.

**16.** ЕхыгъуитIу къэхьа псалъэхэм *кIэ, щIэ* псалъэхэр пывгъэувэ. Точкэхэм я пIэкIэ щытын хуей хьэрфзешэр къэфпщытэ.

КъифтхыкI. Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *къуа́жэ — къуажэ́щIэ*.

| | |
|---|---|
| **къу.жэ** | **лъ.гъуэ** |
| гъ.тхэкIэ | ад.къэщIэ |
| м.зэ | лъ.псэ |

▲**17.** Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуа предметхэм я фIэщыгъэхэр, скобкэхэм дэт псалъэ Iыхьэхэр пывгъэувэурэ, къифтхыкI. Къызэрапщытэ псалъэхэр къэфхь.



(-*шхуэ*, -*ншэ*)



(-*шхуэ*, -*ншэ*)



(-*шхуэ*, -*ншэ*)

● Псалъэхэм хэт макъзешэ **а**-р **э**-уэ къыщапсэлъым и деж, фтхыну хьэрфыр къэфщIэн папщIэ, сыт фщIэн хуейр?

Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуа Iэмэпсымэхэмкlэ ящIэр, фэри фщIэфыр къыжыфIэ.

**18.** УпщIэхэр къэвгъэсэбэпурэ псалъэхэм фыкъеджэ, **у**-м и пэкlэ зэпэщIэзыхь **ы** зыхэтын хуей псалъэхэр къэфхутэ.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Сыту? | пхъэгулъ.у<br>бэкхъ.у<br>купкъ.у<br>къуаргъ.у<br>кхъухь.у<br>щэкI.у<br>кхъужь.у | Дауэ? | **хуэсакъ.у**<br>**жьгъыжьгъ.у**<br>щхъыщхъ.у<br>зэпрыкI.у<br>зэкIуж.у<br>зэблих.у |

● Къыхэгъэща псалъэхэр, зэрехьэкlын хуейм хуэдэу, зэпывуд, макъхэу яхэтыр къевбжэкI, псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

Сытым хужыпIэ хъуну **мэжьгъыжьгъ, мэщхъыщхъ**?

*Хуэсакъыу* псалъэм мыхьэнэкIэ къигъунэгъу псалъэ къэфхь.

**19.** **У** япывгъэувэурэ псалъэхэм фыкъеджэ. Язынықъуэ псалъэхэм зэпэщIэзыхь **ы** хэгъэувэн щIыхуейр къыжыфIэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *зэпрытхуу — зэпрытхыу*.

Зэпрытху – зэпрытх, щиху – щих, диху – дих, къикIу – къикI, сэху – сэх, къуагъ – къуэгъу, мэкъу – макъ.

Лъэхъу, пырхъ, бэкхъ, лётчик, лъэгу, гъуэг, лъэпэд, уэншэку, еплъ.

● *Сэху, сэх* псалъэхэм къарыкIыр къафщIэ. Псалъалъэм феплъ, нэхъыжьхэм феупщI.

**уэншэ́ку**

*Уэншэкум* нэмыщI, фызыщыгъуазэ тепIэнщIэлъыныр къевбжэкI.

**20.** Скобкэхэм дэт псалъэхэм **у** пывгъэувэурэ псалъэухахэр къифтхыкI. Зэпэщlэзых **ы**-р щIэфтхъэ. Точкэхэм я пIэкIэ хьэрфхэр псалъэхэм хэфтхэж.

1. ЕгъэджакIуэр щыпсалъэкIэ, *(щэху)* едэIуэн хуейщ. 2. Си къуэш нэхъыжьыр еплI.нэ клас.ым щоджэ. Ар *(егугъу)* йоджэ. 3. Ди унэм *(балигъ)* щIэсыр псори жыджэру щIым йолэжь. 4. Пограничникхэм ди къэрал гъунап.къэхэр *(сакъ)* яхъумэ.

● *Жыджэру* псалъэм къикIыр къафщIи абы мыхьэнэкIэ къыпэщIэуэ псалъэ къэфхь.

**21.** Псалъэухахэр къифтхыкI, точкэхэм я пIэкIэ, здыхуейм деж, щытыпхъэ хьэрфхэр хэвгъэувэжурэ.

Ди Хэку.р сыт хуэдэ хъугъуэфIыгъуэкIи къуле.щ. Ди къэралым лъэпкъ.у ис псори фIыуэ зэролъагъу. Дэтхэнэ лъэпкъми лъэкI.у хъуар и Хэку.м хуещIэ. Ди Хэку.м и ехъу.лIэныгъэхэм щIэх-щIэх.у щыгъуазэ зыдощI.

● *Къулейщ* псалъэр нэгъуэщIу дауэ жыпIэ хъуну? Абы мыхьэнэкIэ къыпэщIэуэ псалъэ къэфхь.

Хэкум и ехъулIэныгъэм хуэлажьэ цIыху гуащIафIэхэм ятеухуауэ псалъэуха зэхэфлъхьэ.

## 2. Макъ дэкIуашэхэр

▲ **22.** Псалъэхэм тэмэму фыкъеджэ.

Къэ**б** – къэ**п**, <u>ва**г**ъуэ</u> – <u>**ф**агъуэ</u>, **ж**эщ – **ш**эщ, е**з** – е**с**, **Г**улэ – **К**улэ, ма**д**э – ма**т**э, мэ**гъу** – мэ**хъу**, е**л**э – е**лъ**э, къа**дж**э – къа**ч**э, Iэ**д**э – Iэ**т**э, Iэ**з**э – Iэ**с**э, гъа**гъ**э – гъа**хъ**э, <u>ма**жь**э</u> – <u>ма**щ**э</u>, къуэ**ж** – къуэ**ш**, лъа**г**э – лъа**х**э.

● Къыхэгъэща хьэрфхэмкIэ къагъэлъагъуэ макъхэр сыт хуэдэ – макъзешэ хьэмэрэ макъ дэкIуашэ?

Дауэ къывгурыIуэрэ *фагъуэ* псалъэр? *Лъахэ* псалъэм мыхьэнэкIэ къигъунэгъу псалъэ къэфхь.

ЩIэтхъа псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

**23.** Псалъэхэм фыкъеджэ.

Я**жь**э – я**щ**э, е**жь** – е**щ**, **жь**акIуэ – **щ**акIуэ, къа**ж**э – къа**ш**э, **ж**ыр – **ш**ыр, хьэ**в**э – хьэ**ф**э, **б**гы – **п**хы, дэ**гу** – дэ**ку**, **дж**ей – **ч**ей, **г**ын – **х**ын, **дз**ы**дз**э – **Ц**ы**ц**э.

● Къыхэгъэбелджылыкла хьэрфхэмкIэ къэгъэлъэгъуа макъ дэкIуашэхэу псалъэ зэдзылIахэм хэтхэр я къэпсэлъыкIэкIэ зэфлъыт.

Псалъэхэм **хэт?**, **сыт?** упщIэхэр яхуэвгъэув.

Зэфлъыта макъ дэкӀуашэхэм ящыщу дэтхэнэм щӀэжьыуэ щӀэт, дэтхэнэра зыщӀэмытыр?

Ар мыпхуэдэу къэфщӀэфынущ. Фи тхьэкӀумэхэм фи Ӏэгухэр Ӏуфлъхьи макъхэр гъуэрыгъуэурэ вгъэӀу. Макъым щӀэжьыуэ щӀэтмэ, ар макъ дэкӀуашэ *жьгъыжьгъщ.* Макъым щӀэжьыуэ щӀэмытмэ, ар макъ дэкӀуашэ *дэгущ.*

**24.** Псалъэхэм фыкъеджэ. Фтхы. КъыхэгъэбелджылыкӀа хьэрфхэмкӀэ къэгъэлъэгъуа макъхэр жьгъыжьгърэ дэгуу зэхэвгъэкӀ.

Са**б**э – са**п**э, **гу**псэ – **ку**псэ, къо**в**э – къо**ф**э, къо**джэ** – къо**чэ**, **дз**ыгъуэ – **ц**ыгъуэ, е**д** – е**т**, е**ж** – е**ш**, мэ**гъу** – мэ**хъу**, **З**арэ – **С**арэ, **дж**эд – **ч**эт.

*Гупсэ, купсэ* псалъэхэм къарыкӀыр къафщӀэ псалъалъэмкӀэ.

*Джэшым* къыхащӀыкӀ шхыныгъуэхэр фи анэшхуэхэм жевгъэӀэ.

**джэш**

**25.** Псалъэхэм я тхыкӀэр псалъалъэмкӀэ къафщӀи тэмэму фыкъеджэ. Макъ дэкӀуашэ *жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ* къызэрыгъэлъэгъуа хьэрфхэр щӀэфтхъэурэ къифтхыкӀ.

Бг.рыпх, хьэнд.рабгъуэ, д.мэкъуэ, ф.лъыркъэб, ф.тыджэн, бдзэкъу.нтх, же.бащхъуэ, къуе.щӀе., б.стей, б.лътоку, зэщӀохъае, б.лыджэ.

● *Зэщlохъае* псалъэр, зэрефхьэкlын хуейм хуэдэу, зэпывуд. И lэфlагъ-дыджагъкlэ сыт хуэдэ *балыджэр*?

**балы́джэ**

**26.** Усэ едзыгъуэм гъэхуауэ фыкъеджэ, унэм гукlэ щызэвгъащlэ. Макъ дэкlуашэ жьгъыжьгъ къызэрыгъэлъэгъуа хьэрфхэр зы екъуакlэ, дэгу къызэрыгъэлъэгъуахэр екъуаитlкlэ щlэфтхъэ.

## Бжьыхьэ

Къуаргъхэр зэрызохьэ,
Кърухэр мэлъэтэж.
Пшэхэм я кlэ къуагъым
Дыгъэр къуолъэдэж.

*Афlэунэ Лиуан*

● Псалъэуха дапщэу зэхэт усэ едзыгъуэр?
Гъэм и зэманхэр къифlуэ, дэтхэнэми хыхьэ мазэхэр къыжыфlэ.

Макъ дэкlуашэ жьгъыжьгъхэр къызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэр: *б, в, г, гу, гъу, д, дж, дз, ж, жь, з, л, м, н, р, й, у*.
Макъ дэкlуашэ дэгухэр къызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэр: *к, ку, кl, кlу, къ, къу, кхъ, кхъу, лъ, лl, пl, с, т, тl, ф, фl, х, ху, хь, хъу, ц, цl, ч, ш, щ, щl, l, lу*.

**27.** Фыкъеджэ. Псалъэ гуп къэс зы псалъэкIэ зэфхъуэкI. ЗэрызэфхъуэкIа псалъэхэр фтхы, хэт?, сыт? упщIэхэр яхуэвгъэувурэ.

IэкIэ мэкъу зэреуэ Iэмэпсымэ; мэкъу зэрызэтралъхьэ Iэмэпсымэ; ява щIыр зэрагъэщабэ Iэмэпсымэ; пхъэ зэракъутэ Iэмэпсымэ; унэ лъэгур зэрапхъэнкI; пIастэ, мырамысэ зэрапщ Iэмэпсымэ; щIыфэ пцIанэр зыс удз; сымаджэм еIээ цIыху; щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэ; бдзэжьей зэрещэ.

**бэла́гъ**

▲ **28.** Тхыгъэм фыкъеджи къиIуатэр къыжыфIэж.

## Ди унагъуэр

Ди унагъуэр **унагъуэшхуэщ**. Дэ блы дохъу. Си **анэшхуэри** си **адэшхуэри** ди гъусэу допсэу. Сэ дэлъхуитI сиIэщ. Си анэмрэ си адэмрэ мэлажьэ. Сэ ещанэ классым сыщоджэ. Си дэлъхуитIыр еджапIэ нэхъыщхьэ щIэсщ. Си анэшхуэр IэфIу **тхуопщафIэ**. Дадэ таурыхъ куэд ещIэ, сэ ахэр къызжеIэж.

Дэ дызэгурыIуэу допсэу.

Мис аращ унагъуэ насып жыхуаIэр!

● Къыхэща псалъэхэр къифтхыкIи хьэрф дэкIуашэхэр екъуаитIкIэ щIэфтхъэ.

**Жьым еубзи, щIэр къащтэ.**

**29.** Псалъэхэр къэвгъэсэбэпурэ псалъэухахэр нэфтхысыж. Точкэхэм я пlэкlэ щытын хуей хьэрфхэр псалъалъэмкlэ къафщlэ. Къыхэгъэщхьэхукlа псалъэхэм щыдгъэlу макъ дэкlуашэхэм жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ къыщывгъэлъагъуэ. Псалъэхэм упщlэ яхуэвгъэув.

**Б.лагъ**, къ.щыкъ, **п.ртфель**, б.лыджэ, б.лией, б.щлъыкъ, **къ.птал**, кl.ртlоф, **бдзап.цlэ**, хъ.уан, джэш, б.стей, б.лътоку, б.быщ, ф.тыджэн, б.нзин, бзиху, **тхуей**.

Щlыдагъэм къыхащlыкl:
Хадэхэкl къэкlыгъэхэщ:
Жыг лъэпкъхэщ:
Щыгъын лlэужьыгъуэхэщ:

● *Хадэхэкl* псалъэм щыдгъэlу япэ макъзешэ **э**-р хьэрфзешэ **а**-кlэ къыщlэгъэлъэгъуар къыжыфlэ.

**30.** Фыкъеджэ. Псалъэ зэдзылlаитl къэс хьэрф дэкlуашэхэмкlэ къыщыгъэлъэгъуа макъ дэкlуашэхэр жьгъыжьгърэ дэгуу зэхэвгъэкlи къыщыхъу щlыпlэкlэ зэфлъыт.

1. **б**о  иревъа**в**э  лъа**г**э  щхьэ**ку**
   **п**о  иревъа**ф**э  лъа**х**э  щхьэ**гу**

   **б**гъэ  **гъу**агъуэ
   **п**хъэ  **хъу**ахъуэ

2. **д**анэ  **дж**ын  **Дз**адзу  къэ**ж**  е**жь**э
   **т**анэ  **ч**ын  **Ц**ацу  къэ**ш**  е**щ**э

**Хэт?** упщӀэр зыхуэув псалъэхэр къэвгъуэт.

**Зэгуэгъу** *макъ дэкӀуашэ жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ* **къызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэр:**

*Жьгъыжьгъхэр*: б, в, г, гу, гъ, гъу, д, дж, дз, ж, жь, з, л.
*Дэгухэр*: п, ф, х, ку, хъ, хъу, т, ч, ц, ш, щ, с, лъ.

**Гуэгъу** *зимыӀэ макъ дэкӀуашэхэр* **къызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэр:**

*Жьгъыжьгъхэр*: м, н, р, й, у.
*Дэгухэр*: къ, кхъ, кхъу, ху, хь.

**31.** Псалъэжьхэм фыкъеджэ. Къыхэгъэща псалъэхэр, зэрехьэкӀын хуейм хуэдэу, зэпывуд.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *нэ-мыс, бжьы-хьэ-щи*

1. **Нэмыс зиӀэм** насып иӀэщ. 2. **Нэхъыжьыр** бгъэлъапӀэмэ, уи **щхьэ** лъапӀэ хъунщ. 3. **Улажьэмэ**, лыжь **пшхынщ**. 4. Ӏэтащхьэ **плъагъумэ, бжьыхьэщи**, щынащхьэ плъагъумэ, гъатхэщ.

Макъ дэкӀуашэ жьгъыжьгъ къызэрагъэлъагъуэ хьэрф дэкӀуашэхэм я гуэгъухэр къыжыфӀэ:

| гъ | гъу | д | дж | дз | жь |
|---|---|---|---|---|---|
| ... | ... | ... | ... | ... | ... |

**32**. УпщIэхэмкIэ хъыбар кIэщI зэхэфлъхьэ.



1. Гъэм и сыт хуэдэ зэмант? Махуэр сыт хуэдэт?
2. Дэнэ цIыкIухэр матэхэр яIыгъыу здэкIуэр?
3. Сыт абыхэм мэзым щалъэгъуар, щащIар?
4. Дэнэ цIыкIухэм зыщагъэпсэхуар?
5. Сыт щыгъуэ ахэр унэм къыщыкIуэжар?

● Дауэ мэзым зэрыщӀэтын хуейр?

**33.** Фыкъеджи къифтхыкӀ. Точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей псалъэхэмрэ хьэрфхэмрэ хэвгъэувэ.

1. Сыт зэман къу.жэдэсхэр ... щыдэкӀыр *факӀуэ*
2. Си шыпхъум ида б.лътор ... дыдэщ. *вакӀуэ*

3. Дохутырыр хуэсакъ.у зэӀэза сымаджэр .... *гъужащ*
4. Псы ирикъуу зымыгъуэта къэкӀыгъэхэр .... *хъужащ*

5. Ди унагъуэ хадэм ... бэгъуа къыщыдгъэкӀащ. *къэп*
6. Сыт цӀыхум ... щӀызэрихьэр *къэб*

● Я къэпсэлъыкӀэкӀэ сыт хуэдэ япэ, еханэ псалъэухахэр? Хуэфащэ нагъыщэхэр вгъэувыж. Псалъэухахэм хэвгъэувэжа псалъэхэм яхэт хьэрфхэм щыщу макъ дэкӀуашэ дэгу къэзыгъэлъагъуэхэр екъуаитӀкӀэ щӀэфтхъэ.

НэгъуэщӀу дауэ жыпӀэ хъуну *факӀуэ* псалъэр?

## 3. Макъ дэкӀуашэ пӀытӀахэр

*КӀ, кӀу, къ, къу, лӀ, пӀ, тӀ, фӀ, цӀ, щӀ, Ӏ, Ӏу*-хэр макъ пӀытӀа къызэрагъэлъагъуэ хьэрф дэкӀуашэхэщ. Макъ пӀытӀахэр макъ дэкӀуашэ дэгущ.

▲ **34.** Точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей хьэрфхэр псалъалъэмкӀэ къафщӀэ. Фыкъеджэ. Макъ пӀытӀахэр къызэрыгъэлъэгъуа хьэрфхэр къэвгъуэт.

Хьэ.фӏанэ, лошкӏэ, ӏункӏыбзэ, фӏ.мыщӏ, н.пэӏэлъэщӏ, кӏ.ртӏоф, къу.лыкъу, б.щлъыкъ, къ.птал, ткӏыбжь, пкӏауэ, къ.нжал, кӏ.стум, елыркъэш, бдза.цӏэ, птулъкӏэ, ӏыхьлы, щакӏуэ, лӏыгъэ, гъ.ункӏыфӏын.

Къэкӏыгъэ къызэрыкӏ псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ. Сыт хуэдэ упщӏэ яхуэдгъэуврэ а псалъэхэм? Сытым щхьэкӏэ жыпӏэ хъуну *ткӏыбжь*? Сыту пӏэрэ *щакӏуэм щакӏуэкӏэ* щӏеджэр?

| ткӏыбжь | | къэнжа́л |
|---|---|---|

**35.** Точкэхэм я пӏэкӏэ зыхуеину псалъэхэр хэвгъэувэурэ фыкъеджэ. Макъхэу **пӏ, тӏ** къызэрыгъэлъэгъуа хьэрфхэр щӏэфтхъэурэ къифтхыкӏ.

1. Щӏэнычгъэ куу бгъуэтын ..., еджэныгъэм ерыщу упэщӏэтын хуейщ. 2. Укъызыхэкӏа уи ... фӏыуэ лъагъу икӏи гъэпэж. 3. Мамырыгъэм и телъхьэ псори дэ ... . 4. Уи псалъэм зэи ... .

Псалъэ къэгъэсэбэпыпхъэхэр: *къыткъуэтщ, уемыпцӏыж, папщӏэ, лъэпкъыр.*

> Макъ пӏытӏаитӏ зы псалъэм щызэкӏэлъыкӏуэнкӏэ мэхъу. А макъитӏым щыщу япэ дгъэӏу *пӏ, тӏ*-хэр *п, т* хьэрфхэмкӏэ къагъэлъагъуэ: *пщӏащэ, ткӏуэпс, лъэпкъ, пцӏащхъуэ.*

*Ерыщу, уемыпцlыж* псалъэхэм мыхьэнэкlэ гъунэгъу къахуэхъу псалъэхэр къэфхь.

**36.** Псалъэжьхэм фыкъеджи фтхы. **П, т** хьэрфхэмкlэ къэгъэлъэгъуа макъ пlытlахэу **пl, тl** зыхэт псалъэхэр псалъэухахэм хэвгъэувэ. А макъхэр къызэрыгъэлъэгъуа хьэрфхэр щlэфтхъэ.

1. Псалъэм и пэр умыщlэу и кlэр … . 2. Псалъэм … щlатыркъым. 3. Мафlэр ягъэункlыфlын …, псы къабзэ къалъыхъуэркъым. 4. Балий хадэ уиlэмэ, бжэндэхъур зищlысыр … . 5. Нэмыс …, уи щхьэщ зыхуэпщlыжыр. 6. Умыщlэм … емыкlукъым.

Зэрыгъуэзэн хуей псалъэхэр: *п.щlэнукъым, пап.щlэ, п.щlымэ, ущlэуп.щlэныр, къэп.щlэнщ, пщlэ.*

Уэри псалъэжьитl къэгупсыси тхы.

**гъэункlыфlы́н**

**37.** Фыкъеджэ. Къифтхыкl. **Пl, тl** макъхэр къызэрыгъэлъэгъуа хьэрфхэр къыхэгъэщхьэхукlа псалъэхэм щыщlэфтхъэ.

1. Тхылъыр уи lэпэгъумэ, умыщlэ куэд **къэпщlэнущ. Пцlым** лъакъуэ щlэткъым. 2. **Пщlийр** бжей жыгым къыпокlэ. 3. Фlы **пщlамэ,** гур мэпсэху. 4. **Пцlыр** ныбжьэгъу гъэкlуэдщ. 5. Экскурс дыщыкlуам гъэщlэгъуэн куэд **къэтщlащ**. 6. Си **упщlэм** жэуап тэмэм къептащ. 7. **Пщlыр** гугъэзагъэу щlы. 8. **Пцlащхъуэ** цlыкlухэр нэхъ пасэу хуабэ

щIыпIэхэм мэлъэтэж. 9. КIэпхъ цIыкIум дэ **купщIэр** Iэзэу кърех.

**38.** Точкэхэм я пIэкIэ, щытын хуеймэ, езэгъыну хьэрфхэр хэфтхэж.

1) Б.лыджэ, **б.лагъ**, бдзап.цIэ, п.кIауэ, гъ.ункIыфIын, фI.мыщI, с.лам, п.цIанэ, лъап.цIэ, нэп.къпэп.къ, Iу.нкIыбзэ, къ.лэн, **птулъкIэ**, кI.пIынэ.

2) Гъэмахуэм гуп.кIэ жьауэри унэщ. Дыжэф п.цIанэ хъуркъым. Iуэху п.щIыр Iуэху мэхъу. Дзы зыфIэпщ дзы къып.фIещыж.

Псалъэжьхэр къызэрывгурыIуэр къыжыфIэ. Къыхэгъэбелджылыкlа псалъэхэр, зэрехьэкIын хуейм хуэдэу, зэпывуд. А псалъэхэм упщIэ яхуэвгъэув.

| кIапIы́нэ |
|---|

**Адыгитl зэхуэзэмэ, япэу сэлам зытыр нэхъыщIэр арщ.**

**39.** Фыкъеджэ. Макъ дэкIуашэ пIытIа къэзыгъэлъагъуэ хьэрф зыхэт псалъэхэр къыхэфтхыкI.

## ХадэхэкI

Дэ хадэшхуэ диIэщ. Абы и ныкъуэм жыг итщ. Адрей ныкъуэм хадэхэкI щыдогъэкI. ХадэхэкIым хохьэ: помидор, нащэ, пхъы, жэгундэ, кIэртIоф, къэбыстэ, нэгъуэщI-

хэри. Ахэр пшхыну гурыхьщ, къэуатщ, узыншагъэмкӀэ сэбэпщ.

Хадэхэкӏыр тэмэму зепхьэмэ, бэвагъышхуэ къыует. Ар бжьыхьэм къэрахьэлӏэж, зыхуей хуэзауэ щӏымахуэм хуагъэтӏылъ.

Хадэхэкӏыр шхыныгъуэ хьэлэмэтщ.

Сыт хуэдэ хадэхэкӏ иджыри фщӏэрэ? Къыжыфӏэ: дэтхэнэ хадэхэкӏыр дауэ япщэфӏрэ?

## Упщӏэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ

1. Адыгэбзэм и макъхэр гуп дапщэу ягуэшрэ?
2. Макъзешэхэр вгъэӏу.
3. Макъ дэкӏуашэ зыбжанэ къэфпсэлъ.
4. Макъзешэхэмрэ макъ дэкӏуашэхэмрэ зэрызэщхьэщыкӏыр къыжыфӏэ.
5. Я къэпсэлъыкӏэ елъытауэ макъ дэкӏуашэхэр дауэ зэщхьэщыкӏрэ? Щапхъэ къэфхь.
6. **Къ, къу** хьэрфхэм я пэкӏэ **пӏ, тӏ**-уэ къыщапсэлъ макъ пӏытӏахэр сыт хуэдэ хьэрфхэмкӏэ къагъэлъагъуэрэ? Щапхъэ къэфхь.
7. *Хьэндырабгъуэ* псалъэр макъ, хьэрф ехьэлӏауэ зэпкъырыфхи фтхы.

**Акъылым и лъапсэр чэнджэщщ.**

**Акъылыр ящэркъым, къащэхуркъым, — зыхалъхьэ.**

**Акъыл зиӏэм шыӏэ иӏэщ.**

## 4. Ударенэ

▲ **40.** ХэӀэтыкӀауэ бгъэӀу хъуну пычыгъуэхэм макъыр теф-къуззэурэ къэфпсэлъ. Точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей хьэрфхэр псалъалъэмкӀэ къафщӀэ.

Псысэ, лошкӀэ, с.бий, б.лий, б.ракъ, къ.рал, б.лътоку, у.рам, бг.рыпх, къу.лыкъу, хъ.уан, хъ.рбыз, п.кӀауэ, къ.быстэ, б.лыджэ, ч.сыргей, пас.ажир, пэрыӀэбэ, Ӏу.нкӀыбзэ.

● Хадэхэкӏ къызэрыкӏ псалъэхэр къыхэфхи упщӏэ яхуэвгъэув.
Псалъэухаитӏым къыщыкӏуа *пэрыӏэбэ* псалъэр зэфлъыт: *Нанэ пэрыӏэбэ иӏыгъыу жьэгум дэст. Мафӏэм дзасэкӏэ пэрыӏэбэ.*

**бэльто́ку**

Псалъэм щыщу зы пычыгъуэр адрейхэм нэхърэ нэхъ хэкъузауэ къапсэлъ: *мэ-ла́-жьэ.*

*Дыгъэ* псалъэр пычыгъуитӏу зэхэтщ: *ды́-гъэ*. А тӏум щыщу япэ ит пычыгъуэ *ды*-р нэхъ хэкъузауэ къапсэлъ.
*Насып* псалъэри пычыгъуитӏу зэхэтщ: *на-сы́п*. А пычыгъуитӏым щыщу и ужь ит пычыгъуэ *-сып*-р нэхъ хэкъузауэ къапсэлъ.
*Гъатхэпэ* псалъэр пычыгъуищу зэхэтщ: *гъа-тхэ́-пэ*. А пычыгъуищым щыщу етӏуанэ пычыгъуэ *-тхэ*-р нэхъ хэкъузауэ къапсэлъ.

Псалъэм щыщу зы пычыгъуэр нэхъ хэкъузауэ къэпсэлъыныгъэм *ударенэкlэ* йоджэ.

Тхыгъэм ударенэр дамыгъэ цlыкlукlэ ( ´ ) къыщагъэлъагъуэ: *хьэндыра́бгъуэ.*

**41.** Псалъэхэр пычыгъуэурэ къэфпсэлъ. Макъзешэхэр щхьэхуэу вгъэlу. Дэтхэнэра нэхъ хэкъузауэ къапсэлъыр? Псалъалъэм фригъуаззэурэ дэгъэхуа хьэрфхэр дэфтхэж.

Ч.зу, у.рэд, б.щлъыкъ, б.быщ, емылыдж, п.ртфель, къ.щыкъ, пс.рылъэ, ш.нд.рхъуо, гу.лъытэ, у.гъурлы, жыlэдаlуэ, ч.сеипс, ш.псыранэ, н.пэlэлъэщl, х.хуагъэ, ч.сыргей.

Цlыхум и щытыкlэфl къызэрыкl псалъэхэр къыхэфх.

Щэкl лъэпкъыгъуэ къызэрыкl псалъэхэр къыхэфхи адэкlэ къыпыфщэ.

*Емылыдж* псалъэр, зэрехьэкlын хуейм хуэдэу, зэпывуд.

*Напэlэлъэщlым* апхуэдэу щlеджэм фегупсыс.

**42.** Пычыгъуэхэм псалъэ къахэфщlыкlи фтхы.

рам, уэ; тlоф, кlэр; щэч, теп; пцlэ, бдза; ракъ, бэ; джэ, лы, ба; lэ, пхъэ, щэ; **ны, щlэ, гъэ**; нэ, пlы, кlа; тхъу, бэ, рым; нэ, хьэм, фlа; пэ, на, lэ, лъэщl; ра, джы, нэ, фи; фэ, уа, гъуэ, гъуа; **щlэ, жы, lэ**; фэ, уа, хъуэпскl; ри, ба, нэ; блэ, щы; **пы, дэ, къуэгъу, lэ; шэ, пхъа.**

Псалъэхэм езэгъ **сыт?** е **сыт хуэдэ?** упщlэхэр яхуэвгъэув. Ду-

нейм и къэхъукъащIэ къызэрыкI псалъэхэр къыхэфх. *ЖыIэщIэ* псалъэм апхуэдэу щIеджэр къафщIэ. Къыхэгъэща пычыгъуэхэм къахэфщIыкIа псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.

**43.** Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуахэм я фIэщыгъэхэр къыжыфIэ. Ахэр пычыгъуэу вгуэш. Илъабжьэмкlэ къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, псалъэхэр гупитIу зэхэвдз. Ударенэр зытехуэ пычыгъуэр лъагэу вгъэIу.



Хьэкъущыкъухэр:
Щыгъынхэр:

● Сыт хуэдэ упщIэ хуэбгъэув хъуну мы псалъэхэм?

> Нэхъ хэкъузауэ къэтпсэлъ пычыгъуэм хэт макъзешэм *ударенэр зытехуэ макъзешэкIэ* йоджэ: лэжьа́-кIуэ, ис-лъэ-ме́й, бжьа-ми́й.

▲ **44.** Усэм гъэхуауэ фыкъеджэ, псалъэхэм ударенэ тевгъэувэ.

Анэш нанэ сыздишамэ,
Дадэ дыщэ, папэ, мамэ,
Ди мамыжьыр, ди къакъуийр,
Ди хьэ Мыщэ, ди балийр,
Ди бжэIупэр, ди дэшхуейр,
Ди мамкъутыр, ди кхъужьейр
Сигу къэкIакъэ – сыщIогъуэж,
Лъейуэ унэм сыкъокIуэж.

*АфIэунэ Лиуан*

**45.** Ударенэ зытехуэ макъзешэхэр Iупщly вгъэIуурэ псалъэхэм фыкъеджэ. Псалъэхэр я мыхьэнэкIэ зэфлъыт.

Къуа́жэкIэ – къуажэ́кIэ, да́мэкIэ – дамэ́кIэ, ба́жэкIэ – бажэ́кIэ, Iэ́нэкIэ – Iэнэ́кIэ, къуа́мэкIэ – къуамэ́кIэ, ада́къэкIэ – адакъэ́кIэ, та́нэкIэ, – танэ́кIэ, **а́хъшэм – ахъшэ́м, къа́лэкIэ – къалэ́кIэ.**

- Псалъэ зэдзылIахэр я мыхьэнэкIэ зэмыщхь зыщIыр сыт? Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

**46.** Фыкъеджэ. КъифтхыкI. Псалъэ къыхэгъэщахэм ударенэр тевгъэувэ.

1. ДызыхуэкIуэр **къуажэкIэ** къуажэщ, ауэ абы **къуажэкIэ** хуэхъунур дэнэкIэ? 2. Мыр **адакъэкIэ** адакъэщ, ауэ **адакъэкIэ** дахэ пыткъым. 3. Гуп иныр зы **IэнэкIэ** пхуэгъэнщIынкъым, **IэнэкIэ** лъысуи зыми фIэфIынкъым. 4. Мыр **бажэкIэ** бажэщ, ауэ **бажэкIэ** дахэ пыткъым.

Зэфлъыт: *БажэкIэр пщампIэ дэгъуэ мэхъу. Пабжьэм сыхыхьати, бажэкIэм сызэщIиблащ.*

КъуажапщэмрэкъуажэкIэмрэ зэрызэхагъэкIыр къафщIэ.

**47.** Хъыбарым фыкъеджэ, бжьыхьэм и нэщэнэу абы хэтыр къэвгъуэт.

## Бжьыхьэщ

Уэшх щIыIэ щабэ къошх.

Жьышхуэ къыкъуэуащ. Пхъэхуей къудамэхэр иутхыпщIащ, пщIащэ цIыкIухэри къыпиудащ.

Мурат жыг хадэм кIуащ. Жыг щIагъым тхьэмпэхэр щIэзщ. ПщIащэхэр гъуэжьщ, плъыжьщ, кхъуэщыныфэщ. Щхъуантlэу къызэтенар закъуэтIакъуэщ. Аращ бжьыхьэ жыхуаIэр.

*Тхьэмпэ* псалъэм мыхьэнэкIэ къигъунэгъу псалъэр хъыбарым къыхэвгъуатэ.

Планым фригъуазэурэ хъыбарыр Iыхьищу вгуэш. КъифтхыкI. Ещанэ Iыхьэм хэт псалъэхэм ударенэ тевгъэувэ.

1. Дунейм и щытыкIэр.
2. Пхъэхуейр.
3. Жыг хадэм.

### УпщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ

1. Сыт ударенэкIэ зэджэр?
2. Ударенэ зытехуэ пычыгъуэр дауэ къапсэлърэ?

3. Псалъэхэр пычыгъуэу вгуэш. Ударенэр тевгъэувэ: *зэхьэзэхуэ, тэрэзэ, Налшык, Iуащхьэмахуэ.*

4. Псалъэхэм фыкъеджэ, я мыхьэнэкIэ зэфлъыт: *къуáжэкIэ — къуажэ́кIэ.* Мыпхуэдэ псалъэ зэгуэгъухэр къэфхь. Ударенэм псалъэм хилъхьэр къыжыфIэ.

5. Псалъэхэм фыкъеджэ: *щакIуэхьэ, дахэкIей.* Мыпхуэдэ псалъэхэм я тхыкIэр тэмэму щытын папщIэ, дэIэпыкъуэгъу хъууэ пIэрэ ударенэр?

## 5. Пычыгъуэ, макъ, хьэрф ехьэлIауэ псальэр зэпкърыхыныгъэ

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *хадэбгъу.*

| | |
|---|---|
| 1. Псалъэм макъ, хьэрф бжыгъэу хэтхэр. | *Хадэбгъу* псалъэм макъых хэтщ: **х, э, д, э, б, гъу**. А макъхэр хьэрфихкIэ къэгъэлъэгъуащ: **х, а, д, э, б, гъу**. Макъ бжыгъэмрэ хьэрф бжыгъэмрэ зэхуэдизщ. |
| 2. Макъзешэхэмрэ ахэр къызэрыгъэлъэгъуа хьэрфзешэхэмрэ. | *Хадэбгъу* псалъэм хэтщ макъзешэхэу **э, э**. Ахэр хьэрфзешэ **а, э**-хэмкIэ къэгъэлъэгъуащ. |
| 3. Макъ дэкIуашэхэмрэ ахэр къызэрыгъэлъэгъуа хьэрф дэкIуашэхэмрэ. | *Хадэбгъу* псалъэм хэтщ макъ дэкIуашэхэу **х, д, б, гъу**. Абыхэм щыщу **х**-р макъ дэкIуашэ дэгущ, адрейхэр макъ дэкIуашэ жьгъыжьгъщ. Макъ дэкIуашэхэр **х, д, б, гъу** хьэрф дэкIуашэхэмкIэ къэгъэлъэгъуащ. |

| | |
|---|---|
| 4. Макъымрэ хьэрфымрэ щызэтемыхуэр. | Япэ макъзешэ **э**-р хьэрфзешэ **а**-кIэ къэгъэлъэгъуащ. Апхуэдэу щIыщытыр къызэрапщытэ псалъэкIэ къэпщIэфынущ: **ха́дэ — хадэ́бгъу**. |
| 5. Псалъэм пычыгъуэ бжыгъэу хэтыр. Абыхэм ящыщу ударенэр зытелъыр. | *Хадэбгъу* псалъэр пычыгъуитIу зэхэтщ. Ударенэр етIуанэ пычыгъуэм телъщ: **ха-дэ́бгъу**. |

▲ **48.** Сурэтхэр къэвгъэсэбэпурэ пычыгъуэхэм псалъэ къахэфщIыкI. Псалъэхэр пычыгъуэ, макъ, хьэрф ехьэлIауэ зэпкърыфх. Псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

фа

бгы

пы







рыпх

Iэ

щэ

**49.** Пычыгъуэхэр псалъэу зэпывгъэувэ. Ударенэр зытехуэ пычыгъуэр макъкIэ къыхэвгъэщхьэхукI.

къуэ, тхьэ, ры; гъэ, шыр, къа; жэ, къан; щIэ, къуан; гуш, гуэ; жьей, джэд; щэ, мы; гъужь, ды; жэ, ба; кIу, тхьэ, кIыхь, мэ; лъэн, ас; плъэн, къа; хуей, пхъэ; ды, гъей, уэз; гей, жы; мы, ры, сей, Iэ.

**уэздыгъе́й**

Псалъэхэр гупиплlу зэхэфтхыкl, гуп къэс зы псалъэкlэ зэфхъуэкlыурэ. Зэрызэфхъуэкla псалъэхэм упщlэ яхуэвгъэув. Ахэр макъ, хьэрф елъытауэ зэпкъырыфх.

**50.** Псалъэхэм фыкъеджэ. Язынықъуэ псалъэхэр епхьэкl щlэмыхъунур къыжыфlэ. Псалъэхэм упщlэ яхуэвгъэув.

Балыджэ, щlымахуэ, кхъужьей, пцlащхъуэ, джэд, уэздыгъей, джэдгын, пхъы, гъатхэ, щыблэ, бзугъуабжэ, уафэгъуагъуэ, бабыщ, бжьын, шыбжий, гъэмахуэ, кlей, адакъэ, уэшх, бжьыхьэ, бжэндэхъу, пхъэхуей, къаз, хьэрхьуп, жьапщэ, гуэгуш, къашыргъэ, бэдрэжан, мыщэхупщей, хьэщхьэтеуэ.

Псалъэхэр гупиблу зэхэвдзи гуп къэс къызэщlэзыубыдэ псалъэкlэ зэфхъуэкl. А псалъэхэм упщlэ яхуэвгъэув.

**хьэндыра́бгъуэ**

**51.** Хъыбарым псалъэухаурэ фыкъеджи къиlуатэр къыжыфlэж. Къифтхыкl, точкэхэр вгъэув. Къыхэгъэща псалъэхэр пычыгъуэ, макъ, хьэрф ехьэлlауэ зэпкъырыфх.

## Къаплъэн

Къаплъэныр хьэкlэкхъуэкlэ бзаджэщ ар чыцэхэм щызоуэ абы и фэр цыплъщ, кусэщ къаплъэныр жэщкlэ

мэщакӀуэ нобэ щыхь **къиубыдынщ, пщэдей** – мэзыкхъуэ хьэкӀэкхъуэкӀэ псори къаплъэным щошынэ.

Къаплъэныр джэду лъэпкъхэм ящыщ мэз псэущхьэщ абы и шырхэр шэкӀэ епӀ.

**щызо́уэ**

- *Щызоуэ* псалъэм къикӀыр къыжыфӀэ.
  Къаплъэным теухуауэ фэ фщӀэхэри къыжыфӀэ.

## 6. Псалъэр, псалъэ зэпыщӀар

▲ **52.** Псалъэухахэмрэ псалъэхэмрэ фыкъеджэ. КъыхэгъэбелджылыкӀа псалъэхэр я къэпсэлъыкӀэрэ я тхыкӀэкӀэ зэфлъыт. Точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей хьэрфзешэр къызэрапщытэ псалъэкӀэ къафщӀэ.

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: **(сыт?)** *хъар*, **(сыт хуэдэ?)** *щӀэ*; **(хэт?)** *усакӀуэ*, **(сыт хуэдэ?)** *щӀэ*.

Нартыхур тэмэму **гуащ**. УхуакӀуэхэм **гуэщ** дэгъуэ яухуащ.

Хъ.рыщӀэ, дж.нэщӀэ, ад.къэщӀэ, в.гъуэщӀэ, к.ртэщӀэ, п.ртэщӀэ, гъ.вэщӀэ, тх.кӀуэщӀэ, ус.кӀуэщӀэ, м.хуэщӀэ, къ.фэщӀэ.

● Сыт *хъарыр* зищӀысыр?

**53.** Фыкъеджэ. Точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей хьэрфзешэр къызэрапщытэ псалъэхэмкӀэ къафщӀэ.

КӀ.псэфӀ, щ.кӀуэфӀ, тх.кӀуэфӀ, гъ.вэфӀ, дж.нэкӀэ, къу.жэкӀэ, Ӏуд.нэкӀэ, м.зэкӀэ, гъэм.хуэкӀэ, гу.хъуэкӀ, н.щафэ, дз.сэпэ, дж.бащхьэ, къ.мэкӀ, жых.пхъэ, в.кӀуэлӀ, щӀ.кӀуэкӀэ.

Гъэм и зэман къызэрыкӀ псалъэхэр къыхэфхи адэкӀэ къыпыфщэ.

**54.** Фыкъеджэ. Къызэрапщытэ псалъэхэр ящӀывгъуурэ къифтхыкӀ. Ударенэ зытемыхуэ макъзешэ **э**-р къызэрыгъэлъэгъуа хьэрф **а**-м и лъабжьэм точкэ щӀэвгъэувэ, ударенэ зытехуэ макъзешэм и хьэрфым ударенэ тевгъэувэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *къамэ́фӀ — къа́мэ.*

Къ.мэфӀ, лэжь.кӀуэфӀ, ус.кӀуэфӀ, хьэмфӀ.нэфӀ, ш.тэкӀэ, къ.лэкӀэ, гъ.тхэкӀэ, ад.къэкӀэ, х.дэкӀэ, гъ.вэкӀэ, у.дэкӀ, м.стэпэ, у.шхэгъуэ, у.фэгу, д.мэпкъ, д.гъэкӀэ, Ӏу.щхьэпэ, бжь.къуэпэ.

**55.** Макъзешэ **э**-р къызэрыгъэлъэгъуэн хуей хьэрфзешэр къызэрапщытэ псалъэхэмкӀэ къафщӀэурэ псалъэхэр къифтхыкӀ.

Гу.хъуэкӀ, у.дэкӀ, м.стэпэ, н.щафэ, у.шхэгъуэ, у.фэгу, в.къэпэ, д.мэпкъ, д.гъэкӀэ, дз.сэпэ, дж.бащхьэ, Ӏу.щхьэпэ, къ.мэкӀ, жых.пхъапхъэ, бжь.къуэпэ, в.кӀуэлӀ, щӀ.кӀуэкӀэ.

● Псалъэ къэс къызытекӀа псалъэхэр щхьэхуэу къыжыфӀэ, псалъэм папщӀэ, мыпхуэдэу: **гуахъуэкӀ — гуахъуэ, кӀы**.

**56.** Псалъэ зэпыщӀахэм фыкъеджэ. Япэ ит псалъэхэм щхьэхуэу фыкъеджэж. Хьэрфзешэ **а**-мкӀэ къэгъэлъэгъуа макъыр тэмэму вгъэӀу.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *хадэ бэв — хадэ.*

Къуажэ клуб, къалэ уэрам, пщІантІэ хуит, щІалэ губзыгъэ, ус.кІуэ Іэзэ, щакІуэ бэлыхь, лъакъуэ псынщІэ, лэжьакІуэ пашэ, щІымахуэ уае, гъавэ бэв, джабэ задэ, бжьакъуэ папцІэ, мазэ ныкъуэ, пщамп!э дахэ, мастэ папцІэ.

● *Гъуэзэджэ* псалъэм мыхьэнэкІэ къигъунэгъу псалъэр къыхэфх.

Зэфлъыт: *Бажэм тхьэкІумэкІыхьым бэлыхь тригъэлъщ. Шыхъуэр шы бэлыхь тесщ.*

**57.** Псалъэ зэпыщІа къэс япэ итым хьэрфзешэ **а**-мкІэ къыщыгъэлъэгъуа макъзешэ **э**-р тэмэму вгъэІу. ИужькІэ а псалъэхэм фыкъеджэ.

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: *гуащэ дахэ — гуащэ.*

**ГъащІэ дахэ**, вагъуэ цІу, лъахэ бжьыфІэ, махуэ бзыгъэ, уэлбанэ нэужь, тафэ щхъуантІэ, **етІуанэ класс**, ещанэ къат, лъапсэ къекІу, гуащэ дахэ, хадэ бэгъуа, джанэ кусэ, бажэ фІыцІэ, уафэ джабэ, бэракъ плъыжь.

● Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.
*Лъахэ, хэку* псалъэхэр я мыхьэнэкІэ дауэ зэхущыт?
*Махуэ бзыгъэ* псалъэхэм къарыкІыр къыжыфІэ.

**бэра́къ**

**58.** Псалъэ зэпыщІахэм тэмэму фыкъеджэ, мыхьэнэкІэ къапэщІэуэ псалъэ зэпыщІахэр къахуэфхь. Точкэхэм я пІэкІэ щытын хуей хьэрфзешэр къызэрапщытэ псалъэкІэ къафщІэ.

Зэрытхын хуейр: *махуэ хуабэ — махуэ щӏыӏэ (ма́-хуэ).*

| | |
|---|---|
| м.хуэ хуабэ – | у.дэ хьэлъэ – |
| гъ.щӏэ тынш – | **дж.бэ лъагэ –** |
| гъ.тхэ пасэ – | къ.мэ дзагуэ – |
| **псалъэ гуапэ –** | кӏ.псэ кӏыхь – |
| щӏ.кхъуэ щабэ – | д.гъэ нур – |

Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.

*Гуапэ* псалъэм мыхьэнэкӏэ къигъунэгъу псалъэ къэфхь.

Псалъэхэм мыпхуэдэу упщӏэ яхуэвгъэув: **(сыт?)** *щӏакхъуэ*, **(сыт хуэдэ?)** *щабэ*.

Зэфлъыт: *щӏакхъуэ щабэ, псалъэ щабэ.*

> Псалъэ зэпыщӏам щыщу япэ итым щыдгъэӏу макъ э-р хьэрф *а*-кӏэ къыщӏэдгъэлъагъуэр къэтщӏэн папщӏэ, езы псалъэр щхьэхуэу къыдопсэлъыж: *махуэ уэфӏ — махуэ.*

**59.** Къуажэхьхэм фыкъеджи, ахэр зэвгъащӏэ. Точкэхэм я пӏэкӏэ щытын хуей хьэрфзешэр къэфпщытэ.

Ббгъэдэмыкӏ лъ.къуэ кӏыхь. *(Ныбжь).* Къэр.бэ плъыфэу уафэм едзэкӏа. *(Пшэплъ).* Дунейм тетым я нэхъ кӏыхь, п.бжьэ кӏырым къыхэмыщ. *(Гъуэгу).* Ун.щхьэ тхыцӏакӏуэу дзыгъуэ кӏуапӏэр зи гъуэгу. *(Джэду).*

Зи тхьэкӏумэр дзасэ,

Зи пэр сыринэ,

Зи нэр вагъуэ,
Мапкlэ, малъэ,
Мэбгъунлъэ, мэлъей. *(Тхьэкlумэкlыхь).*

**60.** Псалъэ зэпыщlахэм тэмэму фыкъеджэ. Точкэхэм я пlэкlэ щытын хуей хьэрфзешэр къэфпщытэ.

**Бл.гъэ** жыжьэ, **щl.лэ** lущ, **къу.жэ** щlыб, **лъ.гъуэ** бгъуфlэ, **м.фlэ** бзий, **м.хуэ** уэфl, **гъ.тхэ** гуапэ, **къу.цэ** гуэрэн, **еплl.нэ** класс, **ебл.нэ** ирикlуэгъуэ, **лъ.гэ** дыдэ, **д.хэ** цlыкlу, **гу.щlэ** дыдэ.

Къыхэгъэща псалъэхэр упщlэхэмкlэ зэхэвдз:

**сыт?**
**сыт хуэдэ?**
**едапщанэ?**

> Псалъэ зэпыщlахэм щыщу япэ итым къыщапсэлъ макъзешэ *э*-р хьэрфзешэ *а*-кlэ къыщlагъэлъэгъуар къызэрапщытэ псалъэкlэ къащlэ: *щlалэ lущ — щlалэ.*

**61.** Псалъэжьхэм фыкъеджи къарыкlым фегупсыс. Точкэхэм я пlэкlэ щытын хуей хьэрфыр вгъэувурэ къифтхыкl. Псалъэ зэпыщlахэм яужь къызэрапщытэ псалъэхэр скобкэхэм дэвгъэувэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *Гъатхэ уафэ (гъáтхэ) гъуанэщ.*

Гъ.тхэ уафэр гъуанэщ. Гъэм.хуэ тхьэмахуэр щӏым.-хуэ гъуэмылэщ. Зы бжьыхьэ махуэм щӏым.хуэ псо уегъашхэ. Пс.лъэ дахэм гуауэр пщегъэгъупщэ. Щӏ.кӏуэ ныкъуэщӏыр щыгъынкъым. М.фӏэ нэхур «благъэщ» жыпӏэу умыкӏуэ, хьэ б.нэ макъыр «жыжьэщ» жыпӏэу къыумыгъанэ. Х.бзэмыщӏэ емыкӏухьщ.

**Благъэ** псалъэм мыхьэнэкӏэ пэщӏэуэ псалъэр тхыгъэм къыхэвгъуатэ.

| хабзэмы́щӏэ |
|---|

**62.** Скобкэхэр къызэӏуфхыурэ, дэутӏыпщыкӏа хьэрфхэр дэвгъэувэжурэ псалъэхэр къифтхыкӏ. Къызэрапщытэ псалъэхэр къэфхутэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *лъагъуэщӏэ — лъагъуэ*.

Лъ.гъуэ *(щӏэ)*, щӏым.хуэ *(ку)*, дж.нэ *(щӏэ)*, б.жэ *(гъуэ)*, м.стэ *(нэ)*, х.дэ *(бгъу)*, щӏ.лэ *(фӏы)*, пс.лъэ *(щӏэ)*, м.зэ *(кӏэ)*, гъэм.хуэ *(пэ)*, едж.пӏэ *(щӏэ)*, къ.мэ *(дзэ)*, д.нэ *(плӏэ)*, м.жьэ *(дзэ)*, мэр.кӏуэ *(псы)*, гу.хъуэ *(кӏы)*, дз.сэ *(пэ)*.

Псалъэ зэпыувэхэр пычыгъуэурэ зэпывуди ударенэр зытелъ пычыгъуэр зэриух хьэрфзешэм гу лъыфтэ.

| напэӏэлъэ́щӏ |
|---|

**63.** Планымрэ псалъэхэмрэ фригъуазэурэ хъыбар зэхэфлъ-

хьи фтхы. Точкэхэм я пIэкIэ щытын хуей хьэрфзешэр къэфпщытэ. Псалъащхьэ хуэфщI.

1. Къуажэ щIалэ цIыкIухэр бдзэжьей ещэрт.
2. Зыпэмыплъа гужьеигъуэ.
3. ЩI.лэ цIыкIур щI.лэщIэм кърегъэл.

Къэгъэсэбэпын хуей псалъэхэр: *зэманкIэрэ щещэрт, тхьэмахуэт, зэгъусэу, нэпкъым тету, ехуэхри, зэрогъэкIий, блэкIырт, къыщищIэм, къыхихыжащ, сакъын хуейщ*. Нэгъуэщl псалъэхэри къэвгъэсэбэп хъунущ.

● **Э**-уэ дгъэIу макъыр хьэрф **а**-кIэ къызыщыгъэлъэгъуа псалъэхэм ударенэ тевгъэувэ.

бдзэкъу́нтх

## УпщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ

1. Псалъэхэм фыкъеджи абыхэм хьэрфзешэ **а** щIахэтыр къафщIэ: *щхъуантIэ, къабзэ, дахэ*.

2. Псалъэхэр тэмэму къэфпсэлъ: *щхъуантIащэ (щхъуэнтIащэ), къабзэкIей (къэбзэкIей), дахагъ (дэхагъ)*.

Мы псалъэхэм щыдгъэIу макъзешэ **э**-р хьэрфзешэ **а**-кIэ къыщIэгъэлъэгъуар къыжыфIэ. Нэгъуэщl щапхъэхэри къэфхь.

Хьэрфзешэ **а**-мрэ **э**-мрэ псалъэхэм щызэхэмыгъуэщэн папщIэ, сыт щIэн хуейр?

## 7. Ягъэбелджылы псалъэмрэ зыгъэбелджылы псалъэмрэ щызэдэщӀыгъукӀэ зэратхыр

**64.** УпщӀэхэр къэвгъэсэбэпурэ *щӀэ* псалъэр пывгъэувэ. Зыпыувэ псалъэр зэриух хьэрфзешэм гу лъыфтэ.

(**С ы т?**) бжэ – (**сыт хуэдэ бжэ?**) бжэщӀэ
(**С ы т?**) унэ – (**сыт хуэдэ унэ?**) ...
(**С ы т?**) лъагъуэ – (**сыт хуэдэ лъагъуэ?**) ...
(**С ы т?**) лъапсэ – (**сыт хуэдэ лъапсэ?**) ...
(**С ы т?**) фалъэ – (**сыт хуэдэ фалъэ?**) ...

Пывгъэува псалъэр пычыгъуэ дапщэ хъурэ?
Зэпыува псалъитӀым щыщу дэтхэнэра ягъэбелджылыр?
*УнэщӀэ, лъагъуэщӀэ, лъапсэщӀэ, фалъэщӀэ* псалъэхэм щыдгъэӀу макъзешэ **э**-р хьэрфзешэ **а**-кӀэ къыщӀэгъэлъэгъуар мыпхуэдэу къэфпщытэ: (**сыт?**) *фалъэ* – (**сыт хуэдэ?**) *щӀэ*.

**65.** УпщӀэхэр къэвгъэсэбэпурэ псалъэхэм *жьы* псалъэр япывгъэувэ. Пыува псалъэм и пычыгъуэ бжыгъэмрэ зэриух хьэрфзешэмрэ къэвгъэлъагъуэ. МыхьэнэкӀэ къыпэщӀэуэ псалъэ къэфхь.

Ӏуащхьэ (**сыт хуэдэ Ӏуащхьэ?**) ... (...)
къуажэ (**сыт хуэдэ къуажэ?**) ... (...)
мазэ (**сыт хуэдэ мазэ?**) ... (...)
уадэ (**сыт хуэдэ уадэ?**) ... (...)
гъавэ (**сыт хуэдэ гъавэ?**) ... (...)
Ӏэлъэ (**сыт хуэдэ Ӏэлъэ?**) ... (...)
усэ (**сыт хуэдэ усэ?**) ... (...)

*Жьы* псалъэм и пlэкlэ *фlы* псалъэр пывгъэувэурэ къэфпсэлъыж. Зэпыува псалъитlым зыгъэбелджылырэ игъэбелджылыуэ зэхэвгъэкlи япэ псалъитхум щыдгъэlу макъзешэ **э**-р хьэрфзешэ **а**-кlэ къыщlагъэлъагъуэр къафщlэ.

Зэпыува псалъитlым ящыщу иужь итыр зы пычыгъуэ фlэкlа мыхъурэ хьэрфзешэ *ы*-кlэ е *э*-кlэ иухмэ, зи гъусэ псалъэм пыту ятх: *къамэ, щlэ — къамэщlэ, щlалэ, фlы — щlалэфl*.

**66.** Псалъэхэр зэриух хьэрфхэр хьэрфзешэрэ хьэрф дэкlуашэрэ къафщlэ. Иужькlэ абыхэм *щlэ* псалъэр пывгъэувэ.

макъ (**сыт хуэдэ макъ?**) *макъыщlэ*
нал (**сыт хуэдэ нал?**) ...
тас (**сыт хуэдэ тас?**) ...
лъэпкъ (**сыт хуэдэ лъэпкъ?**) ...
жыг (**сыт хуэдэ жыг?**) ...
кlэртlоф (**сыт хуэдэ кlэртlоф?**) ...
гуэгуш (**сыт хуэдэ гуэгуш?**) ...
тыкуэн (**сыт хуэдэ тыкуэн?**) ...
лъэпэд (**сыт хуэдэ лъэпэд?**) ...
тхылъ (**сыт хуэдэ тхылъ?**) ...

*Щlэ* псалъэм и пlэкlэ *жьы, фlы* псалъэхэр вгъэувурэ къэфпсэлъ. Псалъитlыр щызэпыувэкlэ, я кум **ы** къыщlыдэувэр къыжыфlэ.

Япэ ит псалъищым хьэрфзешэ **а** щlыхэтыр мыпхуэдэу къэфпщытэ: *макъыщlэ — макъ*.

**тыкуэ́н**

**67.** Скобкэхэм дэт псалъэхэр псалъэухам хэвгъэувэжурэ къифтхыкӀ. Дэгъэхуа хьэрфхэр дэфтхэж.

Ди Республикэм и теплъэр кӀуэ пэтми нэхъ дахэ мэхъу. Ди къалэхэм, къуажэхэм ухуакӀуэхэм унэ *(фӀы)*, унэ *(щӀэ)* куэду щаухуэ. Унэ *(жьы)* закъуэтӀакъуэхэри екӀуу зэрагъэпэщыж.

Сым.джэщхэр инщ, нэхущ. Палатэ хуитхэм щӀагъэувэну гъуэлъыпӀэ *(щӀэ)*, тумбочкэ *(щӀэ)* куэду къащэхуащ. Школ дахэхэм я класс хуитхэм стӀол *(щӀэ)* фӀэкӀа, стӀол *(жьы)* щӀэплъагъуэркъым. Къуажэдэсхэм клуб *(щӀэ)* дахэм нэгузыужьу зэманыр щагъакӀуэ.

● Ди Республикэм теухуауэ фщӀэр къыжыфӀэ.

**68.** Псалъэхэм фыкъеджэ, ахэр зэпыщӀа зэрыхъуар къэвгъэлъагъуэ. Ягъэбелджылы псалъэмрэ зыгъэбелджылы псалъэмрэ къэвгъуэт.

Щынэл, былымыфэ, джэдыц, хъарбызыку, уэшхыпс, лъэпкъыцӀэ, дыгъужьыгу, унэхьэ, шэмэджыкӀ, **белыкӀ**, уадэкӀ, **сэхураныщхьэ**, бажэкӀэ.

● ПсалъитӀ зэпыувахэм хэт лъабжьэхэм яку **ы** къызэрыдэувэм, къыпыувэ псалъэр зэриух макъ **ы**-р зэрыпыкӀуэдыкӀым гу лъыфтэ. КъыхэгъэбелджылыкӀа псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

И ужь ит псалъитӀым хьэрфзешэ **а** щӀыхэтыр къэфпщытэ.

Псалъэ зэпыувахэм ящыщу япэ итыр хьэрф дэкIуашэкIэ иухмэ, псалъэ лъабжьитIыр хьэрф *ы*-кIэ зэпащIэ: *къаз, цы — къазыц*; хьэрфзешэкIэ иухмэ, занщIэу поувэ: *къуажэ, фIы — къуажэфI*. Къыпыувэ псалъэр зэриух макъ -*ы*-р покIуэдыкI.

▲ **69.** Скобкэхэм дэт псалъэхэмрэ ахэр къызыхуэхьахэмрэ я тхыкIэр къыжыфIэ.

Къалэ *(ку, щIэ, кIэ, уэрам)*; жыг *(щIэ, жьы, пкъы, лъабжьэ)*; пыIэ *(фIы, щIэ, ку, щхъуэ, щыгу)*; уэс *(жьы, щIэ, къабзэ)*; гъуэгу *(щIэ, фIы, ку, бгъуфIэ)*; къуажэ *(щIы, щIэ, ин, дахэ)*; уэрам *(щIэ, бгъу, кIыхь, захуэ)*; цы *(пэ, фIы, щхъуэ, кIыхь, пхъашэ)*; кIэртIоф *(щIэ, жьы, ин, хьэлыуэ)*.

● Сыт *кIэртIофыр* зищIысыр? КIэртIофым къыхащIыкI шхыныгъуэхэр къевбжэкI.

**кIэртIóф**

**70.** Скобкэхэр къызэIуфхыурэ къифтхыкI. Ягъэбелджылы псалъэр зы екъуакIэ, зыгъэбелджылыр нэшэкъашэу щIэфтхъэ. Дэгъэхуа хьэрфхэр дэфтхэж.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: <u>къуршыпс</u>.

Къурш *(псы)*; у.нэ *(шы)*; псынэ *(псы)*; мэл *(лы)*; бжэн *(фэ)*; унэ *(бжэ)*; кIэртIоф *(фэ)*; джэд *(пщэ)*; джэдыгу

*(кІэ)*; **щыхь *(бжьэ)***; фоч *(пэ)*; бгы *(щхьэ)*; **уэс *(псы)***; у.фэ *(джабэ)*; н.щэ *(жылэ)*.

| уэсы́пс | уэсэ́пс |
|---|---|

Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.

И ужь ит псалъитІым къыщытпсэлъ макъзешэ **э**-р хьэрфзешэ **а**-кІэ къыщІэгъэлъэгъуар къызэрапщытэ псалъэкІэ къафщІэ.

**71.** 1. Точкэхэм я пІэкІэ щытын хуей хьэрфхэр къыжыфІэ. *ЩІэ, щхьэ, фІы* псалъэхэр щапыувэкІэ игъуэт зэхъуэкІыныгъэ гу зылъыфтахэр къыжыфІэ.

Джэджье., къабзи., бжьами., пкІэлъе., мыІэрысе., Іэмырби., Аслъэнби. .

2. *ЩІэ, щхьэ, фІы* псалъэхэр пывгъэувэурэ къифтхыкІ.

метро – ...
пкъо – ...

бзу – бзуущхьэ
джэду – ...

уадэ – уадащхьэ
унэ – ...

пкІэлъей – пкІэлъеифІ
кхъужьей – ...
пхъэхуей – ...

къабзий – къабзиищІэ
бжей – ...
бжьамий – ...

Зэпыува псалъэхэм зэзыпхыу къыдэувэ хьэрфхэр зы екъуакІэ щІэфтхъэ.

Псалъэ зэдзылІахэм ударенэ зытехуэ пычыгъуэр жьэрыІуатэу къыжыфІэ.

## Упщӏэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ

1. Псалъэхэм фыкъеджэ: *нащэщӏэ, гъащӏэфӏ*. Упщӏэхэмкӏэ зэпкърыфхи зэпыту тхын щӏыхуейр къыжыфӏэ. Щапхъэхэр къэфхь. Апхуэдэ псалъэхэм хьэрфзешэ **а** щӏахэтыр къэпщӏэн папщӏэ, сыт хуэдэ тхыкӏэ хабзэм иригъуэзэн хуей?

2. Псалъэхэм фыкъеджэ: *къазыц, белыкӏ*. Упщӏэкӏэ зэпкърыфхи зэпыту щӏатхымрэ **ы** къыщӏыдэувэмрэ къыжыфӏэ.

Псалъитӏыр щызэпыувэкӏэ, етӏуанэ псалъэм сыт хуэдэ зэхъуэкӏыныгъэ игъуэтрэ? Щапхъэкӏэ къэвгъэлъагъуэ.

Псалъэ лъабжьэ: ⌒

лэжьыгъэ

Префикс: □, ⌐

мэ лажьэ

къакIуэ

Псалъэпкъ: └──┘

хуэлэжь

КIэух: □

лэжьыгъэр

Суффикс: ∧, □

лэжьыгъэ

лэжь ащ

## 8. Псалъэ лъабжьэ

▲ **72.** Фыкъеджэ. *Мэз псалъэ Iыхьэр зыхэт псалъэхэр щIэфтхъэ.*

Губгъуэ хьэсэ инхэм адэкIэ мэз цIыкIу щыIэщ. Гъэмахуэм абы мэракIуэхьэ докIуэ. Кхъужь цIыкIу, мы, къущхьэмышх къэтщыпын папщIэ, джабэм адэкIэ щыIэ мэзыжьым докIуэ. Абы дыкIуэхукIэ, мэзхъумэм зыхудогъазэ. Ар цIыху гуапэщ, мэзым теухуауэ куэд ещIэ.

Зэгуэрым абы мэзыщӀэ зэрыхасэм щыгъуазэ дищӀащ. Мэзхъумэм мэзым унэ цӀыкӀу щиӀэщ. Абы зыщыбгъэпсэхуну икъукӀэ фӀыщ.

Мэзым теухуауэ фщӀэр къыжыфӀэ. Сыт мэзыр хъумэн щӀыхуейр?

*АдэкӀэ* псалъэр, зэрехьэкӀын хуейм хуэдэу, зэпывуд.

**73.** Псалъэхэм фыкъеджэ. Псалъэ гуп къэс зэщхьу хэт псалъэ Ӏыхьэр къэвгъуэт.

1. Тхыгъэ, тхылъ, тхыкӀэ, тхы, тхыгъуафӀэ, ебгъэтхынщ, тхакӀуэ.

2. Пхъэ, пхъэбгъу, пхъэх, пхъэхуей, пхъэлъантхъуэ.

3. Джэд, джэдыкӀэ, джэджьей, джэдэщ.

*Пхъэлъантхъуэ* псалъэм къикӀыр къафщӀэ.

Псалъэхэм упщӀэ яхуэвгъэув.

**74.** Фыкъеджэ. Псалъэхэм зэщхьу зэдыхэт Ӏыхьэм ⌒ тевгъэувэ, къифтхыкӀ. Точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей хьэрфхэр вгъэув.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: къабзэщэ

Къабзэ, **къ.бзагъэ**, къ.бзэкӀей, къ.бзэлъабзэ, къ.бзащэ; щхъуантӀэ, щхъу.нтӀагъэ, щхъу.нтӀэӀуэ, **щхъу.нтӀащэ**, щхъу.нтӀэпс; дахэ, д.хагъ, д.хэкӀей, д.хащэ, д.хэӀуэ.

Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.

Псалъэхэр Iыхьэурэ зэхэтщ. Абыхэм щыщу мыхьэнэ нэхъыщхьэр къэзыгъэлъагъуэм *лъабжьэкIэ* йоджэ.

Зы лъабжьэм къытекIа псалъэхэр зэлъабжьэгъущ.

Псалъэ зэлъабжьэгъухэм зэщхьу яхэт Iыхьэм *лъабжьэкIэ* йоджэ: *щIыху, щIыхугъэ, щIыхуIуэ; макIуэ, къэкIуэнущ, кIуэжащ.*

**75.** Псалъэ зэлъабжьэгъухэм фыкъеджи абыхэмкIэ упщIэхэм жэуап ефт. Псалъэ лъабжьэр къэвгъуэт.

Лъагэ, лъагагъ, егъэлъагэ.

**Сыт?**
**Сыт хуэдэ?**
**Сыт ищIэр?**

**76.** Псалъэ зэлъабжьэгъухэр гуп-гупурэ вгуэшурэ фтхы, лъабжьэхэр къыхэвгъэщ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *жэ, жэр, жэрыгъэ, жэрыжэ.*

Жэ, дахэ, къакIуэ, теплъэ, Iухьэ, жэрыжэ, хэплъэ, нокIуэ, къеджэ, жэрыгъэ, йоджэ, дахагъ, хыхьэ, кIэлъоджэ, фыкIуэж, дэплъэ, дахащэ, бгъэдыхьэ, бгъурыхьэ, Iуплъэ, кIэлъыплъ, жэр.

Псалъэ гуп къэс мыхьэнэкIэ щIызэгъунэгъур къыжыфIэ. *Техьэ, Iухьэ, бгъэдыхьэ* псалъэ зэлъабжьэгъухэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

**77.** Псалъэхэм псалъэ зэлъабжьэгъу къытефщІыкІ. Лъабжьэхэр къыхэвгъэщхьэхукІ.

З э р ы г ъ у э з э н   щ а п х ъ э: *дахэ — дахагъ, дахащэ, дахэІуэ, дахэкІей.*

| | |
|---|---|
| дахэ – | гуащІэ – |
| щабэ – | щхъуантІэ – |
| махэ – | лъэщ – |
| хужь – | пэж – |
| нэху – | лъэпкъ – |

Ударенэр зытехуэ пычыгъуэхэр нэхъ лъагэу вгъэІу.

Япэ псалъитхум къатехъукІа псалъэ зэлъабжьэгъухэм щыдгъэІу макъзешэ **э**-р хьэрфзешэ **а**-кІэ къэгъэлъэгъуэн щІыхуейр къызэрапщытэ псалъэхэмкІэ къафщІэ.

*Лъэпкъ* псалъэм хэт хьэрф **п**-м **І** щІыбгъэдэмытыр къыжыфІэ.

**78.** Фыкъеджэ. Дэгъэхуа хьэрфхэр дэвгъэувэжурэ къифтхыкІ. Псалъэ гуп къэс хэт лъабжьэр къыхэвгъэщ.

1) Дахэнур, Д.хэуэс, Д.хэнагъуэ, Д.хэцІыкІу, Д.хэлинэ, Д.хэжан.

2) ЩхъуантІэ, щхъу.нтІагъэ, щхъу.нтІащэ, щхъу.нтІэІуэ, щхъу.нтІагъ, щхъу.нтІэпс.

3) **Лъагэ, лъ.гэкІей, лъ.гэІуэ, лъ.гащэ**, лъ.гагъ.

4) ГуащІэ, гу.щІагъ, гу.щІащэ, гу.щІабзэ.

*Дахэнур, Дахэуэс, Дахэлинэ, Дахэнагъуэ, ДахэцІыкІу* псалъэхэр хьэрфышхуэкІэ къыщІегъэжьар къыжыфІи хьэрфышхуэкІэ къыщІэдзэн хуейхэр фигу къэвгъэкІыж.

Ещанэ псалъэ гупым къыхэгъэща псалъэхэр щытыкӀэр нэхъ мащӀэу зыхэлъ псалъэмкӀэ къыщӀэвдзи къевбжэкӀ.

**79.** Псалъэхэм фыкъеджэ. КъифтхыкӀ. Псалъэ лъабжьэм щыщу дэгъэхуа хьэрфхэр псалъалъэм фригъуазэурэ дэфтхэж.

Хьэ.фӀанэ, кӀ.пӀынэ, б.лыджэ, б.щлъыкъ, уэ.шэку, б.лагъ, .тулъкӀэ, у.рам, б.лъtoку, дж.рафинэ, п.рт .ель, в.гон, б.лет, к.мба.н, ш.фер, б.ырыпх, ш.псыранэ, къу.-лыкъу, къ.нжал.

● *ХьэмфӀанэ* псалъэр макъ, хьэрф ехьэлӀауэ зэпкърыфхи, ар хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ. Нэхъ купщӀафӀэхэр фтхы.

**хьэмфӀа́нэ**

## 9. КӀэух

▲ **80.** Фыкъеджэ.

Ныбжьэгъур къуэшыфӀым хуэдэщ. ГуфӀэгъуэми нэщхъеягъуэми уи ныбжьэгъум лъэӀэс. Ар цӀыхугъэщ, гуапагъэщ. НыбжьэгъумкӀэ уарэзымэ, ар ныбжьэгъуфӀщ. Си ныбжьэгъурауэ къызолъытэ сэ хьэл-щэн дахэ зыбжанэ зыхэслъхьэнымкӀэ къыздэӀэпыкъуар.

1. *Уи ныбжьэгъум лъэӀэс* псалъэхэр дауэ къывгурыӀуэрэ?
2. *Ныбжьэгъу* псалъэмрэ ар зэпха псалъэмрэ упщӀэкӀэ зэщӀывгъу.

хуэдэщ (**хэт?**) ныбжьэгъур

лъэlэс (**хэт?**) ...
уарэзымэ (**хэтклэ?**) ...
къызолъытэ (**хэту?**) ...

3. *Ныбжьэгъу* псалъэм зызыхъуэжу пыт псалъэ lыхьэхэр щхьэхуэу къэфпсэлъ (**-р, -м, -мкlэ, -рауэ.**)

> Зызыхъуэжу псалъэкlэм пыувэ lыхьэм *кlэухкlэ* йоджэ. Клэухым зы псалъэр адрей псалъэм пещlэ: *уэрэды*[*р*], *уэрэды*[*м*], *уэрэды*[*мкlэ*], *уэрэды*[*рауэ*]; *хэкlащ* (**сытыр?**) *жыгы*[*р*].

**81.** Фыкъеджэ. Упщlэхэм жэуап ефт. Къыхэгъэща псалъэхэм лъабжьэхэмрэ кlэуххэмрэ къыщывгъуэт. Точкэхэм я плэкlэ щытын хуей хьэрфхэр хэвгъэувэжурэ къифтхыкl.

1. (**Сытыр?**) **Жыге.р** (**сытым?**) **пхъэхуе.м** нэхърэ нэхъ куэдрэ мэпсэу. 2. (**Сытыр?**) **Фl.мыщlыр** (**сытым?**) **торфым** нэхърэ нэхъ гъ.сыныфlщ. 3.(**Сыткlэ?**) **Трак-т.ркlэ** щlыр явэ, (**сыткlэ?**) **к.мба.нкlэ** хьэцэпэцэр lуахыж. 4. Едж.кlуэ нэхъыжьхэм кхъужье. (**сыту?**) **жыг.у** п.щlым я лъэди.м сэху тракlащ. 5. (**Сытым?**) **У.рэдым** и (**сытыр?**) **м.къамэр** композиторым етх. 6. Тхылъым ифлъагъуэ (**сытхэр?**) **сурэтхэр** (**хэт?**) **художникым** ещl.

Сыт **торфыр, фlамыщlыр** зищlысыр?
Хьэцэпэцэм хыхьэ къэкlыгъэхэр къевбжэкl.
Адыгэ художник, композитор тlущым я цlэ къифlуэ.

**82.** Фыкъеджэ. КӀэух зыпыт псалъэхэмрэ зыпымытхэмрэ зэхэвгъэкӀ. КӀэух зыпымытхэм пывгъэувэурэ къэфпсэлъыж.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *къа́лэ[р] — къэлэ́р[ ] — къэлэры[р]*

Къа́лэр – къэлэ́р, пту́лъкӀэ – бру́кӀэ, джэду́ – лъэпэ́ду, саты́р – шэ́нтыр, джэ́дкӀэ – джэды́кӀэ, нэ́зу – чэзу́, гъущӀы́кӀэ – гъу́щӀкӀэ, уэра́м – у́нэм, жьынду́ – уэрэ́ду, бысы́м – псы́м, былы́м – мэ́лым.

▲ **83.** УпщӀэхэм жэуап ефтурэ псалъэухахэр зэвгъэпэщыж. Хэвгъэувэжа псалъэхэм я лъабжьэхэмрэ япыт кӀэуххэмрэ къыхэвгъэщхьэхукӀ.

1. (**Сытым?**) ... мэжаджэ, хьэлыуэ, пӀастэ къыхащӀыкӀ. 2. (**Сытыр?**) ... (**сыткӀэ?**) ... Ӏуахыж. 3. Ди нэхъыщӀэфӀхэм (**хэт?**) ... пщӀэрэ нэмысрэ хуащӀ. 4. Ди нэхъыжь Ӏущхэм (**хэт?**) ... яущий.

Къэгъэсэбэпыпхъэ псалъэхэр: *хьэцэпэцэ, хугу, сабий, комбайн, нэхъыжь.*

● НэгъуэщӀ сыт хуэдэ шхыныгъуэ къыхащӀыкӀрэ *хугум?*

**84.** Псалъэхэм фыкъеджэ. Хьэрф дэкӀуашэ зэщхьитӀ зыхэтхэм я лъабжьэр зэриух хьэрфхэм гу ялъыфтэ.

Командир – командирри, трактор – тракторри, тер-

мометр – термометрри, метр – метрри, кӀэлындор – кӀэлындорри, фэтэр – фэтэрри, къатыр – къатырри, мамыр – мамырри, хьэпшыр – хьэпшырри, Астемыр – Астемырри, Хьумар – Хьумарри.

*Ри*-м и пӀэкӀэ *рэ* пывгъэувэурэ къэфпсэлъыж.
ХьэрфышхуэкӀэ къэрагъажьэ псалъэхэр фигу къэвгъэкӀыж.
*Хьэпшырри* псалъэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

**85.** Псалъэхэм фыкъеджэ. Хьэрф дэкӀуашэ зэщхьитӀ зыхэтхэм я лъабжьэр зэриух хьэрфым гу лъыфтэ.

Хъыбар – хъыбаррэ, шыкъыр – шыкъыррэ, **къэлэр** – къэлэррэ, жыр – жыррэ, **хьэзыр** – хьэзыррэ, **къатыр** – къатыррэ, цыхъар – цыхъаррэ, гухьэр – гухьэррэ, къыдыр – къыдыррэ, Къадир – Къадиррэ, Назир – Назиррэ, Мухьэжыр – Мухьэжыррэ.

*Рэ*-м и пӀэкӀэ *ри* пывгъэувэурэ къифтхыкӀи псалъэ лъабжьэхэр къыхэвгъэщхьэхукӀ.
Къыхэгъэща псалъэхэм я мыхьэнэр псалъалъэхэм къыщыфщӀэ, фи нэхъыжьхэм феупщӀ.
*Рэ*-кӀэ зэпыщӀа псалъэ гупхэр къэфхь, псалъэм папщӀэ, мыпхуэдэу: *Назиррэ Баширрэ, цыхъаррэ чэсейхъаррэ*.

**86. -Рэ/ -ри** пывгъэувэурэ псалъэхэр къифтхыкӀ. Псалъэ лъабжьэхэр къыхэвгъэщхьэхукӀ.

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: 1. *Плъыр – плъыррэ – плъырри; шэнт – шэнтрэ - шэнтри*.

1) Тыкъыр, плъыр, дэрбзэр, уэр, жэр, шыр, сабыр, хьэзыр, Музэчыр.

2) Тхылъ, къэрэндащ, уэс, уэсэпс, тепщэч, СулътIан, Хьэчим, Хьэишэт.

Дунейм и къэхъукъащIэ къызэрыкI псалъэхэр къыхэфхи адэкIэ къыпыфщэ. Языныкъуэ псалъэхэм хьэрф дэкIуашэ зэщхьитI щIыхэтым фегупсыс. Псалъэхэм упщIэхэр яхуэвгъэув.

**тепщэч**

> Псалъэ лъабжьэр зэриух макъри абы къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр къызэрыщIидзэ макъри зэтехуэмэ, хьэрф дэкIуашэ зэщхьитI ятх. Хьэрф зэщхьитIым зы макъ укъуэдияуэ къоджэ: *хьэмэм — хьэмэмми, хьэмэммэ; хъыбар — хъыбарри, хъыбаррэ.*

**87.** Псалъэхэм **-рэ, -мэ** япывгъэувэурэ фыкъеджэ. **-Рэ, -мэ**-хэм я пIэкIэ **-ри, -ми** вгъэувурэ къифтхыкIи псалъэ лъабжьэр къыхэвгъэщхьэхукI.

1. Сэлам, тэмэм, хуэм, ахъшэм, мэрем, лагъым, къум, жызум, залым, уэрам, чэм, жэрдэм.

2. Шылэхъар, дэрбзэр, дохутыр, нал, хъер, хьэзыр, къыр, мамыр, къатыр, Батыр.

*Къум, ахъшэм, жэрдэм, лагъым, чэм, щыхьэр, нал* псалъэхэм къарыкIыр къафщIэ.

Псалъэхэм упщIэхэр яхуэвгъэув.

*Мамыр* псалъэм мыхьэнэкIэ къигъунэгъу псалъэ къэфхь.

**уэра́м**

**88.** Псалъитl къэс щхьэхуэу фыкъеджэурэ я мыхьэнэкlэ зэфлъыт. Дэгъэхуа хьэрфхэр дэвгъэувэжурэ къифтхыкl. Псалъэ лъабжьэхэр къыхэвгъэщхьэхукl, хьэрф дэкlуашэ зэщхьитlыр щlэфтхъэ.

1. Бригадири – бригадирри, д.хутыри – д.хутырри, ш.фёри – ш.фёрри, т.атри – т.атрри, п.ссажири – п.ссажирри, плъыри – плъырри.

2. Тэм.ми – тэм.мми, кl.стуми – кl.стумми, хьэмэми – хьэмэмми, уэрами – уэрамми, бысым – бысымми.

3. Къ.мэкl – къ.мэкlкlэ, у.дэкl – у.дэкlкlэ, гукъэкl – гукъэкlкlэ, в.кlуэдэкl – в.кlуэдэкlкlэ, гъущlхэкl – гъущlхэкlкlэ.

## 10. Префикс

▲ **89.** Псалъэухахэм фыкъеджэ. Псалъэ зэлъабжьэгъухэм яхэт лъабжьэр къэвгъуэт. Лъабжьэм и пэкlэ къыщыт псалъэ lыхьэр щхьэхуэу къэфпсэлъыж.

1. Мэжид, хьэщlэхэр унэм щlэшэ. 2. Уэ, Мурадин, Хъалиф мыlэрысэр бэзэрым дэшэ. 3. Уэ, Башир, кlуэи ди гъунэгъур къашэ. 4. lэминат, уэ Дыгъэ и пхъурылъху цlыкlур яслъэм хуэшэ. 5. Мухьэжыр, уэ ашык нэщlхэр жыг хадэм хэшэ.

Схемэм феплъ:




**90.** *Тхащ, лэжьащ* псалъэхэм я лъабжьэхэр къэвгъуэт. СэмэгурабгъумкӀэ къыщыхьа псалъэ Ӏыхьэхэр а псалъитӀым пывгъэувэ: япэщӀыкӀэ **сы-**, **у-**, **ды-**, **фы-** хэр, иужькӀэ скобкэм дэтхэр.

| | |
|---|---|
| сы (с)<br>у (п)<br>ды (т)<br>фы (ф)<br>и<br>я | тхащ |

| | |
|---|---|
| сы (з)<br>у (б)<br>ды (д)<br>фы (в)<br>и<br>я | лэжьащ |

*Стхащ, сылэжьащ* псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ. Псалъэхэм я лъабжьэр дамыгъэкӀэ къэвгъэлъагъуэ.

> *ЩӀэ-, дэ-, къа-, на-, те-, хуэ-, хэ-, сы- (с-, з-), у- (п-, б-), ды- (т-, д-), фы- (ф-, в-)* псалъэ Ӏыхьэхэр префиксхэщ.
>
> Псалъэ лъабжьэм и пэкӀэ къыщыт псалъэ Ӏыхьэм *префикскӀэ* йоджэ. Щапхъэ: *дэжеящ, сыдоплъей.*

**91.** 1) Префиксхэр пывгъэувэурэ псалъэхэр къифтхыкӀ.

З э р ы г ъ у э з э н   щ а п х ъ э:




Къаплъэ, наплъэ, гъаплъэ, дэплъэ, хуэплъэ.







Псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи нэхъ купщӀафӀэхэр фтхы.

## Улажьэу ушхэжын нэхъыфӀ щыӀэкъым.

2) Тхыгъэм хэт псалъэхэм щхьэ префиксхэр къыщывгъуэт.

1. Мухьэмэд къунтх иӀыгъыу бдзэжьей ещэрт. 2. Бгы лъапэм щӀэтхэм сэри сахэту сыщытт. 3. Дадэ и нэгъуджэр зыӀуилъхьэри газет еджащ. 4. Бажэр къаз хъушэм яхэлъадэри зэбгрихуащ. 5. Мэзым дынэсри чы матэхэр дгъэуващ.

## 11. Щхьэ префиксхэмрэ абыхэм я тхыкӀэмрэ

Префиксхэу *сы-* (*с-*, *з-*), *ды-* (*д-*, *т-*), *у-* (*п-*, *б-*), *фы-* (*ф-*, *в-*), *и-*, *е-*, *я-* хэм щхьэ гуэр къагъэлъагъуэ. Абыхэм *щхьэ префикскӀэ* йоджэ.

*СыпщӀащ* жытӀэмэ, *зыпщӀар* сэрауэ зэрыщытыр префикс *сы*-м къегъэлъагъуэ; *упщӀащ* жытӀэмэ, *пщӀар* уэрауэ зэрыщытыр префикс *у*-м къегъэлъагъуэ; *епщӀэ* жытӀэмэ, *зыпщӀэр* зи гугъу тщӀы цӀыху гуэру зэрыщытыр префикс *е*-м къегъэлъагъуэ. *ДыпщӀащ* жытӀэмэ, *пщӀар* дэращ, дэ куэд дохъу. Ар префикс *ды*-м къегъэлъагъуэ. *ФыпщӀащ* жытӀэмэ, *пщӀар* фэрауэ, куэд фыхъуу зэрыщытыр префикс *фы*-м къегъэлъагъуэ. *ЯпщӀэ* жытӀэмэ, *зыпщӀэр* зи гугъу тщӀы цӀыху зыбжанэщ. Ар префикс *я*-м къегъэлъагъуэ.

▲ **92.** Точкэхэм я пӀэкӀэ езэгъыну щхьэ префиксхэр вгъэувурэ фыкъеджэ.

– КъакӀуэ, ди анэ, мыбдеж тӀыс.
– НасыпыфӀэ ...хъу, си щӀалэ.
– Жьыщхьэ махуэ ...хъу.

Ди лъэпкъ хабзэхэм хуэдэ щымыӀэу къы...щохъу. Зэры...лъэкӀкӀи а хабзэхэм ...тетщ. ЦӀыхум и гуапэ зэры...щӀыным ...хущӀокъу. Нэхъыжьым пщӀэ хуэщӀын зэрыхуейр зэи зыщы...гъэгъупщэркъым.

● Адыгэхэм хабзэфӀ яӀэщ. АбыкӀэ балигъхэм феупщӀи вгъэзащӀэ.

## Псалъэ гуапэ гугъэдахэщ.

**93.** Точкэхэм я пӏэкӏэ езэгъыну щхьэ префиксхэр вгъэувурэ къифтхыкӏ.

1. Уэ уи узыншагъэм фӏыуэ ...кӏэлъоплъ. Пщэдджыжькӏэрэ зарядкэ ...ощӏ, пхъэ лъэрыжэкӏэ паркым къыщыбокӏухь, хьэуа къабзэкӏэ ...обауэ. 2. Фэ ...щыгъуазэщ мазэм цӏыху зэрыщыӏам. Абы теухуауэ щыӏэ тхылъхэм ...оджэ, къа...щӏэхэр фи классэгъухэм ...жывоӏэ. 3. Ди цӏыхухэм – балигъхэми цӏыкӏухэми – я Хэкур гурэ псэкӏэ ...лъагъу, ...лъэкӏ псори абы ху...лэжь.

● *Уэ-м* и пӏэкӏэ *сэ*, *фэ-м* и пӏэкӏэ *дэ* хэвгъэувэурэ япэ псалъэухахэм фыкъеджэж. Щхьэ префиксхэр къыхэвгъэщхьэхукӏ.

**94.** Усэ-къуажэхьым гъэхуауэ фыкъеджэ. Гукӏэ зэвгъащӏи фтхы. Къыхэгъэща псалъэхэм хэт щхьэ префиксхэр къэвгъэлъагъуэ.

*Къаныкъуэ Заринэ*

Сэ зы гъусэ сиӏэщ,
Зэикӏ **скӏэрымыкӏыу**,
Дэнэкӏэ згъэзами,
Ар си ужь **имыкӏыу**.

**Зыкӏэрызгъэхуну**
Куэдрэ сэ **сыщӏопхъуэ**.
Сэ схуэдабзэу жэрщи,
Ар къыскӏэлъыщӏохьэ.

(Ныбжь)

**95.** 1. Макъ дэкӏуашэ жьгъыжьгъ къэзыгъэлъагъуэрэ макъ дэкӏуашэ дэгу къэзыгъэлъагъуэу хьэрфхэр зэхэвдзи зэгуэгъу фщӏы:

З, т, в, с, б, д, п, ф.

2. Псалъэхэм фыкъеджэ, дэтхэнэ зыми и пэм къыщытпсэлъ макъыр жьгъыжьгърэ дэгуу зэхэвгъэкӏ: *тхащ, дащ, жащ, гъэкъэбзащ, шхащ, пщэфӏащ, лэжьащ.*

3. Псалъэхэм тэмэму фыкъеджэ. **С-, п-, т-, ф-** щхьэ префиксхэм **з-, д-, б-, в-**хэу зыщӏахъуэжыр къафщӏэ: *слъащ — злащ, пщащ — бжьащ, ттхащ — ддащ, фчащ — вджащ.*

> *С-, п-, т-, ф-* щхьэ префиксхэм *з-, б-, д-, в-*хэу захъуэж, макъ дэкӏуашэ жьгъыжьгъхэм я пэ къыщиувэкӏэ: *стхащ — здащ.*

**96.** Точкэхэм я пӏэкӏэ щытын хуей щхьэ префиксхэр вгъэувурэ псалъэухахэр къифтхыкӏ.

1. Сэ мыхьэмышх ...щӏыркъым, шхын ...жьэдэлъуи сыпсалъэркъым. 2. Егъэджакӏуэр зытепсэлъыхьыр тхылъымкӏэ ...джыфу зевгъасэ. Абы щыгъуэ фызэджэр нэхъ кууэ ...щӏэнущ. 3. Дэ махуэ къэс ди классыр ...гъэкъэбзэжурэ дыкъыщӏокӏыж. 4. Дэ дызыхуежьэ ӏуэхур зэуэ ...хуэмыщӏэ щхьэкӏэ, ...гъэзэщӏэн къэдгъанэркъым.

● *Мыхьэмышх сщӏыркъым* псалъэхэм къарыкӏыр къыжыфӏэ.

**97.** Точкэхэм я пӏэкӏэ щытын хуей префиксхэр вгъэувурэ фыкъеджэ.

Ди гъунэгъу Мусэрэ Салимэрэ я закъуэу ...псэу. Абыхэм я ныбжьыр хэкlуэтами, lэщ зэрахуэ, джэдкъаз ...гъэхъу. Мадинэрэ Хьэсэнрэ а тlум доlэпыкъу.

— Дадэ, уэ зыгъэпсэху. Сэ lэщыр псы е...гъэфэнщ.

— Упсэу, си щlалэ.

— Нанэ, сэ унэр зэлъыlу...хынщ. Сы...хуэпщэфlэнщи lэфlу ...згъэшхэнщ.

— Мадинэ, сэ пщlантlэр ...пхъэкlынщ.

— Сэ, Хьэсэн, джэдкъазыр ...гъэшхэнщ.

Хьэсэнрэ Мадинэрэ нэхъыжьхэм гулъытэ хуащl, абыхэм доlэпыкъу.

**Нэхъыжьыр гъэлъапlи, уи щхьэр лъапlэ хъунщ.**

Щхьэ префиксхэу — *с-*, *п-*, *у-*, *т-*, *ф-*, *з*, *б-*, *д-*, *в-*, *и-*, *я-*хэми, префикс *о-*, *мэ-*, *ма-*хэми псалъэщlэ къагъэхъуркъым. Ахэр дамыгъэкlэ □ къыхагъэщ. Щапхъэ:

[с] тхащ, [т] тхащ, [и] тхащ

[з] гъэкlуащ, [б] гъэкlуащ, [я] гъэкlуащ

[мэ] лажьэ, [ма] кlуэ, [с|о] лъагъу.

**98.** Еджакlуэм и сочиненэм гъэхуауэ фыкъеджэ. Точкэхэм я пlэкlэ щытын хуей щхьэ префиксхэр хэвгъэувэурэ къифтхыкl.

Еплlанэ классым сыкlуэу арат абы щыгъуэ. Бжьыхьэкlэ зэманти, унагъуэм ис балигъхэмрэ бын нэхъыжьхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр хасэрт. Сэри ди гъунэгъум къызита уэздыгъей баринэ цlыкlур сегугъупэурэ хэ...-

сащ. Абы щыгъуэ тӀури дыцӀыкӀут. Иджыпсту уэздыгъей цӀыкӀум зишэщӀащ. Унагъуэм къыщыхъуа си анэкъилъхуу къы...щохъу а уэздыгъей дахэр. Сэ абы цӀыхум хуэдэу ...опсалъэ, си гухэлъ гъэфӀэнхэр ху...оӀуатэ. АпщӀондэхукӀи нэхъ гу щабэ, нэхъ гу къабзэ сыхъу къы...фӀощӀ.

● Сытым фригъэгупсыса мы тхыгъэм?

## 12. УнэцӀэхэм, цӀыхухэм я цӀэхэм, псэущхьэхэм фӀаща цӀэхэм щапыӀувэм деж, щхьэ префиксхэр зэратхыр

▲ **99.** Фыкъеджэ. Щхьэ префиксхэр зи гъусэ цӀэхэм екъуа цӀыкӀукӀэ зэрапыщӀам гу лъыфтэ.

Бжэм зыгуэр къоуӀу.
– Хэт ар?
– Сэращ.
– Уэ ухэт?
– Сы-Хьэмидщ.
– У-Хьэмидмэ, икъукӀэ си гуапэщ. КъакӀуэ къыщӀыхьэ. Дауэ ущыт? Куэд щӀауэ услъэгъуакъым.
– Дыузыншэщ. Долажьэ.

● *Сы-Муратщ, у-Баширщ, у-Хьэзизмэ* псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.

**100.** Фыкъеджэ. Щхьэ префикс *сы-м* и тхыкӀэр къыжыфӀэ. Псалъэухахэм я кӀэм щытын хуей нагъыщэхэр къафщӀэ.

– Хэт ар
– Сэращ
– Уэ ухэт
– Сэ сы-Бжэнщ
– Хэт урей
– Доныжь цIыкIу
– Дэнэ укъикIыжрэ
– ХъуакIуэ
– Ари хъунщ АтIэ Доныжь цIыкIу сыт и лIыгъэ

Таурыхъым зэреджэр фигу къэвгъэкIыжи адэкIэ къэхъуар къыжыфIэж.

**101.** Фыкъеджэ. КъифтхыкI. Екъуа цIыкIукIэ псалъэм пыщIа щхьэ префиксхэр къыхэвгъэщ. Нагъыщэхэр вгъэув.

– Уэ у-Лыхь
– Хьэуэ, сэ сы-ХъуэкIуэнщ
– Уэр-щэ
– Сэ сы-Багъщ
– Фэ фы-Къардэнкъэ
– Ды-Къардэнщ
– Фэр-щэ
– Дэ ды-ЗекIуэрейщ

Сытым щыгъуэ щхьэ префиксхэм я ужькIэ екъуа цIыкIу щагъэувыр?

*Ды-ЗекIуэрейщ, сы-ХъуэкIуэнщ, сы-Багъщ, фы-Къардэнщ, фы-Къардэнкъэ, у-Лыхь* псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

Цlыхухэм я цlэхэм, унэцlэхэм, псэущхьэхэм фlаща цlэхэм я пэкlэ къиувэ щхьэ префиксхэм я ужькlэ *екъуа цlыкlу* ягъэуври цlыхухэм я цlэхэр, унэцlэхэр, псэущхьэхэм фlаща цlэхэр *хьэрфышхуэкlэ* кърагъажьэ.

**102.** Щlалэ цlыкlум къыжиlамрэ ищlамрэ фыкъеджэ. Къифтхыкl. Щхьэ префиксхэр тэмэму фтхы.

Уэ *(у)* Мыщэщ, *(у)* хьэщ. Аракъэ, Мыщэ? Сэ *(сы)* Хьэмидщ, *(сы)* цlыхущ. Уэрэ сэрэ дызэныбжьэгъущ. Зэныбжьэгъухэр фlыуэ зэролъагъу, Мыщэ, зэхуосакъ.

Сэ Мэжид хуэдэу схуэщlэнукъым. Абы, уэ *(у)* Парийщ, сэ *(сы)* Мэжидщ, жиlэ къудейщ, и хьэм кlэлъыплъыркъым. Сэ иджыпсту узгъэшхэнкъэ, Мыщэ. Мэ, хьэнтхъупс ефэ. Мы си лы lыхьэри шхы. Урикъуа, Мыщэ? Накlуэ иджы, къэткlухьынщ.

Нэгъуэщl сыт хуэщlэн хуей хьэм? Фэ дауэ факlэлъыплърэ фи унэхьэхэм? Сыт псэущхьэхэм хуэсакъын щlыхуейр?

**103.** Гъащlэм къыщцыхъуа lуэхугъуэ къызыхэщ тхыгъэм фыкъеджэ. Щхьэ префиксхэм я тхыкlэр къыжыфlэ.

– Уи махуэ фlыуэ, щl.лэфl.
– Уи махуэ нэхъыфlыжу, нэхъыжьыфl.
– Уэ (у) Алим? (У) Албот Алим?
– (Сы) Алимщ. (Сы) Албот Алимщ.
– Сыту фlыт сымыщхьэрыуэу укъызэрызгъуэтар! Сыту фlыт!

– Щхьэ угузавэрэ, ди адэ, къэхъуаIа?

– Сэ хамэ къуажэ сыкъикIри сыкъыпхуэкIуащ, Алим. Си шынэхъыщIэр сымаджэ хьэлъэщ. КъыумыхьэлъэкIыу утхуеплъатэмэ, арт.

– Сыт щхьэкIэ къызэхьэлъэкIын! Иджыпсту сынэкIуэнщ.

● АдэкIэ къэхъуар, къэвгупсыси къыжыфIэ.
Тхыгъэм хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр къэфхутэ.

Гъащlэ уиlэхукlэ, пэжым тетыф,
Уи фlыр цlыху лъэпкъым егъэкl.

*ПащIэ Бэчмырзэ*

**104.** Къуэрылъхумрэ зауэлIымрэ зэдрагъэкIуэкIа псалъэмакъым фыкъеджэ. Етхуанэ сатырым къыщыщIэдзауэ къифтхыкIи щхьэ префиксхэр къыхэвгъэщ. Нагъыщэхэр вгъэув.

– СыныщIыхьэ хъуну?

– КъыщIыхьэ, къыщIыхьэ.

– Уи махуэ фIыуэ.

– Упсэу. Къыдыхьэ. Тlыс. Сытым укъытхуихьа, щIалэфI?

– Уэ (у) Къардэн Хьэсэнбийкъэ

– (Сы) Къардэн Хьэсэнбийщ

– Уэ ди адэшхуэм уригъусэу зауэм ущыIауэ жаIэ СыноупщIыну арат

– Уэ хэт ухъуну, зи уз кIуэдын

– (Сы) Хьэсэнщ, (сы) Зэхъуэхъу Хьэсэнщ

– Уи адэшхуэм и цӀэр Бэч

– Аращ. Бэчщ

– Уи адэшхуэм лӀыгъэ хэлъащ, си щӀалэ Хэкум папщӀэ лъэкӀ къигъэнакъым. Абы къимыгъэщӀар уи гъащӀэм къыпищэ. Уи адэшхуэм и щӀыхь зыхъумэн къуэрылъху тхьэм уищӀ.

**105.** Телефон псалъэмакъым гъэхуауэ фыкъеджи къифтхыкӀ. Щхьэ префиксхэр тэмэму фтхы.

– Уи махуэ фӀыуэ!

– Уи махуэ фӀыуэ!

– Мурат щӀэсмэ, сепсэлъэну арат.

– Иджыпсту. Мурат, телефоныр къоджэ.

– СынодаӀуэ. Ухэт уэ?

– (Сы) Хьэсэнщ. СыкъыумыцӀыхужауэ ара?

– Уи макъымкӀэ (у) Хьэсэну къыпхуэщӀэнкъым.

– ТӀэкӀу сешащи арагъэнщ. Мурат, пщэдей къалэм зыплъыхьакӀуэ дызэрыкӀуэр бжесӀэну арат.

– Сыту фӀыт! Сыту фӀыт! Хэт дызышэнур?

– Мы-Хьэбасмэ, сщӀэркъым.

● Дауэ иухын хуей псалъэмакъыр?
Префикс ***мы***-р зэрыпыувам гу лъыфтэ.

▲ **106.** Зэхуэдэ хьэрф дэкӀуашитӀ зыхэт псалъэ къытефщӀыкӀ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: 1) *тхащ – ттхащ, хуэтхащ – хуэттхащ;* 2) *хэсащ – хэссащ, хэссэнщ, хэссэнущ, хэссэн?*

1) тхащ, дащ, защ, сащ, ващ; 2) хэсащ, тесащ, Іусащ, етащ.

Щхьэ префиксхэр къэвгъуэти абыхэм къакІэлъыкІуэ хьэрфхэм ефлъыт. Псалъэ зэгуэгъухэр хэвгъэувэурэ псалъэуха зэхэфлъхьэ.

> Щхьэ префиксымрэ ар зыпыувэ псалъэр къызэрыщІидзэ хьэрфымрэ щызэщхьым деж, а хьэрфхэм зы макъ укъуэдияуэ къоджэ, хьэрф зэщхьитІ ятх: *тхы — ттхащ*.

**107.** Точкэхэм я пІэкІэ щхьэ префикс вгъэувурэ псалъэухахэр къиифтхыкІ.

1. Уэ кхъужьей хэпсащ. Сэ мыІэрысей хэс...ащ. 2. Дэ цІыхухъу фащэ ...дащ. Фэ цІыхубз фащэ вдащ. 3. Фэ усэ фтхащ. Дэ хъыбар ...тхащ. 4. Сэ шэр ...защ. Уэ ар бгъэпщтащ. 5. Зауэм хэта ди нэхъыжьыфІхэм письмо гуапэ яхуэ...тхащ.

Зэфлъыт: *письмо гуапэ, цІыху гуапэ.*

**108.** Точкэхэм я пІэкІэ щытын хуей хьэрфхэр хэвгъэувэжурэ хъыбарыр къиифтхыкІ. Хьэрф дэкІуашэ зэщхьитІыр щІэфтхъэ.

## Жыгхэм я тхьэусыхафэ

Зы илъэси **дэдмыгъэкІыу** дэ цІыхухэм пхъэщхьэмыщхьэкІэ дахуоупсэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, цІыху псоми

дызэхащӀыкӀыркъым. Бэлыхь ...тезыгъэлъыр мащӀэкъым. Нэхъыбэу ди жагъуэ къащӀ сабийхэм, псом хуэмыдэу, **щӀалэ цӀыкӀухэм**. Ахэр къы...тоухь, ди къудамэхэр якъутэ, пхъэщхьэмыщхьэр игъуэ нэмысу пафыщӀыкӀ. Къы...бгъэдэлъадэу уи щӀыфэр сапэкӀэ изыбзэхэри яхэтщ.

ЩӀымахуэм къы...тесэ уэсышхуэр къы...тохьэлъэ. Абы щыгъуэ бгъуэтмэ къащтэ дэӀэпыкъуэгъу!

Сытым фригъэгупсыса мы тхыгъэм?

Къыхэгъэща псалъэхэр щыуагъэншэу птхын папщӀэ, къэгъэсэбэпын хуей тхыкӀэ хабзэхэр фигу къэвгъэкӀыж.

*Дахуоупсэ, дызэхащӀыкӀыркъым* псалъэхэм къарыкӀыр къыжыфӀэ.

*Игъуэ нэмысу* псалъэхэм къарыкӀыр нэгъуэщӀ псалъэхэмкӀэ къыжыфӀэ.

**109.** Фыкъеджэ. Скобкэхэм дэт псалъэхэм щыщу тэмэмыр псалъэухахэм хэвгъэувэурэ къифтхыкӀ.

Ди дадэ цӀыху гуапэщ. ПщӀантӀэм дыщызэхэтӀысхьэмэ, сыхьэткӀэрэ (**къыдоуэршэрыф, къыддоуэршэрыф**). Дыджэгун хуей хъуми, (**къыдоджэгуф, къыддоджэгуф**). ЗыщӀыпӀэ укӀуэнкъэ, тӀысу шхэнкъым, (**къыпэплъэу, къыппэплъэу**) щысынщ.

Дадэ икӀи ӀэпщӀэлъапщӀэщ. Абы Ӏэмэпсымэ куэд иӀэщ. А Ӏэмэпсымэхэм дрилэжьэфу дегъасэ. Зыгуэр тхуэмыщӀу гу зэрылъитэу, (**къыддоӀэпыкъу, къыдоӀэпыкъу**).

Дадэ къыджиӀэ псоми Ӏущагъ инрэ акъылышхуэрэ хэлъщ.

Дадэ ди нэщ, ди псэщ.

Щыкӏухэр я дадэм зэрыхущытыр къызыхэщ псалъэухам щхьэхуэу фыкъеджэж.

Дэтхэнэр нэхъ жыӏэкӏэ дахэ: *фӏы дыдэу долъагъу; ди нэщ, ди псэщ?*

## 13. *Зэры-, мы-* префиксхэр цӏэ унейхэм зэрапыувэ щӏыкӏэр

**110.** Фыкъеджэ. *Зэры-, мы-* префиксхэр псалъэхэм зэрапыувэ щӏыкӏэм гу лъыфтэ.

1. Сурэтым къищ къалэр зэры-Санкт-Петербургыр гъуаплъэм къыхэгъэжыкӏа шумкӏэ къыбоцӏыху. 2. Апхуэдэу гум дыхьэ усэр зытхар зэры-Щоджэнцӏыкӏу Алийр къыбощӏэ. 3. Дунеяплъэ кӏуэ еджакӏуэхэм зи ӏуфэ зыщагъэпсэхуар зэры-Тэрчыр къэщӏэгъуейтэкъым. 4. Жыжьэу пшэм къыхэщ бгы лъагэр зэры-Ӏуащхьэмахуэр и щыгуитӏымкӏэ тыншу къыбощӏэ. 5. Мы-Хьэбыжу пӏэрэ мо бгыщхьэм тетыр? 6. Мы-Ӏэминатмэ, сщӏэркъым ди хьэщӏэм къэфэнкӏэ пеуэфынур.

Сытым деж *зэры-, мы-* префиксхэм я ужькӏэ екъуа цӏыкӏу щагъэувыр?

> Хьэрфышхуэкӏэ кърагъажьэу ятх псалъэхэм я пэ *зэры-, мы-* префиксхэр щиувэкӏэ, абыхэм я зэхуакум екъуа цӏыкӏу дагъэувэ: *зэры-Ӏуащхьэмахуэр, зэры-Мухьэбыр, мы-Балъкъмэ.*

**111.** Фыкъеджэ. Скобкэхэм дэт префиксхэр, зэрытхыпхъэм хуэдэу, къызыхуэхьа псалъэхэм пывгъэувэурэ къифтхыкI.

– Мусэ, *(мы-)* Ахьмэду пIэрэ мо слъагъур?
– Ахьмэдщ, дадэ.
– Хэт хъуну абы щIыгъур?
– *(Мы-)* Iэминату пIэрэ? Аращ, Iэминатщ.
– Абыхэм яIыгъыр сыту къыпфIэщIрэ? *(Мы-)* портфелу пIэрэ?
– Портфелщ.
– Дэнэу пIэрэ ахэр здежьар?
– Дауи, Налшыкщ, дадэ.
– *(Зэры-)* Налшыкыр дауэ къэпщIа, си щIалэ?
– Ахэр Налшык щоджэ. Абы нэмыщIкIэ, нобэ блыщхьэщ, еджэгъуэ махуэщ.
– НасыпыфIэщ ахэр, си щIалэ, насыпыфIэщ!

Сыту пIэрэ дадэ Ахьмэдрэ Iэминатрэ насыпыфIэу къыщIилъытэр?

**112.** Фыкъеджэ. Скобкэхэм дэтхэм щыщу префиксхэр къэвгъуэтурэ къакIэлъыкIуэ псалъэхэм гъусэ яхуэфщI.

*(Мы)* Хьэзиз и лэжьэкIэм щапхъэ тепх хъунущ. *(Мы-)* Хьэзизмэ, сщIэркъым унэ щIыныр зыхуэдгъэфэщэнур. 2. *(Мы)* ХьэтIым зэрылажьэ Iэмэпсымэм фIыуэ хуосакъ. *(Мы-)* Хьэбыжмэ, сщIэркъым абы чырбыш зэтелъхьэнкIэ пеуэфын къытхэту. *(Мы-)* Алийуэ пIэрэ зи жэрдэмкIэ мы унэ дэгъуэхэр яухуэр? *(Мы)* Ахьмэд мурад быдэ ищIащ, Алий и ехъулIэныгъэхэм хуэдэ зыIэригъэхьэну.

**113.** Скобкэхэр къызэlуфхыурэ псалъэухахэр къифтхыкl. Упщlэхэм жьэрыlуатэу жэуап ефт.

Сурэтым къыщыгъэлъэгъуа къалэр (*зэры-*) Налшыкыр сыткlэ къапщlэрэ? Гъэм и зэманыр (*зэры-*) бжьыхьэр сыт хуэдэ нэщэнэхэмкlэ къэпщlэфыну?



- Іуащхьэмахуэ бгым теухуауэ сыт фщlэми къыжыфlэ.

## 14. Суффикс

> Псалъэ лъабжьэм и ужькlэ щыт псалъэ Іыхьэм *суффикскlэ* йоджэ. Суффиксхэм ящыщ куэдым псалъэщlэ къагъэхъу: *плъыжь — плъыжьыщэ, класс — классышхуэ.*

**114.** Фыкъеджэ. Псалъэ лъабжьэхэмрэ кІэуххэмрэ къэвгъэлъагъуэ.

цы — м; джэ-р; бэ-м

къабзэ — р; кІей-м; Іуэ-м

тхэ — р; гъуэ-м; рей-р

кІуэ — м; рей-р; гъуей-р

щыхь
щыхьы-р
щыхьы-шхуэ-р

фІы
фІы-м
фІы-гъуэ-м

Лъабжьэхэм къакІэлъыкІуэ адрей псалъэ Іыхьэхэр щхьэхуэу къэфпсэлъ: **-джэ, -бэ, -гъуэ, -кІей, -Іуэ, -гъуей, -шхуэ.**

**115.** Фыкъеджэ. Точкэхэм я пІэкІэ щытыну хьэрфхэр къафщІэ. Суффиксхэр къэвгъуэт.

Къабзэ – къ...бзащэ, дахэ – д...хащэ, гуакІуэ – гу...кІуащэ, щабэ – щ...бащэ, пхъашэ – пхъ...шащэ, щхъуантІэ – щхъу...нтІащэ, щІалэ – щІ...лащэ, мащІэ – м...щІащэ, хуабэ – ху...бащэ, занщІэ – з...нщІащэ, задэ – з...дащэ, кІагуэ – кІ...гуащэ, лантІэ – л...нтІащэ, лъагуэ – лъ...гуащэ, папцІэ – п...пцІащэ.

Суффикс **-щэ**-м и пІэкІэ, зэрезэгъкІэ, суффиксхэу **-бзэ, -Іуэ, -шхуэ** пывгъэувэ.

Псалъэхэм упщӀэ яхуэвгъэув.

*ЛъэкӀыхь* псалъэм мыхьэнэкӀэ пэщӀэувэ псалъэр мы псалъэхэм къахэвгъуатэ.

**116.** Суффикс пывгъэувэурэ псалъэщӀэ къэвгъэхъуи фтхы. Псалъэ лъабжьэхэр къыхэвгъэщ.

1. *ЦӀыху — цӀыхугъэ.*

ЦӀыху, лэжь, тхы, **лӀы**, жьы, щӀыху, **щхъуантӀэ**, дахэ.

2. *Тхэ — тхэгъуэ.*

Тхэ, кӀуэ, плъэ, джэ, шхэ, Ӏуэ, тхъэ, пщӀэ, лэ, щӀалэ, жыӀэ, щӀэтхъуэ.

● *ЦӀыхугъэ* псалъэр пычыгъуэ, макъ, хьэрф ехьэлӀауэ зэпкъырыфх.

Къыхэгъэща псалъэхэм упщӀэ хуэвгъэуви а упщӀэм жэуап хуэхъу нэгъуэщӀ псалъэхэри къэфхь.

**117.** Фыкъеджэ. КъифтхыкӀ. Точкэхэм я пӀэкӀэ езэгъыну суффиксхэр вгъэув. А псалъэхэм яхэт лъабжьэхэмрэ суффиксхэмрэ къэвгъэлъагъуэ.

1. Ныбжьэгъур бгъэпэжмэ, ныбжьэгъу… ухъункъым. 2. Лэжьыгъэр фӀыуэ зылъагъур лэжьэ… щӀы. 3. Уегугъумэ, узыпэмылъэщын гугъуехь щыӀэ… . 4. Джэд фермэм и лэжьакӀуэхэм джэдэ… дэгъуэ яухуащ. 5. Мамэ ди нанэ бостей гъуабжа… хуидащ. 6. Гъэ еджэ…р иухмэ, уэ зыгъэпсэхуакӀуэ укӀуэ…? 7. Ди щӀалэгъуалэр гуащӀа…щ.

Къэгъэсэбэпын хуей суффиксхэр: **-фIэ, -ншэ, -ну, -гъу, -къым, -фэ, -гъуэ, -щ.**

*ГуащIафIэ* псалъэм къикIыр къыжыфIэ.
*Лэжьыгъэ* псалъэр зэрызэхэт Iыхьэхэурэ зэпкърыфх.

**118.** Фыкъеджэ. Суффикс **-т** пывгъэуви къэфпсэлъыж. Къыхэгъэща псалъэхэмрэ суффикс **-т** зыпыгъэува псалъэхэу абыхэм ящIывгъуахэмрэ хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэхэр: *щыт — щытт. Мурат, сабийм деж щыт. Мурат сабийм деж щытт. Муратт сабийм деж щытыр.*

1) Шэнт, сыхьэт, щыт, Iут, тет, щIэт, хэт, **бгъэдэт**, щхьэщыт, кIэрыт, бгъурыт, къыщыт, къыкъуэт, пэрыт.

2) Жамбот, **Болэт**, ХьэIишэт, ФатIимэт, Муслъимэт, Къамбот, СэIимэт.

Суффикс **-т** зыпыту япэ Iыхьэм къыщыфпсэлъахэм ящыщу зэкIунухэр, **сы-, у-, ды-, фы-** префиксхэр япывгъэувэурэ, къэфпсэлъыж.

Псалъэхэр зэриух хьэрфымрэ суффикс **-т**-мрэ зэфлъыт.

**119.** Фыкъеджэ. Суффикс **-щ** пывгъэуви псалъэхэр къэфпсэлъыж. Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *Мы фщIыр мэкъуэщ? Мэкъуэщщ.*

Шэщ, джэдэщ, мэкъуэщ, гуэщ, **Iэщ**, щIопщ, чыщмыщ, бабыщ, къэрэндащ, тощ, лъэщ, **Iущ**, ерыщ.

*Гуэщ, тощ, мэкъуэщ* псалъэхэм къарыкIыр къафщIэ. **Сыт хуэдэ?** упщIэм жэуап хуэхъу псалъэхэр къыхэфх. Лъабжьэр зэриух хьэрфымрэ суффикс **-щ**-мрэ зэфлъыт.

> Лъабжьэр зэриух хьэрфымрэ суффиксымрэ зэщхьу зэбгъэдэувэмэ, хьэрф дэкIуашэ зэщхьитI тхын хуейщ: *щыщщ, пытт, купкъкъым*.

**120.** ЦIыкIухэм къаIуэтэжам фыкъеджэ. Скобкэхэм дэт псалъитIым щыщу езэгъыр хэвгъэувэурэ къифтхыкI. Суффиксхэр къыхэвгъэщхьэхукI.

Къызэриуам деплъу псы Iуфэм (**дыIут, дыIутт**). Адрей IуфэмкIэ нэгъуэщIхэри (**къыIут, къыIутт**).

(**Къыдэджэгуу, къыддэджэгуу**) щыт Мыщэ нэпкъым йощэтэх. Ар йос, зригъэхьэхыркъым. Ауэ нэпкъ лъагэм къыпэлъэщыркъым. Псы Iуфэм щылъ жыг иныр и щхьэкIэмкIэ псым хыдогъэукIурие. Хьэхэр (**Iущ, Iущщ**). Жыг къудамэм зыкъыкIэрещIэри Мыщэ къыхопщыж. Мыщэ зимыгъэхъейуэ (**щыт, щытт**). ИужькIэ абы зыкъыдеупсей. Ар Мыщэ гуфIэу арат.

**121.** КъифтхыкI. Точкэхэм я пIэкIэ щытын хуей псалъэхэр хэвгъэувэж. Хьэрф зэщхьитIыр щIэфтхъэ.

1. Къуажэ зэIущIэм къыщыпсэлъа хъыджэбзым и

унэцӀэр ..., и цӀэр Дахэнагъуэщ. ... Дахэнагъуэ лэжьакӀуэ пашэхэм ящыщщ (**КӀыщ, КӀыщщ**).

2. Мы щӀ...лэ цӀыкӀум и цӀэр ... . ... фӀы дыдэу йоджэ (**Нэхъупщ, Нэхъупщщ**).

3. Сурэтым ит щӀ...лэщӀэм и унэцӀэр ..., и цӀэр БетӀалщ (**КӀуащ, КӀуащщ**). ... БетӀал ус...кӀуэ гъуэзэджэу щытащ.

● *Гъуэзэджэу* псалъэм мыхьэнэкӀэ къигъунэгъу псалъэ къэфхь.

## 15. Псалъэпкъ

▲ **122.** Чэнджэщхэм фыкъеджэ. Къыхэгъэща псалъэхэм хэт щхьэ префиксхэр къэвгъэлъагъуэ.

### ХьэлыфӀ

Сыт **фщӀэми**, фегугъу. **Фымыщхьэх.** Щыгъын фӀей фщыгъыу **къэвмыкӀухь.** Къывэпсалъэм гулъытэ хуэфщӀу феплъ икӀи федаӀуэ. Нэхъыжь щыту къэвгъанэу фымытӀыс. Фэ ффӀэфӀ псори тэмэму **къэвмылъытэ.** ФыщыуэнкӀэ зэрыхъунур зыщывмыгъэгъупщэ. ГурыӀуэгъуэу фыпсалъэ. КъихыгъуафӀэу фытхэ. Зыгуэр щхьэкӀэ фыщызэгуэпым деж, занщӀэу фыкъэмыгубжь. Губжьыр фтеужынкӀэ зэрыхъунум фегупсыс.

● Щхьэ префикс **ф**-м **в**-уэ зыщӀихъуэжыр къыжыфӀэ.

**123.** Фыкъеджэ. Къыхэгъэща псалъэхэм яхэт префиксхэр къэвгъуэт.

1. Сэ **соджэ**.
Уэ **уолажьэ**.
Ар **мэтхьэщIэ**.

Дэ **доджэ**.
Фэ **фолажьэ**.
Ахэр **мэтхьэщIэ**.

2. Щэбэт махуэщ. Псоми къалэн зырыз **догъэзащIэ**: Линэ **мэпхъанкIэ**, Iэминат **мапщIэ**, сэ **сотIэ**.

**124.** Фыкъеджи къифтхыкI. Къыхэгъэща суффиксхэм гу лъыфтэ.

Лажьэ [рт], хьэлэл [щ], щхьэхынэ [къым], еджэр[къэ], егупсыс [рэ], еджэ [мэ], ищIэтэ [мэ], дэIэпыкъу [а] [щ], хуэсакъы [н] [щ], хьэулеи [ну] [къым], щыIатэ[ми], фIэфIтэ [къым], тхылъ [хэ] р.

> Фигу ивубыдэ: *-щ, -т, -рт, -къэ, -рэ, -ми, -тэмэ, -тэми, -н, -ну, -тэкъым, -хэ* суффиксхэм псалъэщIэ къагъэхъуркъым.

**125.** Префиксхэр пывгъэувэурэ къифтхыкI. Псалъэхэр я мыхьэнэкIэ зэфлъыт.

Iу, те, щIы, щIэ, хы, хэ — хьэ

къэ, нэ, хуэ — хь

къа, на — жэ

● Къагъэхъуу пІэрэ мы префиксхэм псалъэщІэ?

*ЩІыхьэ — щІэхьэ, хыхьэ — хэхьэ* псалъэхэм къарыкІ мыхьэнэ зэхуэмыдэхэр къафщІэ.

**126.** Суффиксхэр пывгъэувэурэ псалъэхэм фыкъеджэ. Псалъэхэр я мыхьэнэкІэ зэфлъыт.

шэд, пшахъуэ, мыл — лъэ

Іуэху, пщІэ, уз — ншэ

фІыцІэ — гъэ, пс, бзэ

дахэ — щэ, кІей, Іуэ

● Къагъэхъуу пІэрэ мы суффиксхэм псалъэщІэ?

*Дахащэ, дахэІуэ, дахэкІей* псалъэхэм **э**-уэ щыдгъэІу макъыр хьэрфзешэ **а**-кІэ къэгъэлъэгъуэн щІыхуейр къыжыфІэ.

**127.** Суффиксхэр пывгъэувэурэ псалъэхэр къэифтхыкІ. Суффиксхэр къыхэвгъэщ. Псалъэхэр я мыхьэнэкІэ зэфлъыт.

кІуэ — кІэ, гъуэ, рей, кІей

гъуэжь, цІыху, щхъуантІэ, хужь — гъэ

● Къагъэхъуу пІэрэ мы суффиксхэм псалъэщІэ?

Псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи нэхъ купщІафІэхэр фтхы.

*ЩхъуантІагъэ* псалъэм зи тхыкІэр гъэбелджылын хуейуэ хэт макъзешэр къэвгъуэти къэфпщытэ.

▲ **128.** Фыкъеджэ. ПсалъэщӀэ къэзыгъэхъу префиксхэмрэ суффиксхэмрэ къэвгъуэт, абыхэм хухэха дамыгъэхэмкӀэ къэвгъэлъагъуэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *щхьэдэх, псыӀэ.*

ПлъыӀжьыгъэ, кӀуэкӀэ, щабащэ, пӀащӀэӀуэ, цӀыхугъэ, хужьыбзэ, ӀэфӀыпс, хэкуншэ, псэлъэрей, Ӏуэхушхуэ, псыӀэ, гъуэжьыфэ, пщӀэгъуэ, тетхэ, хуэкӀуэ, Ӏухьэ, къаплъэ, нэхь, гуэгъакӀэ, кӀэрысэ, къэтӀ, кӀэлъыкӀуэ, хэплъэ.

● *ПщӀэгъуэр* лэжьэгъуэ лъэхъэнэщ. Лэжьэгъуэ лъэхъэнэу фызыщыгъуазэхэр къевбжэкӀ.

**129.** Фыкъеджэ. Къыхэгъэща псалъэхэм хэт кӀэухыр, апхуэдэуи псалъэ къэзымыгъэхъу префиксхэмрэ суффиксхэмрэ къыхэвгъэщурэ къифтхыкӀ.

– Нанэ, къащтэ сэ **ныпхуэсхьынщ** уи хьэлъэр, сэ къызэхьэлъэкӀынукъым.

– **Упсэу**, си щӀ...лэ цӀыкӀу. Хэтхэ уащыщ? Хэт урикъуэ, нэху?

– Мэшыкъуэ Хьэбыж срикъуэщ.

– **ФӀыр** къыхуищӀэ апхуэдэ гулъытэ зиӀэ щӀ...лэ зыгъасэм. Уи гъащӀэр нэху ухъу.

– Жьыщхьэ махуэ ухъу.

● Сытым гу лъывигъэта мы тхыгъэм?

**ФӀым фӀыщӀэ пылъщ.**
**ФӀыщӀэ цӀэрыӀуэщ.**

Кlэухыр, псалъэ къэзымыгъэхъу префиксыр, псалъэ къэзымыгъэхъу суффиксыр хэбгъэкlмэ, къанэм *псалъэпкъкlэ* йоджэ: хэс[хэ][р], узыншагъэ[м], [с][о]лэжьэф, [мэ]кlуэж.

**130.** Фыкъеджэ. Етlуанэ lыхьэр (*Нанэ, си нанэ дыщэ* псалъэхэмкlэ къыщlидзэу) къифтхыкl. Къыхэгъэща псалъэхэр зэрызэхэт lыхьэкlэ зэпкърыфх. Точкэхэм я пlэкlэ щытын хуей хьэрфхэр хэвгъэувэж.

Инал ...алшык дэт едж...пlэ нэхъыщхьэм щоджэ. Куэд мыщlэу ар д...хутыру къуажэм **щылэжьэнущ**.

Инал и нанэр фlыщэу елъагъу. Арауи къыщlэкlынщ ар щlэх-щlэх...урэ къыщlэкlуэжыр.

Ноби Инал и **къэкlуэжыгъуэщ**. Нанэ абы поплъэ. Шэдж...гъуэнэужьым Инал къосыж, бгъэдолъадэри и нанэм гуапэу lэплlэ хуещl:

– Нанэ, си нанэ дыщэ, дауэ ущыт? **Уузыншэкъэ**?

– **Сыхъарзынэщ**, си щl...лэ нэху. Уэ дауэ ущыт, си псэ тlэкlу? Уи еджэныр дауэ хъурэ?

– Еджэнри тэмэму йокlуэкl. Ущlэгузэвэн щылэкъым. Уэ куэдрэ утхуэузыншащэрэт, нанэ.

Иналрэ нанэрэ я зэхущытыкlэр къызэрыфщыхъуар къыжыфlэж.

**Нэхъыжь нэмыс, нэхъыщlэ насып.**

**Нэмысым насып къыдокlуэ.**

**131.** КъифтхыкI. Къыхэгъэща псалъэхэр зэрызэхэт Iыхьэкlэ зэпкъырыфх.

## ЩIымахуэ

ЩIымахуэр гъэм и зэман нэхъ щIыIэ дыдэщ. Уэс къос, жьы щIыIэ **къопщэ**. Псыхэр мэщт. **Сабийхэм** Iэжьэкlэ, лъэрыжэкlэ къажыхь. ЩIымахуэм махуэр нэхъ кIэщIщ, жэщыр нэхъ кIыхьщ. ЩIыми жыгхэми загъэпсэху.

ЩIымахуэр, щIыIэми, зэман **дахащэщ**!

**132.** Фыкъеджи къиIуатэр къыжыфIэж. Къыхэгъэща псалъэхэм яхэт псалъэпкъхэр къэвгъуэт.

## ЩIакхъуэ

Гуэдзыр бжьыхьэми гъатхэми хасэ. **Бжьыхьэм** траса гуэдзыр гъэмахуэм Iуахыж. Гъатхэм трасар бжьыхьэм мэхъу.

Гуэдз хьэжыгъэм щIакхъуэ къыхащIыкI. ЩIакхъуэр ерыскъы телъыджэщ. Абы пщIэшхуэ **хуэщIын** хуейщ. Урикъун фIэкIа **умыгъажьэ** е **къыумыщэху**. Къыбдэхуар хыфIумыдзэ. АбыкIэ псэущхьэхэр гъашхэ. Е ар пIащIэу зэтегъэжи гъэгъу. ЩIакхъуэ гъэгъуар шэм дэпшх мэхъу. Ар шейми докIу.

*Телъыджэ* псалъэм мыхьэнэкIэ къигъунэгъу псалъэхэр къэфхь.

Фи щIыпIэм гуэдз щащIэрэ? НэгъуэщI сыт къыхащIыкIрэ гуэдзым?

**Щlакхъуэм «къудейщ» хужумыlэ.**

**133.** Планым фригъуазэурэ хъыбарым щlэдзапlэрэ кlэухрэ къыхуэвгупсыс. Къыхэгъэща псалъэхэм яхэт псалъэпкъыхэр къэвгъуэт.

**Уlэгъэр** игъэкъэбзащ, хущхъуэ щихуэри бинт къабзэкlэ **ипхэжащ**. **Игъэшхэну** щыкъун ирита щхьэкlэ, тхьэрыкъуэм гукъыдэж ищlакъым. Хуэсакъыурэ тlысыпlэ щабэм тригъэтlысхьащ.

1. Тхьэрыкъуэр уlэгъэ зэрыхъуа щlыкlэр.
2. Япэу щlалэ цlыкlум тхьэрыкъуэм хуищlар.
3. Адэкlэ ар тхьэрыкъуэм зэрыкlэлъыплъар.
4. Щlалэ цlыкlум и гулъытэм къарикlуар.

● *Гукъыдэж ищlакъым* псалъэхэм къарыкlыр къыжыфlэ.

| гукъыдэ́ж |
|---|

## 16. Щхьэ префикс *у*-м и пэкlэ *и* зэратхыр

▲ **134.** Ижьырабгъумкlэ къыщыхьа псалъэхэм фыкъеджэ, щхьэ префиксыр къэвгъуэт. Псалъэхэр псалъэухахэм хэвгъэувэ.

| | |
|---|---|
| Уи анэм гукъеуэ ... . | иумыгъэщl |
| Уи ныкъуэфым нэгъуэщl ... . | иумыт |
| Уи тетради уи дневники узыхуэмей ... . | иумыгъафэ |
| Уи унэ лэжьыгъэр нэгъуэщlым ... . | иумытхэ |

Сыт хуэдэ макъ къэтпсэлърэ щхьэ префикс **у**-м и пэкӀэ?

> Префикс *мы*- къызыкӀэлъыкӀуэ щхьэ префикс *у*-м и пэкӀэ макъ дэкӀуашэ *й* къапсэлъ. А макъыр хьэрфзешэ *и*-кӀэ къагъэлъагъуэ: *иумыгъэлэжь*.

**135.** Точкэхэм я пӀэкӀэ къезэгъ псалъэхэр вгъэувурэ псалъэухахэм фыкъеджэ.

1. Тхылъи тетради умыфыщӀ, уи классэгъухэми . . . . 2. Цӏыхум уемыгуауэ, уи къуэш-шыпхъухэри . . . . 3. Псэущхьэхэм удын . . . . 4. Блын умыцӀалэ, нэгъуэщӀ цӀыкӀухэми . . . . 5. Уи ныбжьым къемызэгъын кинофильм уемыплъ, уи ныбжьэгъу цӀыкӀухэри . . . . 6. СлъокӀ, жыпӀэу нэгъуэщӀым уемызауэ, уэ къыбдеджэ цӀыкӀухэри . . . .

Къэгъэсэбэпын хуей псалъэхэр: *иумыгъэгуауэ, иумыгъэфыщӀ, иумыгъэцӀалэ, иумыдз, иумыгъэзауэ, иумыгъэплъ.*

**136.** Скобкэхэм дэт пычыгъуэхэм щыщу езэгъыр зи гъусэ псалъэм пыфтхэ.

Узыхыхьэ, узыхэт цӀыхухэм щапхъэ Ӏей (**йо**-, **иу**-)мыгъэлъагъу. Тхылъым уимытхыхь, сурэти (**йо**-, **иу**-)мыщӀыхь. Уэ пхуэзэфӀэмыкӀынур нэгъуэщӀым (**йо**-, **иу**-)мыудэкӀ. Уи ныбжьэгъуми уи Ӏэпэ къызыпекӀуэкӀыну нэгъуэщӀ цӀыкӀухэми мыхъумыщӀагъэ (**йо**-, **иу**-)мыгъащӀэ. Уи щхьэ (**йо**-, **иу**-)мыпэсыр нэгъуэщӀым хуумыгъэфащэ.

● Сыт хуэдэ гупсысэ зэщхь яхэлъ мы псалъэухахэм?

**137**. Точкэхэм я пІэкІэ префикс *иумы*-кІэ къыщІидзэ псалъэ хэвгъэувэурэ псалъэухахэр къифтхыкІ.

Псалъэм щыщу зы хьэрф сатырым къыумынэ, зы хьэрфи … . Уи вакъэ нэгъуэщІым … . Сабийр мэ Іей къызыпих … . Уи лъэпэд уи анэ … . Жыг щІыфэр сапэкІэ … . КъэкІыгъэ зэи … . Уи мыхьэпшып уи жып … .

## УпщІэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ

1. Псалъэм хэтынкІэ хъуну Іыхьэхэр къыжыфІэ.
2. КІэуххэр зэфхъуэкІыурэ *тхыгъэ* псалъэр къэфпсэлъ.
3. УпщІэхэмкІэ псалъэ зэлъабжьэгъу къэвгъэхъуи лъабжьэр къыхэвгъэщхьэхукІ:
*Сыт **шейр** зэрагъэІэфІыр? Сыт зэреджэр фошыгъу зракІутэ хьэкъущыкъум?*
4. Псалъэхэм лъабжьэгъу къахуэфхьи лъабжьэхэр къыхэвгъэщхьэхукІ:

щабэ (**сыт хуэдэ?**) … , (**сыт ищІэр?**) …
къабзэ (**сыт хуэдэ?**) … , (**сыт ищІэр?**) …

5. Префиксхэр дауэ зэщхьэщыкІрэ?
Префиксхэр къыхэвгъэщхьэхукІ: *стхащ, къэкІуащ*.
Дэтхэнэ префиксра псалъэ къэзыгъэхъуар?
Префиксхэмкlэ псалъэ къэвгъэхъу: (**пы-**, **хуэ-**, **бгъуры-**, **къа-**, **щы-**, **бгъэдэ-**) тхэ.

6. Дэтхэнэ суффиксхэра псалъэ къэзыгъэхъур: *тхыгъэ, тхащ, тхакъым, тхэнщ, тхыгъуей*.

7. Сыт языныкъуэ псалъэхэм хьэрф дэкӏуашэ зэщхьитӏ щӏыхэтыр: *къыддэлэжьащ, дэрбзэрри, щытт*.

8. Сыт щхьэ префикс **с**-м **з**-кӏэ зыщӏихъуэжыр: *стхащ — злэжьащ*.

9. Скобкэхэм дэт префиксхэм я тхыкӏэр къыжыфӏэ: *(зэры-) Гагариныр, (мы-) Муратмэ, (у-) Мухьэмэдщ, (фы-) Мэкъуауэщ, (зэры-) пассажирыр, (мы-) дохутырмэ, (сы-) шахтёрщ*.

10. Скобкэхэм дэт пычыгъуэхэм щыщу псалъэм пыгъэувэн хуейр къыхэфх: (*йо-, иу-*) ...*мыгъэзауэ*.

11. Сыт **псалъэпкъыр** зищӏысыр? Псалъэпкъыр къыхэвгъэщхьэхукӏ: *къыхуэкӏуащ*.

| пассажи́р |
|---|

# ПСАЛЪЭ ЛЪЭПКЪЫГЪУЭХЭР

## 17. Псалъэ лъэпкъыгъуэхэмкӏэ гурыӏуэгъуэ

*Ӏэминэ бостей гъуэзэджэ идащ.*

(**Хэт?**) *Ӏэминэ* – предмет къокӏ.

(**Сыт?**) *бостей* – предмет къокӏ.

(**Сыт хуэдэ?**) *гъуэзэджэ* – предметым и щытыкӏэ (и дахагъ-ӏеягъ, и фӏагъ-ӏеягъ) къегъэлъагъуэ.

(**Сыт ищӏар?**) *идащ* – предметым ищӏар къегъэлъагъуэ.

*Ӏэминэ бостей гъуэзэджэ идащ* псалъэухам псалъэу плӏы хэтщ. А псалъэхэр я мыхьэнэкӏи яхуэув упщӏэкӏи зэщхьэщокӏ.

> Псалъэухар псалъэу зэхэтщ. Псалъэхэр *лъэпкъыгъуэкӏэ* зэхагъэкӏ.

138. Фыкъеджэ, упщӏэ яхуэвгъэув.

Кхъуэщын, фӏэӏу, абрагъуэ, яухащ, елыркъэш, лъэщ, **къос**, кӏэщӏ, хуабэ, дыгъэ, мазэ, уэсэпс, лъахъшэ, **ткӏуэжынщ**, уэздыгъей, кӏэртӏоф, къэбыстэ, етхьэщӏ, етхъу, бэлагъ, Ӏэмырбий, бдзэкъунтх, вагъуэ, бабыщ, дыжьын.

Псалъэхэр мыпхуэдэу зэхэвгъэкI:

1. Предмет къызэрыкIхэр: (**хэт?, сыт?**) ... . 2. ЩытыкIэ къэзыгъэлъагъуэхэр: (**сыт хуэдэ?**) ... . 3. Лэжьыгъэ къызэрыкIхэр: (**сыт ищIэрэ?, сыт ящIар?, сыт къыщыщIынур?**) ... .

*Абрагъуэ, лъахъшэ, кIэщI* псалъэхэм мыхьэнэкIэ япэщIэувэ псалъэхэр къэфхь. Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

**елыркъэш**

Фыкъеджэ:

Псы, къурш, хьэуа, шыпхъу, Джэримэс – предмет къагъэлъагъуэ – **щыIэцIэхэщ**.

Гуапэ, хуабэ, пэж, хахуэ – предметым и щытыкIэ къагъэлъагъуэ – **плъыфэцIэхэщ**.

Ежьыщ, мэцIантхъуэ – предметым илэжьыр, къыщыщIыр къагъэлъагъуэ – **глаголхэщ**.

ЩыIэцIэр, плъыфэцIэр, глаголыр псалъэ лъэпкъыгъуэхэщ.

**Дахэ зыжепIэм къыбжеIэж.**

**Тхылъыр щIэныгъэм и IункIыбзэщ.**

**Iущыр щэ мэчэнджащэ.**

**139.** Хьыбарым фыкъеджи къиIуатэр къыжыфIэж. Точкэхэм я пIэкIэ щытын хуей хьэрфым и цIэ къифIуэ.

## Псэущхьэхэр щIымахуэм

Жыг къудамэхэр уэсым **кърещIых**. Уэс куум хэту **бжьом** къекIухь. Абы къудамэ **псыгъуэ** цIыкIухэр къыпищIыкI...урэ ешх.

ТхьэкIумэкIыхьыр псей щIагъым щIэтIысхьащ. Дыгъужьыр уэсым **кIуэцIрокI**. ТхьэкIумэкIыхьыр и лъ...къуэ **кIыхьхэм** кърагъэлыркъым. Дыгъужьыр абы лъэщIохьэ.

Жьы **къепщащ**. Уэс борэным къыщIидзащ. Уашхэм щIыIэм зыщехъумэ. Бжэным мэзым къыщекIухь. **Жьындур** сакъ...у къудамэм тесщ.

Къыхэгъэща псалъэхэр зэхэфтхыкI, упщIэхэр хуэвгъэув. Тхыгъэм къыхэфхи абыхэм псалъэ тIурытI япыфтхэ.

ЩыIэцIэхэр: ...
ПлъыфэцIэхэр: ...
Глаголхэр: ...

**140.** Хъыбарым фыкъеджи къиIуатэр къыжыфIэж. Къыхэгъэща псалъэхэр зыщыщ лъэпкъыгъуэхэр къафщIэ.

## ФатIимэт зэрылэжьар

ФатIимэт ещанэ классым щоджэ. Ар фIыуэ **йоджэ.**

ФатIимэт нобэ школым **къикIыжащ**, зитхьэщIри шэ-

джагъуашхэ ищlащ. Зигъэпсэхури и унэ лэжьыгъэр тэмэму игъэзэщlащ.

Фатlимэт **пэгункlэ** псы къихьащ, хъыдан къищтэри унэ лъэгур lэкlуэлъакlуэу къилъэсащ.

Иужькlэ хъыджэбз цlыкlум уэшхыпс **къабзэ** къихьри удз **дахэхэм** ящlикlащ. Кlэртlоф иукъэбзри иупщlэтэжащ. Джэдхэми щыкъун яритащ.

Анэшхуэм Фатlимэт къыжриlащ:

– Ноби фlы дыдэу улэжьащ, си хъыджэбз. Иджы зыгъэпсэху.

Сыту пlэрэ анэшхуэм **нобэ** жимылэу **ноби** щlыжиlар?

Планыр и кlэм нэвгъэсыжи Фатlимэт зэрылэжьам фытетхыхь.

1. Фатlимэт и унэ лэжьыгъэр игъэзэщlащ .

2.

3.

Фи адэ-анэхэм фазэрыдэlэпыкъур къызыхэщ хъыбар кlэщl фтхыи къэфхь.

Зи lуэху егугъур сыт щыгъуи
Дыгъэм нэхъапэ къотэдж.

*Пащlэ Бэчмырзэ*

## 18. Щыlэцlэ

**141.** Дэгъэхуа хьэрфхэм я цlэр ифlуэ. Предмет къызэрыкl псалъэхэм упщlэ яхуэвгъэув.

1) Хьэли… , Сэтэне… , д…хутыр, пас…ажир, ш…-псыранэ, хъ…рбыз, б…быщ, н…пэlэлъэщl.

2) ...ыгун, б...лагъ, ...тулъкӀэ, дж.рафинэ, теп...эч.
3) Къ...быстэ, хъ...уан, кӀ...ртӀоф.

Иужь ит псалъэ гупитӀыр щхьэхуэурэ зы псалъэкӀэ зэфхъуэкӀ. А псалъэ гупхэм хэбгъэхьэ хъуну псалъэ япэ Ӏыхьэм къыхэвгъуатэ.

**джыраф́инэ**

**142.** Хъыбарым фыкъеджи къиӀуатэр къыжыфӀэж. Предмет къызэрыкӀ псалъэхэм упщӀэ яхуэвгъэув.

## ШколакӀуэр къуалэбзухэм я ныбжьэгъущ

1. Къантемыр школым къикӀыжырт. Махуэр щӀыӀэт. Жыгхэр даущыншэт. Бзу цӀыкӀухэм я закъуэт Ӏэуэлъауэр. Къантемыр къэувыӀэри бзу цӀыкӀухэм еплъу зыбжанэрэ щытащ.

2. КъуейщӀеин зыфӀэфӀ Хьэсэн къыбгъэдолъадэри мывэдзкӀэ бзухэм яхоуэ.

3. Къантемыр Хьэсэн и мывэдзыр къыӀэщӀеудри уэс зэтрихьам хедзэ: «Бзухэр букӀ хъурэ?!»

Хъыбарым и Ӏыхьэ къэс упщӀэ хуэвгъэувурэ план зэхэфлъхьэ. Сытым гу лъывигъэта хъыбарым?

**143.** Предмет къызэрыкӀ псалъэхэр гупитӀу зэхэфтхыкӀ, **хэт?** упщӀэм жэуап хуэхъухэр зы гупу, **сыт?** зыхуэувхэр етӀуанэ гупу. ЗыхущыщӀэ хьэрфхэр дэфтхэж.

Адэ, цӀыху, п.рт.ель, анэ, б.лигъ, Хьэ.шэт, псы, мыл,

уафэ, нанэ, дадэ, б.лыджэ, тхакӀуэ, жыг, **усакӀуэ, уэрэд,** ку.бжэ, шыпхъу, къуэш, къэптал,

Псыхъуре. , хадэ, б.ракъ, ш.фёр, мэз, бгы, п.цӀащхъуэ, бдзап.цӀэ, псынэ, бжьахъуэ, Мухьэрби. , уэс, уэшх, хьэ, хьэуа, псысэ.

Къыхэгъэща псалъэхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.

**уэрэ́д**

Предмет къызэрыкӀ псалъэхэр *хэт?, сыт?* упщӀэхэм жэуап хуохъу. Апхуэдэ псалъэхэм *щыӀэцӀэкӀэ* йоджэ: *(хэт?) Темболэт, усакӀуэ, анэ; (сыт?) уафэхъуэпскӀ, мэл, хьэ.*

**144.** Хъыбарым фыкъеджэ. ЩыӀэцӀэхэр къыхэфтхыкӀ, **хэт?** упщӀэр зыхуэувхэр зы гупу, **сыт?** зыхуэувхэр етӀуанэ гупу. Хъыбарым псалъащхьэ къыхуэвгъуэт.

Урок нэужьым Хьэбас пӀащӀэу унэм къокӀуэж. Унэм абы къыщыпоплъэ и шыпхъу Къэрэжан.

Къэрэжан унэр зэлъыӀуихын иухащ. Пэшым щӀэт псори мэлыдыж. Удз гъэгъа Ӏэрамэр зэрыт кхъуэщын дахэр стӀолым тетщ.

Хьэбаси Ӏуэху пыухыкӀа иӀэщ. Абы пщӀантӀэр зэлъыӀуех. Жыгхэм псы щӀегъэлъадэ. Хьэбас хьэри егъашхэ.

*Мэлыдыж* псалъэм къикӀыр нэгъуэщӀ псалъэкӀэ къыжыфӀэ.

**145.** Фыкъеджэ. ДэутIыпщыкIа хьэрфхэм я цIэр ифIуэ. ЦIыхухэм я цIэ къызэрыкI щыIэцIэхэр къыхэвгъэщхьэхукI.

К.см.навт, с.бий, къ.птал, тракт.р, к.мба.н, хъыджэбз, б.лет, ч.сыргей, къуэш, адэ, пхъэIэщэ, Iэхъуэ, б.лътоку, инж.нер, егъэджакIуэ, пхъащIэ, лётчик, ш.фёр, к.мба.нер, дэрбзэр, Мызэ, Зырамыку, щыблэ.

ЦIыху Iэщlагъэ къызэрыкI щыIэцIэхэм щхьэхуэу фыкъеджэ. Дэтхэнэ Iэщlагъэм нэхъ фыдихьэхрэ? Сыт щIэн хуейр, фIыуэ флъагъу Iэщlагъэр зэвгъэгъуэтын папщIэ?

Сыт *щыблэр* зищIысыр? Дунейм и къэхъукъащIэу фызыщыгъуазэр къыжыфIэ.

*Дэрбзэр* псалъэр зэрызэхэтым фегупсыс.

**къэпта́л**

**146.** Фыкъеджэ. ЦIыхухэм я цIэ къызэрыкI щыIэцIэхэм упщIэ яхуэвгъэув.

Дэ зэман гъуэзэджэм дыщопсэу. Ди цIыхухэм космосыр къахутэ, псыхэр къагъэжыIэщIэ, щIыщIэхэмрэ щIы бгынэжахэмрэ къагъэщIэрэщIэжурэ гъавэ бэв къагъэкI. Къалэ, завод, фабрикэ хьэлэмэтхэр яухуэ.

ЕгъэджакIуэхэм жаIэм фIыуэ фыщIэдэIуурэ феджэ. ЩIэныгъэ зэвгъэгъуэт. ЩIэныгъэм хуейр фэрэ фи адэанэхэмрэ я закъуэкъым. Абы ди Хэку псор хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фи нэхъыжьхэр зыхуежьа лэжьыгъэр адэкIэ зыгъэкIуэтэнур, езыгъэфIэкIуэнур фэращ.

● *Гъуэзэджэ* псалъэр зэпхъуэкl зэрыхъун псалъэ хъыбарым къыхэвгъуатэ.

Лlыгъэр, щlэныгъэр насыпым
И благъэ дыдэу lуэхуитlщ.

*Пащlэ Бэчмырзэ*

Цlыхухэм я цlэ къызэрыкl щыlэцlэхэм сыт хуэдэ упщlэ яхуэуврэ?

> Цlыхухэм я цlэ къызэрыкl щыlэцlэхэм зэрыщlэупщlэр хэт? упщlэрщ: (х э т?) *Хьэчим*; (х э т?) *егъэджакlуэ*.

**147.** Фыкъеджэ. Дэутlыпщыкlа хьэрфхэм я цlэ ифlуэ. Къыхэгъэща щыlэцlэхэм сыт хуэдэ упщlэхэр хуэбгъэув хъуну?

Балигъхэм псоми **къалэн** яlэщ. Я къалэнри нэгъэсауэ ягъэзащlэ. **Егъэджакlуэм** школакlуэр ирегъаджэ, еущий. **Д.хутырыр** сымаджэхэм йоlэзэ. **Тхакlуэхэм** ди псэукlэр я тхыгъэхэм къыщагъэлъагъуэ. Къу.жэдэсхэр **щlым** толэжьыхь, гъ.вэ бэв къагъэкl. **Рабочэхэм** м.шинэ, хьэпшып зэмылlэужьыгъуэхэр ящl.

Ди **едж.кlуэ** цlыкlухэми лэжьыгъэр lумпэм ящlыркъым.

Уи къару уемыблэжу Хэкум къулыкъу хуэпщlэныр уи къ.лэн нэхъыщхьэу щытын хуе.щ.

● *Лэжьыгъэр* псалъэр зэрызэхэт Iыхьэ ехьэлIауэ зэпкъырыфхи мыхьэнэкIэ абы къигъунэгъу псалъэ къэфхь.

*Iумпэм ящIыркъым* псалъэхэр къызэрывгурыIуэр къыжыфIэ.

**къулыкъу**

**148.** Фыкъеджэ, щыIэцIэхэм упщIэ яхуэвгъэув. **Хэт?** упщIэм жэуап хуэхъу щыIэцIэхэм я лъабжьэхэр къэвгъуэт.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *удзгъэкI*.

сурэт – сурэтыщI
щIэныгъэ – щIэныгъэлI
лэжьыгъэ – лэжьакIуэ
еджапIэ – еджакIуэ
тхылъ – тхакIуэ
усэ – усакIуэ
къафэ – къэфакIуэ
удз – удзгъэкI

● *ТхакIуэ* псалъэм **зэры-, мы-, у-** префиксхэр зэрыпыувэну щыкIэр къыжыфIэ. *КъэфакIуэ* псалъэр пычыгъуэ, макъ, хьэрф ехьэлIауэ зэпкъырыфх.

▲ **149.** Хъыбарым фыкъеджэ. ЩыIэцIэхэр гупитIу вгуэш, **хэт?** упщIэм жэуап хуэхъур зы гупу, **сыт?** упщIэм жэуап хуэхъухэр етIуанэ гупу.

## Си ныбжьэгъур

Сэ си ныбжьэгъур Тамерланщ. Абырэ сэрэ зы стIол дыбгъэдэсщ. Тамерлан фIыуэ йоджэ, жыIэдаIуэщ. Ар ныбжьэгъу пэжщ икIи егъэджакIуэми еджакIуэхэми

фIыуэ къалъагъу. Абы сурэти Iэзэу ещI. Махуэ къэс и сурэтхэр къысхуехь: зэм шы, зэм хьэ, зэми унэ зэтет дэгъуэ.

Тамерлан лэжьыгъэми хуэIэкIуэлъакIуэщ. ДызэщIыгъуу Iуэху щытщIэм и деж, абы и къалэныр къызыхуэтыншэу зэфIегъэкI.

Мы упщIэхэм фригъуазэурэ фи ныбжьэгъухэм фытепсэлъыхь.

Хэт уи ныбжьэгъур? Дауэ еджэрэ ар? Сыт абы нэхъ къехъулIэр? Упэжыжьэу псэурэ ар? Сыт уи ныбжьэгъум нэхъыфIу илъагъур: тхылъ еджэн, джэгун, сурэт щIын хьэмэ музыкэ? Ар лэжьыгъэм дауэ хущыт?

**150.** Фыкъеджэ. **Сыт!** упщIэм жэуап хуэхъу щыIэцIэхэр къэвгъуэт. ДэутIыпщыкIа хьэрфхэр къафщIэ.

## Къуалэбзухэм яхуэсакъ

ЩIым.хуэ махуэр кIэщIщ. Къу.лэбзухэм загъэнщIыху яшхын къахуэгъуэтыркъым. Ахэр мэж.щIалIагъэм



къ.рууншэ ещӀ. Къ.рууншэ хъуахэр щӀыӀэм еукӀ. Жылэ тӀэкӀу яхуэпхъ къу.лэбзухэм. Апхуэдэурэ хадэхэми, губгъуэхэми, жыг хадэхэми гъавэр нэхъыбэ щып.щӀыфынущ. Къу.лэбзухэм гъавэри жыгхэри хьэпӀацӀэхэм щахъумэ.

> ЦӀыхухэм нэмыщӀ, адрей щыӀэцӀэхэм упщӀэу *с ы т?* хуагъэув: *(с ы т?) мыщэ, (с ы т?) къурш*.

**151.** УпщӀэхэм тэмэму фыкъеджэурэ жэуапхэр фтхы. **Сыт?** упщӀэм жэуап хуэхъу щыӀэцӀэхэр зы екъуа занщӀэкӀэ щӀэфтхъэ.

Сыт пхъэ зэрызэпахыр? Сыт щхьэцыр зэражьыр? Сыт сымаджэм зэреӀэзэр? Сыт къэкӀыгъэм щӀагъэлъадэр? Сыт хьэжыгъэ зэраухуэнщӀыр? Сыт шэ зэразыр? Сыт ӀэкӀэ мэкъу зэрыпаупщӀыр? Сыт щӀыр зэравэр? Сыт зэреджэр щӀыр зэрагъэщабэ Ӏэмэпсымэм?

**152.** Точкэхэм я пӀэкӀэ щытыну псалъэхэр вгъэувурэ фыкъеджэ. Абыхэм упщӀэ яхуэвгъэув.

1. *Бабыщыр — джэдкъазщ*. Гуэгушыр – … . Пэгуныр – … . Тепщэчыр – … . Дыгъужьыр – … . Мыщэр – … . Мамкъутыр – … . Балыджэр – … . Алабгъуэр – … . КъыпцӀэр – … .

2. *Бжьыныр — хадэхэкӀщ*. … – хьэкӀэкхъуэкӀэщ. … – джэдкъазщ. … – къуалэбзущ. … – мэракӀуэщ. … – щыгъынщ. … – бдзэжьейщ.

3. *Белыр зэрылажьэ Ӏэмэпсымэщ*. … зэрылажьэ Ӏэ-

мэпсымэщ. ... дунейм и къэхъукъащӀэщ. ... гъэм и зэманщ.

бабыщ

▲ **153.** Псалъэуха къэс къыщыхэгъэща псалъэхэр зы псалъэкӀэ зэфхъуэкӀ. ЗэрызэфхъуэкӀа псалъэхэм упщӀэ яхуэвгъэуви ахэр зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр къафщӀэ.

Сэ си анэм сыдоӀэпыкъу. **КӀэртӀоф, жэгундэ, пхъы** согъэкъабзэ. Махуэ къэс **стэканхэр, тепщэчхэр, гуахъуэхэр, шынакъхэр, кӀэструлхэр** сотхьэщӀ. **ТегъэуваплӀэхэм, стӀолым, шэнтхэм** ятелъ сабэр къытызолъэщӀыкӀ.

Сэ си адэми сыдоӀэпыкъу. Пщыхьэщхьэ къэс **жэмыр, шкӀэр, мэлхэр, бжэнхэр** псы изогъафэ.

Къэгъэсэбэпын хуей псалъэхэр: *унэлъащӀэ, хьэкъущыкъу, Ӏэщ, хадэхэкӀ.*

● Зи тхыкӀэр гукӀэ зэгъэщӀэн хуей псалъэхэр псалъэухахэм къыхэвгъуати зэрытхыпхъэм тету къэфпсэлъыж.

**154.** Псалъэ гуп къэс зы фӀэщыгъэкӀэ зэфхъуэкӀ. Абыхэм упщӀэ яхуэвгъэув.

ЕджакӀуэ, зауэлӀ, инженер, мэзхъумэ, дохутыр — мыхэр ... . Бжьэ, гъудэ, хьэдзыгъуанэ, аргъуей, цӀыв, бадзэ — мыхэр ... . Жьы, борэн, уафэхъуэпскӀ, щыблэ, уэшх, уэ, жьапщэ — мыхэр ... . Гъэмахуэ, щӀымахуэ, бжьыхьэ, гъатхэ — мыхэр ... . Пхъэхуей, псей, уэздыгъей,

бзиху – мыхэр ... . Джанэ, пыІэ, бостей, ІэлъэщІ, кІэ, гъуэншэдж – ... .

Къэгъэсэбэпын хуей псалъэхэр: *къэхъукъащІэ, къэкІыгъэ, гъудэбадзэ, цІыху, гъэм и зэман, щыгъын.*

**155.** Точкэхэм я пІэкІэ езэгъыну щыІэцІэхэр вгъэувурэ псалъэухахэм фыкъеджэ.

... мэщыщ. ... къопс. ... мэбанэ. ... мэкІакІэ. ... мэгъуагъуэ. ... мэхъуэпскІ. ... мэкъакъэ. ... мэбу. ... къошх. ... маІуэ. ... къох. ... мэІуей. ... мэхьэмкІэ. ... мапкІэ. ... мэкъурт. ... къос. ... йожэх. ... мэгъагъэ. ... мэкъугъ. ... мэдыхьэшх.

**156.** КъифтхыкІ. ЩыІэцІэхэм упщІэ яхуэвгъэув. Фтхам гъэхуауэ фыкъеджэж.

Бдзэжьейр псы хуейщ. Къуалэбзур хьэуа хуейщ. ХьэкІэкъуэкІэхэр мэз, губгъуэ, бгы хуейщ. ЦІыхур хуейщ хэку. Природэр пхъумэмэ, хэкур пхъумэу арщ.

**157.** Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуа псэущхьэхэм я цІэр къыжыфІэ, упщІэ яхуэвгъэув. ФІэщыгъэхэр къызэщІэзыубыдэ псалъэхэр къэвгъуэти абы хыхьэ фІэщыгъэхэри къевбжэкІ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: (**Сытыр?**) *Махъшэр, щыхьыр, жэмыр, мэлыр, шыр, шыдыр, танэр, шкІэр, щынэр, чыцІыр – ахэр цІыхум зэрихуэ Іэщщ.*



Къэгъэсэбын хуей псалъэхэр: *хьэкIэкхъуэкIэ, джэдкъаз, къуалэбзу, унэ псэущхьэ.*

**пкIа́уэ**

● Сыт пкӀауэр зищӀысыр?

**158.** ЩӀымахуэм узрихьэлӀэ къэхъукъащӀэхэм зэреджэр къызэрыкӀ псалъэхэр щхьэхуэу къэфпсэлъыж.

Пшагъуэ, уафэгъуагъуэ, Ӏумыл, щыблэ, уафэхъуэпскӀ, сытхъу, хьэщхьэтеуэ, уэшх, мыл, уэ, жэп, уэсэпс, борэн, псыхьэлыгъуэ, щтырыгъу, щӀыӀэбжь, уае.

● Адрей къэхъукъащӀэхэр гъэм и сыт хуэдэ зэманым епхьэлӀэ хъуну?

УпщӀэ вгъэувурэ псалъэхэр зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр къафщӀэ.

**159.** Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуа предметхэм я цӀэр къыжыфӀэ. УпщӀэкӀэ зыхыхьэ лъэпкъыгъуэр къафщӀэ. ФӀэщыгъэхэр къызэщӀэзыубыдэ псалъэхэр къэвгъуэти абы хыхьэ адрей предметхэри къевбжэкӀ.



З э р ы г ъ у э з э н  щ а п х ъ э: (**Сытыр?**) *Помидорыр, къэбыстэр, кӀэртӀофыр, пхъыр — хадэхэкӀ къэкӀыгъэхэщ.*

Къэгъэсэбэпын хуей псалъэхэр: *хадэхэкӏ къэкӏыгъэ, пхъэщхьэмыщхьэ, зэрылажьэ ӏэмэпсымэ, классым узыщрихьэлӏэ предмет.*

| помидóр |
|---|

**160.** Упщӏэхэмкӏэ Илъэсыщӏэр къызэревгъэблэгъам фытетхыхь. Щыӏэщӏэхэр зы екъуа занщӏэкӏэ щӏэфтхъэ.

1. Илъэсыщӏэм дауэ упежьа?
2. Фи унагъуэм исхэм сыткӏэ уехъуэхъуа?
3. Хэтхэ хъуэхъуакӏуэ укӏуа? Ахэр дауэ къыпӏущӏа?
4. Хэт сымэ хъуэхъуакӏуэ къыпхуэкӏуэнур? Ахэр уи сыт?

## Упщӏэхэмрэ лэжьыгъэмрэ

1. Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр дджа?
2. Сыт щыӏэщӏэм къигъэлъагъуэр?
3. Сыт хуэдэ упщӏэхэм жэуап хуэхъурэ щыӏэщӏэхэр?
4. **Хэт?, сыт?** упщӏэхэм жэуап яхуэхъу щыӏэщӏэхэм я щапхъэхэр къэфхь.

## 19. Плъыфэщӏэ

**161.** Упщӏэхэм жэуап ефт.

1. Я фэкӏэ сыт хуэдэ мывэ фӏамыщӏыр, шыбжий сыр хъуар, шэр, уэсыр, уафэ бзыгъэр, удзыщӏэм иуфэбгъуа щӏылъэр?

2. Я ІэфІагъ-дыджагъкІэ сыт хуэдэ фошыгъур, бжьыныр, шэгъэфІэІур, нащэ шыуар, фор, шыгъур?

3. Я инагъ-цІыкІуагъкІэ сыт хуэдэ пылыр, кІэпхъыр?

4. Я теплъэкІэ сыт хуэдэ топыр, бжэр?

> Предметым и фэ, и ІэфІагъ-дыджагъ, и цІыкІуагъ-инагъ, и фІагъ-Іеягъхэм папщІэ предметым и *щытыкІэ* жыпІэ хъунущ.

**162.** Сурэтым къыщыгъэлъэгъуа предметхэр я щытыкІэкІэ зэвгъапщэ. УпщІэ вгъэув.



Зэрыгъуэзэн щапхъэ: **Сыт хуэдэ топ?** *Топ ин.* **Сыт хуэдэ топ?** *Топ цІыкІу.* **Сыт хуэдэ?** *Ин, цІыкІу. Ин, цІыкІу* псалъэхэм предметхэм я щытыкІэ къагъэлъагъуэ. Абыхэм упщІэу **сыт хуэдэ?** яхуоув.

**163.** Сурэтхэмрэ упщІэхэмрэ фригъуазэурэ жэуапхэр къэвгъуэт.







● Сурэтым сыт хуэдэ стIол ит? Сурэтым сыт хуэдэ Iэлъэщl ит?

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: *Сурэтым Iэнэ хъурей итщ. Сыт хуэдэ Iэнэ? – хъурей.*

Предметхэм щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэщ, я плъыфэ, я инагъ-цIыкIуагъ, я Iэфlагъ-дыджагъ, я фIагъ-Iеягъ къагъэлъагъуэу.

Апхуэдэ щытыкIэхэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэм *плъыфэцIэкIэ* йоджэ.

ПлъыфэцIэхэр с ы т  х у э д э? упщIэм жэуап хуохъу: с ы т  х у э д э? *пIащэ, шыугъэ, кIыхь, плIимэ, щабэ, хахуэ.*

**164.** УпщIэхэм жэуап яхуэхъу плъыфэцIэхэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэр къифтхыкI. ПлъыфэцIэхэр нэшэкъашэу щIэфтхъэ. Дэгъэхуа хьэрфхэр дэфтхэж.

ФI.мыщI (сыт хуэдэ?) фIыцIэ, шэ (сыт хуэдэ?) ... . Гъэмахуэ (сыт хуэдэ?) хуабэ, щIымахуэ (сыт хуэдэ?) ... . Лимон (сыт хуэдэ?) гуащIэ, хъ.рбыз (сыт хуэдэ?) ... . Хъ.уан (сыт хуэдэ?) Iэфl, шыбжий (сыт хуэдэ?) ... . Нащэ (сыт хуэдэ?) кIыхь, помидор (сыт хуэдэ?) ... . Шатэ (сыт хуэдэ?) Iув, шэ (сыт хуэдэ?) ... .

хъэуа́н

фIамы́щI

**165.** Точкэхэм я пIэкIэ езэгъыну плъыфэцIэхэр вгъэувурэ псалъэухахэм фыкъеджэ. Дэгъэхуа хьэрфхэм я цIэ ифIуэ.

Щlым.хуэ жэщыр кlыхьщ, гъэм.хуэ жэщыр ... .
Гъэм.хуэ махуэр кlыхьщ, щlым.хуэ махуэр ... .
Гъэм.хуэ уэшхыр хуабэщ, бжьыхьэ уэшхыр ... .
Бжьыхьэ жыгыр гъуэжьщ, гъ.тхэ жыгыр ... .
Шэдыпсыр фlейщ, псынэпсыр ... .
Адыгэ мэлым и цыр пхъашэщ, бжьэхуцыр ... .

Плъыфэцlэхэм упщlэ яхуэвгъэув.

**166.** Псалъэ зэпыщlахэм фыкъеджи мыхьэнэкlэ къапэщlэуэ псалъэ зэпыщlахэр къэфхь. Плъыфэцlэхэм упщlэ яхуэвгъэув.

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: *пхъэгулъ пlащэ — пхъэгулъ цlыкlу*. **Сыт хуэдэ?** *пlащэ, цlыкlу*.

гъуэгу бгъуфlэ – ...
псей лъагэ – ...
гъатхэ пасэ – ...
псы чэнж – ...
мэз гъунэгъу – ...
псалъэ гуапэ – ...
хьэжыгъэ щабэ – ...

сэ дзагуэ – ...
дыд папцlэ – ...
мылэрысэ lэфl – ...
махуэ кlыхь – ...
щlалэ хахуэ – ...
уэздыгъэ нэху – ...
баш захуэ – ...

**167.** Псалъэхэм фыкъеджэ. Мыхьэнэкlэ абыхэм къигъунэгъу плъыфэцlэхэр ящlывгъуурэ къифтхыкl. Упщlэ вгъэув.

Хьэлэмэт, ... . ЛантӀэ, ... . Хахуэ, ... . Благъэ, ... . ПӀащэ, ... . ЩӀыӀэ, ... . ЖыӀэщӀэ, ... . Дахэ, ... . Ӏей, ... . Жан, ... . Пхъашэ, ... .

Къэгъэсэбэпыпхъэ псалъэхэр: *гущыкӀыгъуэ, уае, жыӀэдаӀуэ, гуакӀуэ, гурыхь, абрагъуэ, лӀыхъужь, маисэ, гъунэгъу, быдэ, гъэщӀэгъуэн, фӀы, гъуэзэджэ, телъыджэ, ӀэтӀэлъатӀэ.*

**168.** Точкэхэм я пӀэкӀэ мыхьэнэкӀэ езэгъыну плъыфэцӀэхэр фтхы. Абыхэм упщӀэ яхуэвгъэув.

Уафэр ... . КъуэкӀыпӀэмкӀэ пшэплъ ... щолыд. Мис дыгъэр къыкъуэкӀащ. Абы и нурым мэз ... , хъупӀэ ... , губгъуэ ... , псы ... къигъэнэхуащ.

Къэгъэсэбэпын хуей псалъэхэр: *бзыгъэ, плъыжьыфэ, щхъуантӀэ, хуит, гъунапкъэншэ, цӀыкӀур.*

Гъэм и сыт хуэдэ зэманым хуэкӀуэрэ псалъэухахэм зи гугъу щыщӀа щытыкӀэхэр? Иджыпсту сыт хуэдэ зэман екӀуэкӀрэ?

**169.** ЩыӀэцӀэхэм мыхьэнэкӀэ къекӀуну плъыфэцӀэ зыбжанэ къэфхь.

Тенджыз (сыт хуэдэ?)
Пшэ (сыт хуэдэ?)
Уэшх (сыт хуэдэ?)
Махуэ (сыт хуэдэ?)
Уафэ (сыт хуэдэ?)
Псысэ (сыт хуэдэ?)
Бгы (сыт хуэдэ?)
Джыдэ (сыт хуэдэ?)

*Тенджызыр* псалъэр пычыгъуэ, макъ, хьэрф ехьэлIауэ зэпкъырыфх.

**ПСЫ́СЭ**

**170.** Дунеяплъэ фызэрыкIуам теухуауэ хъыбар жьэрыIуатэу зэхэфлъхьэ. Хъыбарым къыщцывгъэлъагъуэ фыздэкIуар, фыщIэкIуар, абы щыфлъэгъуар, щызэхэфхар, къыщыфщIар, псом хуэмыдэу, фигу нэхъ ирихьар.

Хъыбарым плъыфэцIэ нэхъыбэ къыщцывгъэсэбэп.

**171.** ЩытыкIэхэр зэпхьэлIэ хъуну предметхэм я цIэр къыжыфIэ.

Щхъуэ, нэпсей. ПсынщIэ, щхъуэ цIыкIу, шынэкъэрабгъэ. ЦIыкIу, гъуабжафэ, псынщIэ. Пцlыупс, Iэмалшы, цыплъ. Ин, бэлацэ. Ин, бланэ, гуащIафIэ.

*Гъуабжафэщ*, псалъэм къызэрапщытэ псалъэр къахуэфхь. Псалъэр зэрызэхэт Iыхьэурэ зэпкъырыфх.

**172.** ПлъыфэцIэхэр къыхэфтхыкI. Ахэр хэмыту текстым фыкъеджи къыщыщIым феплъ.

КIуацэ хъыджэбз цIыкIущ, гуфIэнэIущ, дыгъэпсми, акъужьми, уэсми, уэшхми – сыт хуэдэ дахагъэми щогуфIыкI. Ауэ псом хуэмыдэу и нэ-и псэщ удз гъэгъахэр. Ахэр гъатхэм нанэ дыхесэ, къэкIа нэужь, я лъабжьэр фIанэ цIыкIукIэ егъэщабэ, удзыжь къащIигъакIэркъым, щIэх-щIэхыурэ псы ящIекIэ.

Бжэlупэм хьэсэ бгъуфIэшхуэу щызэщIопщIыпщIэ удз

гъэгъа зэмылӀэужьыгъуэхэр. Абыхэм щахэткӀэ, езы КӀуаци удз гъэгъа пӀащэшхуэ къыпфӀощӀ: бостей хужьыбзэ щыгъщ, Ӏэпапӏэ плъыжьхэр къытелыдыкӀыу, и щхьэц фӀыцӀэри, къудамитӀу ухуэнауэ, лентӀ хужьыбзэхэри япыщӀэжауэ, и щӀыбым тоблаблэ. Зыгуэрхэр къыжраӀэ хуэдэ, гъэгъахэм КӀуацэ зыкъыхуагъэщхъ, мыдрейри абыхэм ятоӀэбэ, йодэхащӀэ, пэгун хьэлъэр егугъупэу игъэӀэпхъуэурэ, крушкӀэ цӀыкӀукӀэ удз дахэхэм псы ящӀекӀэ.

Псы мащӀэ трикӀакъым КӀуацэ удз гъэгъа хьэсэшхуэм. Гъэгъа мащӀи игуэшакъым абы мыгъэрей гъэмахуэм. Иджы бжьыхьэщ. Жыг хадэм пщӀащэ гъуэжьхэр щызолъатэ, къуажэбгъу тафэшхуэми щхъуантӀагъэр фӀэкӀуэдащ, нэхъ фейцеифэ къытеуащ. Ауэ, гъэщӀэгъуэнракъэ, язынықъуэ гъэгъахэр нэхъри щӀэращӀэ хъуа къыпфӀощӀ. ГурыӀуэгъуэщ абыхэм бжьыхьэр фӀыуэ зэралъагъур.

**173.** ЩыӀэцӀэхэмрэ плъыфэцӀэхэмрэ зэщӀывгъу. ЩыӀэцӀэхэм къабгъэдэкӀыу плъыфэцӀэхэм упщӀэ яхуэвгъэув.

1) ЛентӀ, щэкӀ, хьэсэ *(бгъузэ)*; уэрам, пхъэбгъу *(бгъуфӀэ)*.

2) БжэӀупэ, хъыдан, щыгъын *(гъущэ)*; хъыдан, лъэпэд *(псыф)*.

3) Мастэ, чы, Ӏуданэ *(псыгъуэ)*; лъэдий, Ӏэпщэ *(гъум)*.

4) Мэз, шатэ *(Ӏув)*; шэ, хьэнтхъупс *(пӀащӀэ)*.

Предмет плӀимэ, хъурей, лъагэ, лъахъшэ къэзыгъэлъагъуэ хэту мыпхуэдэу фтхы: *стӀол плӀимэ, гъуджэ плӀимэ, доска плӀимэ.*

**174.** Точкэхэм я пӀэкӀэ къыхэгъэща плъыфэцӀэхэм мыхьэнэкӀэ къапэщӀэуэ плъыфэцӀэхэр вгъэувурэ фыкъеджэ. ЩыӀэцӀэм къыбгъэдэкӀыу плъыфэцӀэм упщӀэ хуэвгъэув.

| | |
|---|---|
| кӀапсэ **кӀыхь** – | кӀапсэ … |
| кӀэ **кӀыхь** – | кӀэ … |
| гъуэгу **кӀыхь** – | хъыбар … |

БдзапцӀэ **хьэлъэ**, бжьэхуц … . ГъущӀ кӀапсэ **быдэ**, щӀэп кӀапсэ … . Фэтыджэн **тkӀуаткӀуэ**, фӀамыщӀ … .

Макъ **э**-р хьэрф **а**-кӀэ къызыщыгъэлъэгъуа псалъэхэр къэвгъуэти абыхэм я тхыкӀэр къэфпщытэ.

**бдза́пцӀэ** **фэтыджэ́н**

**175.** Фи кӀэлъыплъыныгъэм къыхэкӀыу щӀымахуэм фытетхыхь.

1. ЩӀылъэмрэ уафэмрэ я теплъэр.
2. Хьэуам и щӀыӀагъ-хуабагъыр.
3. Дыгъэм и къепсыкӀэр.
4. Псынэхэмрэ гуэлхэмрэ я щытыкӀэр.
5. Къуалэбзухэм я псэукӀэр.
6. Сабийхэм я нэгу зэрызрагъэужьыр.

ПлъыфэцӀэхэр екъуа нэшэкъашэкӀэ щӀэфтхъэж.

**176.** Фыкъеджи зытепсэлъыхьыр къафщӀэ.

Тхьэкlумэ тетщ, кlэ пытщ, и щlыфэм цы тетщ.

Тхьэкlумэ кlыхь тетщ, кlэ кlэщl пытщ. Гъэмахуэм и цыр щхъуэщ, щlымахуэм хужьщ.

Дэтхэнэ псалъэхэмкlэ къэфщlа зи гугъу ищl псэущхьэр? Сыт хуэдэ упщlэ хуэуврэ а псалъэхэм? Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэм щыщ а псалъэхэр? Плъыфэцlэр сыткlэ сэбэп хъурэ?

**177.** Сурэтхэмкlэ хъыбар зэхэфлъхьэ. Плъыфэцlэхэр зи гъусэ щыlэцlэхэм я щlыгъуу фтхы.



Мыпхуэдэу къыщlэвдзэ:

*Щlымахуэт. Дунейр щlыlэт. Уэс зытхъу дадэм щlалэ цlыкlуитl бгъэдохьэ ... .*

## Упщlэхэмрэ лэжьыгъэмрэ

1. Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр дджа?
2. Сыт плъыфэцlэм къигъэлъагъуэр?
3. Сыт хуэдэ упщlэм жэуап хуэхъурэ плъыфэцlэр?

4. Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэм епхауэ къакIуэрэ плъыфэцIэр? Мыпхуэдэ щапхъэхэмкIэ къэвгъэлъагъуэ: *псалъэ IэфI, ... .*

5. Дэтхэнэр нэхъ гурыIуэгъуэ, нэхъ жыIэкIэ дахэ: *таурыхъ, щIылъэ — таурыхъ гъэщIэгъуэн, щIылъэ щхъуантIэ.*

6. Сыт хуэдэ къалэн щигъэзащIэрэ ди бзэм плъыфэцIэм?

## 20. Глагол

▲ **178.** Сурэтхэм феплъи я лъабжьэм щIэт упщIэхэм зы псалъэкIэ жэуап ефт.



Сыт цIыкIухэм ящIэр?



Сыт Хьэсэн ищIэр?



Сыт сабийм къыщыщlар?



Сыт мылым къыщыщlар?

**179.** Упщlэхэм жэуап ефт. Предметхэм къащыщlыр къызэрыкl псалъэхэр къэвгъуэти упщlэ яхуэвгъэув.

Сыт къыщыщlыр уэсым, унэ хуабэм щlэпхьэмэ?
Сыт къыщыщlыр псым, щlыlэ уаем хэпхьэмэ?
Сыт къыщыщlыр удзым, куэдрэ псы имыгъуэтмэ?
Сыт къыщыщlыр мывэ сэхум, псым хэплъхьэмэ?
Сыт къыщыщlыр мафlэдзым, мафlэм епхьэлlэмэ?
Сыт къыщыщlыр фошыгъум, шейм хэбдзэмэ?
Сыт къыщыщlыр шэ хуабэм, шхупцlатэ ептмэ?

Предметым ищlэр е къыщыщlыр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэм *глаголкlэ* йоджэ.

Глаголыр жэуап хуохъу *сыт ищlэрэ предметым?*, *сыт къыщыщlрэ предметым?* жыхуиlэ упщlэхэм.

*Сыт ищlэрэ?* – мэлажьэ. *Сыт къыщыщlрэ?* – *мэфlэlу*.

**мы́вэ**

**180.** ШколакӀуэм и письмом фыкъеджэ. УпщӀэ вгъэувурэ глаголхэр къэвгъуэт. Хьэрфхэр хэвгъэувэжурэ къифтхыкӀ.

## Си ныбжьэгъу Хьэсэн!

Сэлам гуапэ узох, уи узыншагъэр зэрытэмэмым сыщыгуфӀыкӀащ.

Хьэсэн, уэ сэ укъызолъэӀу, ди классым теухуауэ ныпхуэстхынӀауэ. Уи лъэӀур си гуапэу согъэзащӀэ.

Ди клас.ыр икъукӀэ клас.ыфӀщ. Дэ сыт щыгъуи зыр зым дыдоӀэпыкъу. Дэтхэнэ зыри школым къиӀэт Ӏуэхугъуэхэм жыджэру хэтщ. Зи ныбжьыр хэкӀуэта лӀыжь-фызыжьхэм ди гуапэу дадоӀэпыкъу.

Дэ фӀыуэ доджэ, дызэгъусэуи зыдогъэпсэху. Кином, т.атрым, ст.дионым докӀуэ. Нэхъ тхылъ хьэлэмэтхэм дызэщӀыгъуу дыкъоджэ.

Гъэм.хуэ зыгъэпсэхугъуэм зыплъыхьакӀуэ Налшык дыкӀуэнущ. Си клас.эгъухэр уэзгъэцӀыхунущ.

Узыншэу ущыт.

*Уи ныбжьэгъу Лиуан*

**теа́тр**

Мы письмом фригъуазэурэ письмо тхыкӀэ зэвгъащӀэ.

**181.** УпщӀэхэмкӀэ хъыбар зэхэфлъхьи фтхы. Глаголхэр екъуаитӀкӀэ щӀэфтхъэ.

1. Гъэм и сыт хуэдэ зэман екIуэкIыр?
2. ЦIыхухэр дауэ хуэпа?
3. Сыт ящIэрэ цIыхухэм?

Мы псалъэхэр къэвгъэсэбэп: *щIымахуэ, къажыхь, уэсыр ятхъу*.

▲ **182.** 1) ЯщIэмкIэ, къащыщIымкIэ предметхэр къафщIэ.

Мэфий, мэкъугъ, къопщэ (**сытыр?**)
Мэлыд, къопс, уегъэхуабэ (**сытыр?**, **сытым?**)
Къогъагъэ, къотIэпI, къыпокIэ (**сытыр?**, **сытым?**)

2) Глаголхэм упщIэ яхуэвгъэув, езэгъыну щыIэцIэхэр къахуэфхь.

МакIуэ (цIыхур, ... , ...)
Щытщ (хъумакIуэр, ... , ...)
Мэджэгу (сабийр, ... , ...)

3) Фыкъеджи глаголхэр я мыхьэнэкIэ зэфлъыт.

ЩIалэр макIуэ. Зэманыр макIуэ. Сабийр мажэ. Псыр йожэх. Си гур занщIэу абы мажэ.

**183.** 1) УпщIэ вгъэувурэ глаголхэр къэвгъуэт.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *Дэрбзэрым* (**сыт ищIэр?**) *мабзэ, мадэ.*

Дэрбзэрым, трактористым, ухуакӀуэм, пшынауэм, хъумакӀуэм, комбайнерым, дохутырым, еджакӀуэм, анэм, анэшхуэм.

2) Хэт сыт ищӀэми, фтхы. ЩыӀэцӀэмрэ глаголымрэ упщӀэкӀэ зэпыфщӀэ.

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: (**хэт?**) *шкӀахъуэм* (**сыт ищӀэрэ?**) *егъэхъу; егъэхъу* (**сыт?**) *шкӀэ*.

ТхакӀуэм ... ... .
ПхъащӀэм ... ... .
Дохутырым ... ... .
Лётчикым ... ... .
Шофёрым ... ... .
Пощтзехьэм ... ... .
ЕгъэджакӀуэм ... ... .
Машинистым ... ... .

**184.** Псалъэ зэлъабжьэгъухэм фыкъеджэ. Дэгъэхуа хьэрфхэр къэфпщытэ. Глаголхэм упщӀэ яхуэвгъэув.

Къабзэ, къ.бзагъ, къ.бзэкӀей, **егъэкъабзэ**.
Дахэ, д.хагъ, д.хащэ, д.хэкӀей, **егъэдахэ**.
Лъагэ, лъ.гагъ, лъ.гащэ, лъ.гэӀуэ, егъэлъагэ.
ЩхъуантӀэ, щхъу.нтӀагъэ, щхъу.нтӀэпс, щхъу.нтӀэӀуэ, къегъэщхъуантӀэ.

Къыхэгъэща глаголхэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ. *Егъэкъабзэ* псалъэр зэрызэхэт ӀыхьэкӀэ зэпкъырыфх.

**185.** Фыкъеджэ. ЦӀыхум и сэбэп зыхэлъыр фтхы. Глаголхэр щӀэфтхъи упщӀэ яхуэвгъэув.

И дзэр елъэщӀ. Псы щӀыӀэ дыдэ йофэ. Хьэуа къабзэм

хэтрейщ. Шхын пщтыр дыдэ ешх. Пэшым хьэуа къабзэ къыщIрегъахуэ. Пхъэщхьэмыщхьэхэр мытхьэщIауэ ешх. И Iэр имытхьэщIу машхэ. И Iэбжьанэпэхэр дзапэкIэ къыпегъукI. ПщэдджыжькIэрэ зарядкэ ещI. Тутын йофэ. Хадэм йолэжьыхь. Псэущхьэхэм яхуосакъ. Игу къыдэмыжмэ, дохутыр зрегъэплъ.

Етхуанэ псалъэухар псалъэм и лъэпкъыгъуэкIэ зэпкърыфх.

## Дзэр узыншэхукIэ, лъатэри узыншэщ.

**186.** УпщIэхэм жэуап ефт. Глаголхэм щхьэхуэу упщIэ яхуэвгъэув.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *Сэ иджыпсту «Ди къуажэ щIалэ цIыкIухэр» тхылъым соджэ.* (**Сыт сщIэрэ?**) *соджэ.*

1. Сыт хуэдэ тхылъ уэ иджыпсту узэджэр?
2. Сыт хуэдэ тхылъ уеджа мы дызэрыт мазэм?
3. Сыт хуэдэ тхылъ уеджэну уи гугъэ?

**187.** Фыкъеджэ. Къыхэгъэща глаголхэм упщIэ яхуэвгъэув.

Махуэ къэс щIакхъуэ щабэ, щIакхъуэ хуабэ щыIэн папщIэ, цIыхухэм къару куэд **ирахьэлIэ**. Ди къэралым щIакхъуэр щыпудщ. ЩIэпудыр, цIыхур зыхуеймхуэдиз къищэхуфын папщIэщ.

Гугъуехь пылъу **къагъэкI** гъавэм дыщысхьын хуейщ. ЩIакхъуэ хыфIэвмыдзэ, хыфIэзыдзэхэри къызэтевгъэ-

увыӀэ. Щӏым щылъу щӏакхъуэ флъагъумэ, къафщти къуалэбзухэм, уэрамым дэт хьэхэмрэ джэдухэмрэ **евгъэшх**.

## Щӏы нэхъ бей щыӏэкъым.

▲ **188.** Фыкъеджэ. МыхьэнэкӀэ къапэщӏэуэ глаголхэр къэфхь. Упщӏэхэр вгъэув.

Щапхъэ: *кӀуащ (кӀуэнущ, макӀуэ) — къэкӀуэжащ (къэкӀуэжынущ, къокӀуэж).*

Бгъэдыхьащ (бгъэдыхьэнущ, бгъэдохьэ) –
Щӏыхьащ (щӏыхьэнущ, щӏохьэ) –
Тӏысащ (тӏысынущ, мэтӏыс) –
Ӏухьащ (Ӏухьэнущ, Ӏуохьэ) –
Дыхьащ (дыхьэнущ, дохьэ) –
Трилъхьащ (трилъхьэнущ, трелъхьэ) –
Фӏидзащ (фӏидзэнущ, фӏедзэ) –

● Япэ ит псалъиплӀыр къэвгъэсэбэпурэ псалъэухаиплӀ зэхэфлъхьи фтхы.

**189.** Фыкъеджэ. КъифтхыкӀ. Глаголхэр екъуа занщӏитӀкӀэ щӏэфтхъэ.

## Ди къалэр

Ди къалэм дэт удз гъэгъахэм я напӀэр пщэдджыжькӀэ дыгъэм хузэтрах. Къалэбгъум щыӀэ паркым жыг зэмылӀэужьыгъуэ куэд итщ. Удз гъэгъа куэди ущыхуозэ

паркым. Къалэм и уэрамхэри апхуэдэу жыг зэмылIэужьыгъуэхэмрэ удз гъэгъахэмкIэ гъэдэхащ.

Ди къалэр мэщIэращIэ. Дыгъэми къалэ щIэращIэм зыкъыдещI. Къалэр пщэдджыжь салъкъынкIэ мэбауэ. Уэрамхэр инщ, захуэщ, бжьыфIэщ.

*Я напIэр дыгъэм хуэзэтрах, дыгъэми зыкъыдещI* псалъэхэм къарыкIыр къафщIэ.

*МэщIэращIэ* псалъэм мыхьэнэкIэ къигъунэгъу псалъэ хъыбарым къыхэвгъуатэ.

**салъкъы́н**

**190.** Фыкъеджэ. Глаголхэм упщIэ яхуэвгъэув.

ЩIылъэм уэсыр текIыжынщ. Гъатхэр пщIыпщIыжу къытхуэкIуэнщ. Гъатхэ зэщIэплъэм и бзийхэмкIэ тафэм едэхэщIэнщ. Ар зэригуапэм и щыхьэту бахъэр къыщхьэщыувэнщ. ЩхъуантIагъэм щIылъэр ихуэпэнщ. Щымахуэм жея псэущхьэхэр гъатхэпэм щIыгъуу къэушынщ. Бзухэм я уэрэдми дунейр зэщIищтэнщ. А псоми щыгуфIыкI цIыхухэр гъавэ хэсэным и ужь ихьэнщ.

Макъ **э**-р хьэрф **а**-кIэ къызыщыгъэлъэгъуа псалъэу щы хъыбарым къыхэвгъуатэ.

Япэ псалъэухар псалъэм и лъэпкъыгъуэкIэ зэпкърыфх.

Нэгъуэщ сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр фщIэрэ?

**191.** Фи адэ-анэхэм, благъэхэм, гъунэгъухэм я лэжьыгъэм фыщIэупщIи, къэфщIар хъыбар кIэщIу фтхыж.

Фызыщыгъуазэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр къыхэфтхыкI.

ЩыIэцIэхэр:
ПлъыфэцIэхэр:
Глаголхэр:
БжыгъэцIэхэр:
ЦIэпапщIэхэр:

## 21. ЦIэпапщIэ

ЩыIэцIэ – предметым, псэущхьэм, цIыхум фIаща цIэщ: *шэнт, уэс, бадзэ, пыл, анэ, къуэш, Ирэ, Муса, вагъуэдж*. Ахэр цIэхэщ. Хэт?, сыт? упщIэхэм жэуап хуохъу.

ПлъыфэцIэ – предметым и теплъэр – и фэр, и инагъ-цIыкIуагъ, и Iэфlагъ-дыджагъ къегъэлъагъуэ. Сыт хуэдэ? упщIэм жэуап хуохъу. Сыт хуэдэ губгъуэ? – губгъуэ *щхъуантIэ*.

Сыт хуэдэ класс? – класс ***къабзэ***

Сыт хуэдэ пыл? – пыл ***абрагъуэ***

Сыт хуэдэ анэ? – анэ ***гуапэ***

ЩыIэцIэмрэ плъыфэцIэмрэ – цIэхэщ. А цIэхэм я пIэкIэ къэдгъэсэбэпу диIэщ псалъэ кIэщI цIыкIухэр: *сэ, дэ, уэ, фэ, ар, ахэр.* Мы псалъэхэм, щыIэцIэм хуэдэу, хэт?, сыт? упщIэхэр яхуоув.

Хэт? – *сэ.* Хэт? – *дэ.* Хэт? – *уэ.* Хэт? – *фэ.* ЦIыхур и щхьэм щытепсэлъыхьым деж, *сэ* жеIэ, и закъуэмэ, гъусэ иIэмэ, *дэ* жеIэ.

*Сэ* сыдэlэпыкъунщ.
*Дэ* дыдэlэпыкъунщ.
Щlыхур зэпсалъэм и цlэм и плэкlэ *уэ* жеlэ, и закъуэмэ.
*Уэ* пхуэтха?
*Фэ* фхуэтхащ – жеlэ, зэпсалъэм гъусэ иlэмэ.

*Сэ, дэ, уэ, фэ* псалъэхэр цlыхухэм я цlэхэм я плэкlэ къокlуэ. Ахэр цlэпапщlэхэщ. Цlэпапщlэхэр псалъэ лъэпкъыгъуэщ.

▲ **192.** Цlэпапщlэхэмрэ ахэр зи плэкlэ къэкlуа псалъэхэмрэ къэвгъуэт. Хьэрф дэгъэхуахэм я цlэ ифlуэ.

1. Хьэжмусэ з.водым щолажьэ. Ар лэжь.кlуэ пашэхэм ящыщщ. И лэжьэгъухэм абы пщlэ къыхуащl.
2. Лэжьакlуэхэр и чэзум губгъуэм ихьащ. Ахэр хущlэкъунущ гъ.вэ бэв къызэрагъэкlынум. Абыхэм я мурадыр къайхъулlэнщ.
3. Хьэлимэт цlыкlу ещ.нэ клас.м щоджэ. Ар нэмысыфlэщ, жыlэдаlуэщ, хъарзынэуи йоджэ. Абы и ныбжьэгъу цlыкlухэр фlыуэ елъагъу.

*Ар, абы, ахэр, абыхэм* псалъэхэр предметыцlэхэм я плэкlэ къокlуэ. Ахэри цlэпапщlэхэщ. Хъыбарым седжащ. *Ар* тхыгъэ телъыджэщ. *Абы* ущыхуозэ цlыху хьэлэмэтхэм.

**193.** Псалъэ къыхэгъэщахэм я пIэкIэ цIэпапщIэ ивгъэувэурэ фыкъеджэ. Хьэрф дэутIыпщыкIахэр къафщIэ.

1. ЕджакIуэр класс.ым щIыхьащ. **ЕджакIуэм** и ныбжьэгъухэм сэлам ярихащ.

2. Ш.фёрыр м.шинэм итIысхьащ. **Ш.фёрым** м.шинэр сакъ.у зэрехуэ.

3. Псысэм сыкъеджащ. **Псысэр** икъукIэ хьэлэмэтщ.

4. Гъуэгубгъухэм псе.хэр Iутщ. **Псе.хэм** гъуэгур ягъэдахэ.

## Сэламыр гуапэщ икIи хъуэхъущ.

**194.** Фыкъеджи къифтхыкI. ЦIэпапщIэхэр зы екъуакIэ щIэфтхъэ.

Сэ си анэм срогушхуэ. Ар лэжьакIуэфIщ, цIыхуфIщ. Мамэ дохутырщ. Абы и лэжьыгъэр фIыуэ елъагъу. Си анэр къуажэм дэс псоми я узыншагъэм кIэлъоплъ. Мамэ гуапэу псоми йопсалъэ.

Къуажэдэсхэм мамэ пщIэ къыхуащI.

● Макъзешэ **э**-р хьэрфзешэ **а**-кIэ къызыщыгъэлъэгъуа псалъэхэр къэвгъуэти къэфпщытэ.

▲ **195.** Фыкъеджэ, къыхэгъэща псалъэхэр цIэпапщIэкIэ зэфхъуэкIыурэ.

Мис гуэл. Гъэмахуэм дэ **гуэлым** зыщыдгъэпскIырт. Иджы **гуэлыр** мылым зэщIиIулIащ.

Гуэлым и хъуреягъкlэ жыгхэр къегъэкlэкlащ. Иджыпсту **жыгхэр** пцlанэщ. Гъэмахуэм, уэшх къыщешхкlэ, жыг щlагъым дыщlэувэрт.

● *Щтащ, зы тхьэмпи япыткъым* псалъэхэр зэрызэпхъуэкl хъуну псалъэхэр хъыбарым къыхэвгъуатэ. Нэхъ жыlэкlэ дахэр къыхэфх.

**196.** Еджакlуитlым зэдрагъэкlуэкla псалъэмакъым фыкъеджи цlэпапщlэхэр къэвгъуэт.

– Сэ адыгэ таурыхъхэм сыдахьэх. Уэр-щэ?

– Сэри таурыхъхэр фlыуэ солъагъу, ауэ нарт хъыбархэр зыхэслъхьэ щыlэкъым.

– Адыгэ таурыхъхэм сыт щыгъуи фlыр lейм щытокlуэ. Сыт уэ нарт хъыбархэм ущlыдахьэхыр?

– Абыхэм фlым ухуаущий. Нарт лlыхъужьхэр хахуэщ. Абыхэм я Хэкур фlыуэ ялъагъу, яхъумэжыф. Ахэр цlыху lущхэщ, пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ я телъхьэщ, къызыхэкla я лъэпкъым дэlэпыкъуну хьэзырщ.

● *Зыхэслъхьэ щыlэкъым* псалъэхэм къарыкlыр нэгъуэщl псалъэхэмкlэ къыжыфlэ.

**197.** Еджакlуитlым зэдрагъэкlуэкla телефон псалъэмакъым фыкъеджи къиифтхыкl. Къыхэгъэбелджылыкla псалъэхэр фигу ивубыдэ. Иужькlэ а псалъэхэр зищlысыр правилэмкlэ къафщlэ.

– Мурат, **уи** пщэдджыжь фlыуэ! Хьэсэнщ **ар**.

– Уи пщэдджыжь нэхъыфlыжу, Хьэсэн.

– Мурат, lуэху укъыпэрысшамэ, къысхуэгъэгъу.

**Си** тхылъым еджэн сухати, ууейр къызэптамэ, нобэ седжэнт.

– Уэстынщ. **Ууейр** къыздэщти къакIуэ. **Сэри абы** седжэнщ.

**198.** Зыхуеину псалъэхэмкIэ псалъэухахэр нэвгъэсыжурэ къифтхыкI. Къыхэгъэща псалъэхэр фигу ивубыдэ.

| | |
|---|---|
| **Си** хъэтIыр ... . | зыбогъэужь. |
| **Уи** къеджэкIэм ... . | изогъэфIакIуэ. |
| **Ди** мурадыр ... . | къыдэхъулIэнщ. |
| **Фи** хьэл мыхъумыщIэхэр ... . | фымыщI. |
| Псэущхьэхэм **я** жагъуэ ... . | цIыхуфIщ. |
| **Зи** нэхъыжь хуэгуапэр ... . | зыхэвн. |

Си, сысей, уи, ууей, ди, дыдей, фи, фыфей, и, ей, я, яй, зи, зей-хэм предметхэр зей щхьэхэр къагъэлъагъуэ. Ахэр цIэпапщIэщ.

**199.** Точкэхэм я пIэкIэ щытын хуей псалъэхэр къэфхутэурэ фыкъеджэ. Хьэрф дэгъэхуахэм я цIэ ифIуэ.

– Мо фалъэр къызэтыт, си щIалэ.
– Сыт щхьэкIэ, дадэ, ... фалъэр хъунукъэ?
– Мы фалъэри хъунущ, ауэ ... нэхъыфIщ.
– Сыт щхьэкIэ?
– Ар пхъэм къыхэщIыкIащ.
– Мо слъагъур сыт?
– Мыри?

– АтӀэ.
– Ар б.лагъэщ. Хьэбыж дадэ ищӀри мамэ къритащ.

> *Мо, мор, мы, мыр, а, ар* псалъэхэм къагъэлъагъуэ зи гугъу тщӀы предметыр гъунэгъуу щыӀэрэ жыжьэу щыӀэрэ. Мыхэри *цӀэпапщӀэщ.*

**200.** Точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей цӀэпапщӀэхэр хэвгъэувэжурэ псалъэухахэм фыкъеджэ.

– ... анэр дэнэ щылажьэрэ?
– ... анэр библиотекэм щолажьэ.
– ... анэр школым щолажьэ.
– Сыту ... зэрылажьэр?
– Егъэджак1уэу.
– Хъарзынэщ.

**201.** Точкэхэм я пӀэкӀэ щытын хуей цӀэпапщӀэхэр хэвгъэувэжурэ псалъэухахэр къифтхыкӀ. ЦӀэпапщӀэхэр щӀэфтхъэ.

– ... къуажэм школ дапщэ дэт?
– ... къуажэм школитӀ дэтщ.
– ЕджакӀуэ дапщэ щӀэс ... школхэм?
– Минрэ щэрэ.
– ... къуажэми школитӀ дэтщ. ... еджакӀуэ минрэ щитӀрэ щоджэ.

**202.** Фыкъеджэ. КъифтхыкӀи цӀэпапщӀэхэр щӀэфтхъэ.

– Дадэ, мы цейр ууей?

– Сысейщ, си щӀалэ.

– АтӀэ зэи щыптӀагъэркъыми.

– Ар цей къызэрыгуэкӀкъым. ИпэкӀэ апхуэдэ цейхэр цӀыхухъухэм фащэу щатӀагъэу щытащ. ЦӀыхухъу фащэм хыхьэхэр уэ, дауи, пщӀэуэ къыщӀэкӀынкъым. Еплъ: мыр дыжьын бгырыпхщ, мыр къамэщ, мыбы зэреджэр хьэзырщ, мыри шырыкъу пӀащӀэщ.

Иджы цӀыхухъу фащэ зыщызытӀагъэр ди къэфакӀуэ гупхэм хэт щӀалэхэрщ.

## 22. Послелог

▲ **203.** *Лъандэрэ* псалъэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэм фыкъеджэ.

Нэгъабэ ... къэфакӀуэ гупым сыхэтщ. Январь ... махуэшхуэм зыхудогъэхьэзыр. Тхьэмахуэ кӀуа ... си фащэр согъэхьэзыр. Нышэдибэ ... си ныбжьэгъу цӀыкӀухэм зэрызагъэхьэзырым сыкӀэлъоплъ.

| |
|---|
| *Лъандэрэ* псалъэм зэман къегъэлъагъуэ. |

**204.** *Нэс* псалъэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэм фыкъеджэ. *Нэс* псалъэм и пӀэкӀэ *къэс* псалъэр хэвгъэувэурэ фыкъеджэж.

Бгы лъапэхэм ... жыг хадэм зыщиубгъуащ. Мэзым ...гъуэгу хъарзынэ пхрашащ. Псы Ӏуфэм ... хъупӀэщ. Къалэм... хьэсэ бгъуфӀэхэм игуэшауэ ит трактор лъэщхэм я макъ къоӀу.

*Нэс*, *къэс* псалъэхэм щӀыпӀэ къагъэлъагъуэ.

**205.** *Деж* псалъэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэр къифтхыкӀ.

Мэз лъапэм ... зыгъэпсэхупӀэ унэ щаухуащ. Абы къуажэдэсхэм зыщагъэпсэху. Ихъуреягъыр щхъуантӀагъэщ. Жыжьэу бгы лъагэ къыщытщ. Къуажэ Ӏэщыр бгы лъапэм ...щохъуакӀуэ. Ӏэщыр ди дадэ егъэхъу. ШэджагъуэкӀэрэ дадэ... сыкӀуэурэ сыдоӀэпыкъу.

*Деж* псалъэм щӀыпӀэ къегъэлъагъуэ.

**206.** Псалъэухахэм фыкъеджи къифтхыкӀ. Къыхэгъэща псалъэхэр щӀэфтхъи абыхэм къагъэлъагъуэр къафщӀэ.

Щэбэт **къэс** школ пщӀантӀэмрэ школыр зытет уэрамымрэ зэлъыӀудох.

Пщэдей щэбэтщ. Урок **нэужьым** школ пщӀантӀэмрэ уэрамымрэ дыщылэжьэнущ. Лэжьыгъэ **нэужьым** дымыхьэулейуэ унэм дыкӀуэжынущ.

▲ **207.** *ПщӀондэ* псалъэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэм фыкъеджэ. А псалъэм къигъэлъагъуэр къыжыфӀэ.

1. Шэджагъуэ ... уи лэжьыгъэр зэфӀэгъэкӀ. 2. Пщэддджыжь ... къыспэплъи, заводым дыкӀуэнщ. 3. Пщыхьэщхьэ ... уи анэм дэӀэпыкъу. 4. Пщэдей ... зэхьэзэхуэр екӀуэкӀынущ.

● *Зэхьэзэхуэ* псалъэм къикӀыр нэгъуэщӀ псалъэкӀэ къыжыфӀэ.

**208.** Фыкъеджэ. Къыхэгъэща псалъэхэм къагъэлъагъуэр къафщӀэ.

1. ИпэкӀэ шыгъажэм шипщӀ **хуэдиз** хэту щытамэ, иджы шы тӀощӀ **нэблагъэ** шыгъажэм къыщагъажэ.
2. Иджы зы лэжьакӀуэм хуэзэу бэджэнду щӀы гектаритху-пщӀы **нэблагъэ** ират. Зы гектарым лэжьакӀуэм гуэдзу центнер щэ ныкъуэ **нэс** къытрех.

● *Бэджэнд* псалъэм къикӀыр фи нэхъыжьхэм я деж къыщыфщӀэ.

**209.** *ЩхьэкӀэ* псалъэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэм фыкъеджэ.

1. Ди къуажэм ... хъыбарыфӀ жаӀэ, уэрэд яус. 2. Си анэшхуэм ... бгыр пхузэпысхынщ. 3. Си ныбжьэгъум ... сыт хуэдэ гугъуехьри сшэчыфынущ. 4. Уи Хэкум ... плъэкӀыну псори блэжьыныр пщӀэ зыпылъщ.

● *ЩхьэкӀэ* псалъэм и пӀэкӀэ *папщӀэ* псалъэр хэвгъэувэурэ фыкъеджэж. А псалъитӀым къагъэлъагъуэм фегупсыс.

**210.** *НэмыщӀ* псалъэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэр къифтхыкӀ.

1. Хьэсэн адыгэбзэм ..., урысыбзэри уэр-сэру ещӀэ. 2. Ди щӀым нартыхум ..., кӀэртӀофри щобагъуэ. 3. ЩӀэ-

ныгъэм ..., акъыли ухуейщ. 4. Еджэныгъэм ..., лэжьыгъэми хуэӀэкӀуэлъакӀуэу ущытын хуейщ.

● *Уэр-сэру* псалъэм къикӀыр къэфщӀэ.
*ХуэӀэкӀуэлъакӀуэу* псалъэм къикӀыр нэгъуэщӀ псалъэкӀэ къыжыфӀэ.

▲ **211.** Зыхуеину псалъэхэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэр къифтхыкӀ. Хэвгъэува псалъэхэр щӀэфтхъэ.

1. Псысэхэм ... куэдым щӀэдзапӀэ, кӀэух хэха яӀэщ. 2. Ди классым ... зыбжанэ адыгэбзэр кууүэ щадж кружокым хэтщ. 3. Ди жыг хадэм мыӀэрысей ..., нэгъуэщӀ жыг иткъым. 4. Ди щӀыгум, псышхуэхэм ..., къуршыпс цӀыкӀухэри щожэх.

● *Зыбжанэ* псалъэм къикӀыр нэгъуэщӀ псалъэкӀэ къыжыфӀэ. Езы псалъэр, зэрехьэкӀын хуейм хуэдэу, зэпывуд.

**212.** *АдэкӀэ* псалъэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэм фыкъеджэ. А псалъэм къигъэлъагъуэр къэфщӀэ.

1. Джабэ лъагэхэм ... гуэдз хьэсэ бгъуфӀэхэр къыщылъщ.
2. Къуршыпсым ... школакӀуэхэм зыщагъэпсэху.
3. МэкъупӀэм ... къурш къуабэбжьабэхэм зыщаӀэт.
4. ЩӀыр къэптӀмэ, щӀыгулъым ... ятӀагъуэ ухуозэ.

● *ЯтӀагъуэ* псалъэм къызэрапщытэ псалъэ къыхуэфхь. Езы псалъэр, зэрехьэкӀын хуейм хуэдэу, зэпывуд.

**213**. *Деж, дежкӀэ* псалъэхэр япэщӀыкӀэ *си, ди, уи, фи* псалъэхэм, иужькӀэ *унэм, куэбжэм* псалъэхэм ящӀыгъуу фыкъеджэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *си деж, си дежкӀэ; унэм деж, унэм дежкӀэ*.

● Ахэр хэту псалъэуха зэхэфлъхьэ.

*Лъандэрэ, нэс (нэсыху, нэсыхукӀэ), къэс (къэсыху, къэсыхукӀэ), деж (дежкӀэ), нэужь (нэужькӀэ), пщӀондэ, щхьэкӀэ, къыхэкӀкӀэ, хуэдиз, нэблагъэ, нэмыщӀ, адэкӀэ* псалъэхэр послелогщ. Послелог жиӀэмэ, псалъэм и ужькӀэ къыщцыт, жиӀэу арщ.

Послелогыр псалъэ лъэпкъыгъуэщ.

Послелогхэр къагъэлъагъуэ мыхьэнэкӀэ зэщхьэщокӀ:

зэман къэзыгъэлъагъуэхэр: *лъандэрэ, пщӀондэ, нэужь*, н.;

щӀыпӀэ къэзыгъэлъагъуэхэр: *деж, нэс, къэс*, н.;

щхьэусыгъуэрэ мурадрэ къэзыгъэлъагъуэхэр: *щхьэкӀэ, папщӀэкӀэ*, н.;

бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэхэр: *хуэдиз, нэблагъэ*, н.

Послелогыр сыт щыгъуи зыдэщӀыгъу псалъэм и ужь иту къокӀуэ, щхьэхуэуи ятх: *Ӏуащхьэм деж*.

ПсалъитӀу зэщӀыгъу послелогхэри щыӀэщ: *и пэкӀэ, я ужькӀэ, и деж*.

**214**. Тхыгъэм фыкъеджэ.

Ди Армэм Хэкур бийхэм ящехъумэ. Абы текlуэныгъэ куэд ди къэралым къыхуихьащ. Февралым и 23-р Хэкум и хъумакlуэм и Махуэшхуэу къалъытэ.

Иужьрей Хэку зауэшхуэр псом нэхърэ нэхъ хьэлъэу къыщlэкlащ. Къалэ, къуажэ куэд яхъунщlащ, зэтракъутащ нэмыцэ зэрыпхъуакlуэхэм.

Бий бзаджэм лъэпкъыбэр пэщlэуват. Ди Армэм бийр зэхикъутащ. Абы лъандэрэ дэ мамыру допсэу. Хэт и дежкlи ар насыпышхуэщ.

Хъыбарым хэт послелогхэр къэвгъуэт.
Упщlэхэмкlэ хъыбар зэхэфлъхьи фтхы.

1. Хэкум и хъумакlуэм и Махуэшхуэм дауэ зыхуэвгъэхьэзыррэ?

2. Хэт усэ къеджэнур?

3. Хэт уэрэд жызыlэнур, джэгунур?

4. Хэт сымэ къэфэнур?

5. Хэт фехъуэхъуну?

**фоч**

## Зауэфlрэ дауэфlрэ щыlэкъым.

**215.** Фыкъеджэ. Къифтхыкlи послелогхэр щlэфтхъэ.

Псым адэкlэ мэз къыщытщ. Бжьыхьэ къэс а мэзым докlуэ. Мэзым къыщыкl жыгхэмрэ абы щыпсэу псэущхьэхэмрэ зыдогъэцlыху. Къуалэбзухэм яхуэтщl шхапlэхэм щыкъун ярылъу здэтхьурэ жыгхэм фlыдодзэ.

Зыгъэпсэхугъуэм деж, псы Iуфэм Iут мэзхъумэ унэм докIуэ. Мэзхъумэм къыджиIэ хъыбархэм дыщIэдэIуурэ зыдогъэпсэху.

Дыкъыщыкlуэжкlэ, жыг тхьэмпэ зэмыфэгъухэр къыздыдохь. Илъэсищ лъандэрэ апхуэдэ тхьэмпэхэр щызэхуэхьэса альбомхэр гъэщIэрэщIауэ зыдохьэ.

● Япэ псалъэухар псалъэм и лъэпкъыгъуэкIэ зэпкърыфх.

## УпщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ

1.ЦIыхухэм, предметхэм я пIэкIэ къакIуэ псалъэхэм сыт зэреджэр? Щапхъэхэр къэфхь.

2. Сыт хуэдэ послелогхэр къэфщIа?

3. Послелогыр зыщIыгъу псалъэхэм и дэтхэнэ лъэныкъуэкIэ уврэ?

4. Послелог хэту псалъэухахэр зэхэфлъхьэ.

## 23. ПсалъэухамкӀэ гурыӀуэгъуэ

**216.** Фыкъеджэ. Япэ жыӀэкӀэмрэ етӀуанэ жыӀэкӀэмрэ зэфлъыт.

Хэт япэу космосым … ?
Япэу космосым лъэтар … .
Космосым лъатэ цӀыхур … .
Дэ дрогушхуэ … .

Хэт япэу космосым лъэтар?

Япэу космосым лъэтар Юрий Алексеевич Гагаринщ. Космосым лъэта цӀыхур хахуэщ, щӀэныгъэ куу зиӀэщ. Дэ дрогушхуэ ди космонавт хахуэхэм.

Дэтхэнэ жыӀэкӀэра мыхьэнэ пыухыкӀа къызэрыкӀыр?

**217.** УпщӀэхэм фыкъеджэурэ псалъэ закъуэкӀэ жэуапыр къыжыфӀэ.

– Уэ цӀыхухэм сэлам епхрэ?
– …
– Уэ пщэдджыжькӀэ куэдрэ ужейрэ?
– …
– Уэ тхылъым удихьэхрэ?

– ...
– Уэ псэущхьэхэм уахуэсакърэ?
– ...
– Уи унэ лэжьыгъэр уэр-уэру бгъэзащӀэрэ?
– ...

Дауэ къывгурыӀуэрэ псэущхьэхэм хуэсакъыныр? Унагъуэ къалэну вгъэзащӀэхэм фытепсэлъыхь.

**218.** Фыкъеджэ, мыхьэнэ пыухыкӀа къызэрыкӀ псалъэуха фщӀыуэрэ. КъифтхыкӀ, къызыхуэт хьэрфхэр хэвгъэувэж.

ЩӀылъэр щхъу.нтӀагъэм ... .
Хъ.рбызи хъ.уани хадэм ... .
Гу.щӀэдэкӀыр Ӏумпэм ... .
У.фэгъуагъуи, у.фэхъуэпскӀи, щыбли щыщыӀэр ... .
Б.щлъыкъыр цым ... .

**бащлъы́къ**

*Бащлъыкъыр* зищӀысыр къыжыфӀи пычыгъуэ, макъ, хьэрф ехьэлӀауэ зэпкъырыфх.

Фи тетрадым ифтхахэр псалъэухащ. Псалъэухам мыхьэнэ пыухыкӀа къегъэлъагъуэ. Псалъэухар псалъэ зыбжанэуи псалъэ закъуэуи къокӀуэ.

– *Уэ щӀакхъуэ хыфӀэбдзэрэ?* (Псалъэухащ. Псалъэ зыбжанэу зэхэтщ.)

– *Хьэуэ.* (Псалъэухащ, зы псалъэщ зэрыхъур.)

**219.** Сурэтхэмкӏэ псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы.



# 24. Псалъэуха лӀэужьыгъуэхэр



▲ **220.** Пхъу цӀыкӀум и псалъэ гуапэхэм фыкъеджэ. КъифтхыкӀ.

## Си мамэ дыщэ!

Нобэ фи махуэщ. Сынохъуэхъу.

Сэ сыхуейщ уузыншэну, гукъеуэ уимыӀэну. Куэдрэ, куэдрэ упсэуну сыхуейщ!

Сэ зэи уи жагъуэ сщӀынкъым. ЖыӀэдаӀуэу, нэмысыфӀэу сыщытынщ. КъызжепӀэ псори сщӀэнщ.

● Псалъэуха дапщэ фыкъеджа? Абыхэм ящыщу дэтхэнэра макъ Ӏэтакӏэ къэпсэлъа хъуар?

Пхъу цlыкlур и анэм дауэ хущыт?
Махуэшхуэмкlэ нани мами фехъуэхъу.

## Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джэдыгурэ.

**221.** Фыкъеджэ.

Адыгэшыр дахэ?
Адыгэшыр дахэщ.
Адыгэшыр дахэщ!

Дэтхэнэ псалъэухам щыщlэупщlэрэ адыгэшыр зыхуэдэр къащlэну? Дэтхэнэ псалъэухаитlым щыжиlэрэ адыгэшыр зэрыдахэр? А псалъэухаитlым щыщу дэтхэнэра адыгэшым зэрыripагэр, абы и дахагъым зэрыщыгуфlыкlыр къэзыгъэлъагъуэр?

Я мурад елъытауэ псалъэухахэр зэраlуатэу, зэрыупщlэу, хэlэтыкlауэ къокlуэ.

Псалъэр жызыlэм ищlэ lуэхугъуэ къиlуатэмэ, ар зэраlуатэ псалъэухащ. (Езым ищlэр къедаlуэхэм яжреlэ).

*Пщэдей поход дыкlуэнущ.*

Зэраlуатэ псалъэухам и кlэм точкэ ягъэув.

Псалъэр жызыlэм имыщlэ къищlэну арамэ, щlоупщlэ.

*Пщэдей поход дыкlуэну?* Мыбы *зэрыупщlэ псалъэухакlэ* йоджэ. Апхуэдэ псалъэухам и кlэм упщlэ нагъыщэ (?) ягъэув.

Цlыхум къиlуатэ lуэхугъуэм макъкlэ хелъхьэф гуфlэгъуэ, гушхуэныгъэ, гъэщlэгъуэныгъэ. Апхуэдэ

псалъэухахэр макъ лъагэкӀэ къаӀуатэ. *Пщэдей поход докӀуэ!* Мыпхуэдэ псалъэухам и кӀэм хэӀэтыкӀа нагъыщэ (!) ягъэув. Езы псалъэухами *хэӀэтыкӀакӀэ* йоджэ. *Сыту дахащэ гъатхэ жыг хадэр! ЩреӀэ ди хэкум мамырыгъэ!*

ХэӀэтыкӀа псалъэухахэм къыхуеджэныгъэ, зэкъуэувэныгъэ къагъэлъагъуэ.

*ЩӀымахуэм къуалэбзухэр дывгъэгъашхэ! Ди къуажэхэм, къалэхэм я къабзагъэм дыкӀэлъывгъэплъ!*

**222.** 1) УпщӀэныгъэ зыхэлъ псалъэхэу *дэнэ, дапщэщ, хэт, сыт, сыт щыгъуэ, сыт щхьэкӀэ, дауэ* жыхуиӀэхэр хэту жьэрыӀуатэу псалъэуха зэхэфлъхьи жэуап ефт. Нагъыщэхэм я гугъу фщӀы. 2) УпщӀэхэмрэ жэуапхэмрэ фтхы. Нагъыщэхэр тэмэму вгъэув.

Дапщэщ космонавтхэм я махуэр?
Хэт цӀыхубзхэм ящыщу япэу космосым лъэтар?
Сыт хуэдэ цӀыхухэу плъытэ хъуну космонавтхэр?
Хэт космонавтхэр зэрылъатэ кхъухьхэр зыщӀыр?

**223.** Я мыхьэнэкӀэ псалъэухахэр зыхуэдэр къыжыфӀэ. Нагъыщэ зыхуеинухэр къафщӀэ. Псалъэухахэр зэфхъуэкӀ, упщӀэ нагъыщэ бгъэув хъун хуэдэу. ЗэрыупщӀэ псалъэухахэр фтхы.

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: *ШколакӀуэхэм космонавт хьэщӀэу къахуэкӀуащ. — Хэт школакӀуэхэм хьэщӀэу къахуэкӀуар?*

Абы цӀыкӀухэм къажриӀащ, космонавт ухъун папщӀэ, фӀыуэ уеджэн, уи Ӏэпкълъэпкъыр быдэу, жану щытын

зэрыхуейр. Абы теухуауэ физкультурэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

Космонавтыр космосым щэней щыIащ.

▲ **224.** Фыкъеджэ. Псалъэухахэр я мыхьэнэкIэ зэхэвгъэкI. Упщ Iэхэм жьэрыIуатэу жэуап ефт. Дэгъэхуа хьэрфхэри къэвгъуэтыж.

1. Хьэлъэ иIыгъ.у лIыжь лъэрымыхь у.рамым ирокIуэ. Хъусен абы лъэщIыхьащ. Сыт абы ищIэн хуейр?

2. Анэр и къуэм ...псалъэ. Анэм иIыгъ сэр Iэпыхуащ. Хэт ар къэзыщтэжын хуейр?

3. Д.хэнагъуэрэ МуIэедрэ зэщIыгъуу тыкуэныбжэм Iухьащ. Сыт МуIэед ищIэн хуе.р?

4. ШколакIуэр зэрыс а.тобусым нэхъыжь къитIысхьащ. ТIысыпIэ нэщI щыIэкъым. Сыт школакIуэм ищIэн хуе.р?

5. ЕджакIуэмрэ егъэджакIуэмрэ у.рамым щызэхуэзащ. Сыт еджакIуэм ищIэну къытехуэр?

**225.** Псалъэуха къэс и щIэдзапIэмрэ щиухымрэ къэвгъуэт. Абыхэм я кIэм щытын хуей нагъыщэхэр къыжыфIэ.

## ЦIыхум и ныбжьэгъу

Губгъуэм щыпсэу щIы дзыгъуэхэм гъавэ куэд ягъэкIуэщI фщIэуэ пIэрэ ахэр гъэкIуэдынымкIэ цIыхум дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъур дзыгъуэхэр гъэкIуэдынымкIэ жьындур дэIэпыкъуэгъушхуэщ зы гъэмахуэм къриубы-

дэу жьындум дзыгъуэу миным щӀигъу ешх апхуэдизу сэбэпщ ар.

- *ЯгъэкӀуэщӀ* псалъэм къикӀыр нэгъуэщӀ псалъэкӀэ къыжыфӀэ. Жьындум теухуауэ фэ фщӀэри къыжыфӀэ.

**226.** УпщӀэхэмрэ сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуа предметхэмрэ къэвгъэсэбэпурэ хъыбар кӀэщӀ зэхэфлъхьи фтхы. Я мыхьэнэкӀэ псалъэухахэр зыхуэдэр къыжыфӀэ.





Сыт хуэдэ хьэпшыпхэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэм?

Ахэр сыткӀэ зэщхь? СыткӀи зэщхьэщыкӀрэ?

Сыт компьютерымкӀэ ящӀэр? ТелевизорымкӀэ-щэ?

Хэт ахэр къэбгъэсэбэпыфу уезыгъэсар?

**227.** Жэуапхэм фыкъеджэ. Абыхэм езэгъын упщӀэ вгъэув. ИужькӀэ упщӀэхэмрэ жэуапхэмрэ зэщӀыгъуу фтхы.

| УпщӀэхэр: | Жэуапхэр: |
|---|---|
| 1. | Унэр зэлъыӀусхащ. |

2. Хьэкъущыкъур зэхэстхьэщIащ.
3. Удз гъэгъахэм псы щIэскIащ.
4. ПщIантIэр къэспхъэнкIащ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: **Сыт пщIар?** *Унэр зэлъы-Iусхащ.* **Сыт зэхэптхьэщIар?** *Хьэкъущыкъур зэхэстхьэ-щIащ.*

**228.** Фыкъеджэурэ я мыхьэнэкIэ псалъэухахэр зыхуэдэр къафщIэ. УпщIэхэм жэуап ефт. Нагъыщэхэр къыжыфIэ.

Дэнэ къуажэ фызыщыпсэур Сыт хуэдэ районым, республикэм хыхьэрэ фи къуажэр Фи унэр сыт хуэдэ уэрамым тет Сыт фи уэрамым апхуэдэу щIеджэр Сыт хуэдэпс ежэхрэ фи къуажэм пэмыжыжьэу Фи къуажэр сыт хуэдэ Сыт хуэдэ къуажэ фи гъунэгъу

Хьэрфышхуэкlэ къегъэжьэн хуей щыIэцIэхэр фигу къэв-гъэкIыж. Къалэ фыщыпсэумэ, фи къалэм фытепсэлъыхь.

**229.** Къуажэхьхэм фыкъеджи къафщIэ. Псалъэухахэр я мыхьэнэкIэ зыхуэдэхэмрэ абыхэм я кIэм щытын хуей нагъы-щэхэмрэ къыжыфIэ.

1. Ди бжыхь джабэ хьэ дзэкъэрей кIэщIэсщ. 2. Ди бжэIупэ хьэ къарэ цIыкIу Iусщ, икIи дзакъэркъым, икIи псалъэркъым, унэми ущIигъэхьэркъым. 3. Ди пкIэунэ дыщэ баш илъщ. 4. ЗэкъуэшиплIым зы пыIэ ящхьэрыгъщ. 5. Махуэ псом къекIухьри пщыхьэщхьэм бжэкъуагъым къуоувэж. 6. Къан хъыджэбзитI зэлъэпагъщ.

К ъ у а ж э х ь х э р з ы т е у х у а р: *жыхапхъэ, шыпсыранэ, стlол, дыгъэ бзий, lункlыбзэ, набдзэхэр.*

● Зи тхыкlэр гукlэ зэгъэщlэн хуейуэ сыт хуэдэ псалъэ яхэт жэуапхэм? Ар пычыгъуэу вгуэши апхуэдиз пычыгъуэ щlэхъум и щхьэусыгъуэр къыжыфlэ. *Дзэкъэрей* псалъэм хэт псалъэ lыхьэхэр къэвгъэлъагъуэ.

**230.** Сурэтхэм феплъ. Упщlэхэм жэуап ефтурэ хъыбар кlэщl зэхэфлъхьи фтхы. Псалъэухахэр я мыхьэнэкlэ зэхэвгъэкl.





Мы мэракlуэхэр дэнэ къыщыкlрэ? Мэракlуэхэм я цlэр къэвгъэсэбэпурэ ахэр зыхуэдэм фытетхыхь (я щытыкlэ, я фэ, я lэфlагъ-дыджагъкlэ).

Дапщэщ ахэр щыхъур? Сыт къыхащlыкlрэ а мэракlуэхэм? Уэ сыт хуэдэ мэракlуэ уигу нэхъ ирихьыр? Сыт щхьэкlэ?

**231.** Фыкъеджэ. Предметхэмкlэ ящlэр упщlэхэмкlэ къафщlэ. Жэуапхэр фтхы. Хьэрфхэр дэфтхэж.

З э р ы г ъ у э з э н щ а п х ъ э: *Сыт стэканкlэ ящlэр? Стэканкlэ шей (псы, шэ, ...) ираф.*

Ст.кан, н.пэlэлъэщl, п.ртфель, б.лътоку, теп.эч, б.ырыпх, к.мба.н, .ыгун, хьэ.фlанэ, ло.кlэ, м.фlэдз, фl.мыщl, lункlыбзэ, бдзэкъу.тх, б.лагъ.

**шыгу́н**

**232.** Зэрыупщlэ псалъэухахэм фыкъеджэ. Къыхэгъэща псалъэхэр нэхъ макъ lэтакlэ къэфпсэлъ.

Мыр **гъущl lунэ**?
**Мыра** гъущl lунэр?

Мухьэб **лэжьа**?
**Мухьэб** лэжьар?

Хьэlишэт фащэ **ида**?
Хьэlишэт идар **фащэ**?
**Хьэlишэт** фащэ зыдар?

*Хьэlишэт* псалъэм префиксхэу **мы**-, **зэры**-, **у**- зэрыпыувэну щlыкlэм и гугъу фщlы.

**233.** Псалъэухахэм тэмэму фыкъеджэ, я мыхьэнэкlэ зыхуэдэхэр къафщlи зыхуеину нагъыщэхэр къыжыфlэ. Дэгъэхуа хьэрфхэм я цlэр ифlуэ. Упщlэхэмкlэ хъыбар зэхэфлъхьэ.

Сыт уи цlэр Илъэс дапщэ ухъурэ Илъэс дапщэ ухъуу школым ущlэтlысхьа Мы гъэм ед.пщанэ клас.ым ухэс Дауэ уеджэрэ Фызрагъаджэхэм щыщу сыт хуэдэ предметым нэхъ удихьэхрэ Хэт уи ныбжьэгъур Ари дауэ еджэрэ Уи клас.эгъухэм дауэ уахущыт Уигу иримыхьыжу сыт хуэдэ хьэл пхэлъ

**234.** Псалъэухахэм упщӀэ яхуэвгъэув. УпщӀэхэри жэуапхэри фтхы.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *Хэт япэ космонавтыр? Япэ космонавтыр Юрий Алексеевич Гагаринщ.*

Япэ космонавтыр Юрий Алексеевич Гагаринщ. Япэ цӀыхубз-космонавтыр Валентинэ Владимировнэ Терешковэщ. Япэу космосым щыӀа къэхутакӀуэр ЛайкэкӀэ зэджэ хьэ цӀыкӀурщ.

● УпщӀэ зыхэлъ псалъэхэр зы екъуа занщӀэкӀэ щӀэфтхъэ.

> Фигу ивубыдэ зэрыупщӀэ псалъэухахэм къыщагъэсэбэп псалъэхэу упщӀэныгъэ зыхэлъхэр: *хэт, сыт, дэнэ, дауэ, дапщэщ, сыт щыгъуэ, сыт хуэдэ.*

**235.** ЗэрыупщӀэ псалъэухахэм фыкъеджэ, упщӀэ зыхэлъ псалъэхэр нэхъ Ӏэтауэ къэфпсэлъ. Жэуапхэр фтхы. Макъыр зытевгъащӀэ псалъэхэр щӀэфтхъэ.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *Ди Хэкур инщ, дахэщ.*

Ди Хэкур сыт хуэдэ? Сыт цӀыхубэр зыщӀэхъуэпсыр? Хэт ди мамыр псэукӀэр зыхъумэр? Фэ сыт фщӀэфыну, мамырыгъэ щӀылъэм щыӀэн папщӀэ?

**236.** Фыкъеджэ.

Зы лӀы гуэр гъуэгу тету, гуэдз хьэдзэ зыхь ХъумпӀэ-

цӀэджым Ӏущӏащ. ЛӀым ар игъэщӀагъуэри щӀэупщӀащ:

– Мыр сыт, ХъумпӀэцӀэдж, мы плъэфыр?

– Шхын солъэф.

– АтӀэ уи щхьэр апхуэдэу щхьэ гъум?

– Акъыл илъщи.

– АтӀэ уи плӀэр щхьэ бгъуэ?

– Къару схэлъщи.

– АтӀэ уи бгыр сыту псыгъуэ?

– МащӀэ сошхри.

– АтӀэ мы гуэдз хьэдзэр сыт хуэдизрэ урикъуну?

– ИлъэситӀкӀэ.

ЛӀым ар и фӀэщ мыхъуу, згъэунэхунщ, жиӀэри ХъумпӀэцӀэджыр унэм къихьащ. ХъумпӀэцӀэджымрэ гуэдз хьэдзэмрэ абы кхъуэщыным ирилъхьэри и щхьэр игъэбыдэжащ.

Адэкӏэ къэхъуар «ЛӀымрэ ХъумпӀэцӀэджымрэ» таурыхъым фыкъеджи къэфщӀэнщ.

Сыт языныкъуэ псалъэухахэм я кӀэм упщӀэ нагъыщэ щӀыщытыр?

**237**. Фыкъеджэ. План зэхэфлъхьи абы тету изложенэ фтхы.

Ди мэзым бзу гуэр щопсэу. Езыр фӀыцӀэщ, хужьыгъэ и щӀыфэм хэпхъащ. И щхьэ щӀыбым тет цыр плъыжьщ, мэлыд. А бзум зэреджэр жыгыуӀущ.

Махуэ псом жыгыуӀум мэзым къыщелъэтыхь, шхын къелъыхъуэ. Ар жыг къудамэм тетӀысхьэркъым. Ар жыгыпкъым кӀэротӀысхьэ. И пэ лъэщымкӀэ жыгыпкъым

йоуӀу, жыг щӀыфэм кӀэщӀэс хьэпӀацӀэхэр къыщӀихыурэ ешх. Зэзэмызи жыг лъабжьэхэм шыкӀуртӀымхэр щӀэлъу уолъагъу. Абыхэм я жылэр кърихыурэ жыгыуӀум ишхауэ арощ.

ЖыгыуӀухэр зэхуэдэкъым: хэти фӀыцӀэщ, хэти щхъуантӀэщ, къуэлэнхэри нэхъыбэжщ.

**238.** Усэ сатырхэм фыкъеджэ. ГукӀэ зэвгъащӀи фтхыж.

> ГукъэкӀыжхэр псэм щигъафӀэу,
> Хэт псынэпсым Ӏэ дэзылъэр? –
> Къыщыхъуауэ псынэ Ӏуфэм
> Адэ лъахэм и къуэпс щӀалэрщ.

Сыт хуэдэ гупсысэ хэлъ мы усэ сатырхэм?

Псалъэуха дапщэу зэхэт усэ едзыгъуэр? Ахэр сыт хуэдэ псалъэуха?

**239.** Псалъэухахэм фыкъеджэ. Нагъыщэхэм гу лъыфтэ.

1. Ирегъагъэ, нэхъри лъэщ ирехъу псэм и щӀасэу ди Хэку лъапӀэр!

2. Щребыдэ щӀылъэм мамырыгъэр!

3. Кърехъу ди цӀыкӀухэр насыпыфӀэу, нэжэгужэу, гуащӀафӀэу!

Мыхэр сыт хуэдэ псалъэуха?

*ГуащӀафӀэу* псалъэм къикӀыр къыжыфӀэ.

**240.** Псалъэухахэм тэмэму фыкъеджэ. Я мыхьэнэкӀэ псалъэухахэр зыхуэдэмрэ гъэувын хуей нагъыщэмрэ къыжыфӀэ.

З э р ы г ъ у э з э н  щ а п х ъ э: *Хэт школакIуэхэм я пащхьэм къыщыпсэлъар? ШколакIуэхэм я пащхьэм лётчик хахуэр къыщыпсэлъащ.*

Хэт тенджыз Iуфэм щызэхуэсахэм кърагъэблэгъар Тенджыз Iуфэм щызэхуэсахэм гуапэу кърагъэблэгъащ морякхэр

Хэт еджакIуэхэр зытетхыхьар ЕджакIуэхэр танкист лIыхъужьхэм ятетхыхьащ

Хэт гугъу зезыгъэхьыр, махуэ къэс щIакхъуэ диIэн папщIэ Махуэ къэс щIакхъуэ диIэн папщIэ, мэкъумэшыщIэхэм Iуэхугъуэ куэд зэфIагъэкI

**241.** ЗэраIуатэ псалъэухахэм фыкъеджэ. Ахэр хэIэтыкIа псалъэухахэм хуэвгъакIуэурэ къифтхыкI.

З э р ы г ъ у э з э н  щ а п х ъ э: *Псы Iуфэм хьэуар щыкъабзэщ. Сыту фIы хьэуа къабзэкIэ убэуэну!*

Гъэмахуэм цIыхухэм псым зыщагъэпскI.
Сыту ... !
Зэман-зэманкIэрэ еджакIуэхэр мэзым макIуэ.
Сыту ... !
Сэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм хадэм солэжьыхь.
Сыту ... !

▲ **242.** ЗэраIуатэ псалъэухахэм фыкъеджэ. Абыхэм хэIэтыкIа псалъэуха къатефщIыкIыурэ фтхы.

З э р ы г ъ у э з э н  щ а п х ъ э: *ШколакIуэхэм къэкIы-*

*гъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ фIыуэ ялъагъу. ШколакIуэхэ, къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ фIыуэ флъагъу!*

Мэкъумэшыщlэхэр лэжьыгъэм хьэлэлу бгъэдэтщ.

... ...

Лётчик хахуэхэм кхъухьлъатэхэр сакъыу зэрагъакIуэ.

... ...

Ди щIыпIэм щыпсэу цIыхухэм я гуащIэдэкI хьэлэлкIэ лъахэм и къулеягъым хагъахъуэ.

... ...

**243.** Усэ сатырхэм гъэхуауэ фыкъеджэ.

Къызумыт, гъащIэ, зыри
Сэ си гуащIэ зыхэмылъ.
Нэгъуэщl Iэм игъэхьэзыру
КъысIэщIалъхьэм IэфI щIэмылъ!

*Тхьэгъэзит Зубер*

● Сыт хуэдэ псалъэухахэу зэхэт усэ едзыгъуэр? Усэм хэлъ гупсысэр къэфхутэ.

**244.** Фыкъеджэ. Псалъэухахэр зыхуэдэр къыжыфIэ.

ЧэнджэщакIуэ къыхуэкIуа зэныбжьэгъу гуп Жэбагъы хабзэм тету иригъэблагъэри игъэхьэщIащ.

ХьэщIэхэр зыщIэупщIахэм Жэбагъы жэуап яритащ:

– Сыт хабзэ?

– Къэбублэ хабзэщ, – жиlащ Жэбагъы.
– Хэт лъэпкъ?
– Лlыр лъэпкъщ.
– Зэблагъитl дауэ зэхущытын хуей?
– Дахэу. Дахэм къимыхь lейм къихьыркъым.
– Дунейм сыт нэхъ лъапlэ?
– Цlыху!
Жэбагъы къита жэуапхэмкlэ псори арэзы хъуауэ дэкlыжащ.

● Къэзэнокъуэ Жэбагъы теухуауэ хъыбар куэд щыlэщ. Фи унагъуэм ис балигъхэм фелъэlумэ, Жэбагъы и хъыбар къывжаlэнщ.

**245.** Тхыгъэм гъэхуауэ фыкъеджэ. Къуажэдэс цlыкlухэм я гур хэзыгъахъуэр къыжыфlэ.

– Ди бгыжьхэм хуэдэу дахэ зыри щыlэкъым!
– Федаlуэт Бахъсэн и даущ макъым! Гуащlафlэщ абы и толъкъун уэрхэр. Электростанц ини къызэщlегъанэ а псы лъэщым!
– Балъкъыпсым хуэдэу гурыхь гъуэтыгъуейщ!
– Ди аузхэр-щэ! Сыт хуэдэу уи нэгу зыщиужьрэ абыхэм!
– Ирехъу ди лъахэр нэхъри бжьыфlэ!

● Сыту пlэрэ цlыкlухэм къыжаlа псалъэухахэм я кlэм хэlэтыкlа нагъыщэ щlыщытыр?
Тхыгъэм фригъуазэурэ фи щlыпlэм фытетхыхь. Фызэрыгушхуэр, фыдэзыхьэхыр, фызыгъэгуфlэр хэlэтыкlа псалъэухакlэ къэфlуатэ.

**246.** Псалъэухахэм фыкъеджэ, я мыхьэнэкlи я къэпсэлъыкlэкlи зэфлъыт.

1. Гуащlафlэщ ди нэхъыжьыфlхэр. Гуащlафlэщ ди нэхъыжьыфlхэр!

2. Си сабиигъуэр насыпыфlэу щызгъэкlуа къуажэм сыдохьэ. Си сабиигъуэр насыпыфlэу щызгъэкlуа къуажэм сыдохьэ!

3. Куэдрэ сымылъэгъуа си lыхьлыфlхэм lэплlэ язошэкl. Куэдрэ сымылъэгъуа си lыхьлыфlхэм lэплlэ язошэкl!

Макъыр гъэлъэхъшауэ псалъэухар къапсэлъмэ, и кlэм точкэ ягъэув: *Телъыджэщ ди къуршхэр.*

Псалъэухахэр макъ хэlэтыкlакlэ къапсэлъмэ, и кlэм хэlэтыкlа нагъыщэ ягъэув: *Телъыджэщ ди къуршхэр!*

**247.** Псалъэухахэм япэщlыкlэ макъ гъэлъэхъшакlэ фыкъеджэ. Иужькlэ макъ хэlэтыкlакlэ фыкъеджэжурэ фтхы.

Ди щlыпlэм мэз щхъуантlэхэр, губгъуэ инхэр, псыежэххэр щыкуэдщ. Ди бгыжьхэм уи нэр пlэпах. Фабрикэхэмрэ заводхэмрэ мэлажьэ. Ди щlэблэр егугъуу йоджэ. Псоми ди нэхъыжьыфlхэм пщlэ хуащl.

Ди уафэр къабзэщ. Ди щlылъэр бэвщ. Дэ зауэ дыхуейкъым.

● Сыт етlуанэ къэпсэлъыкlэр хэlэтыкlа нагъыщэкlэ къэгъэлъэгъуэн щыхуейр?

▲ **248.** Зи къэпсэлъыкӀэкӀэ зэщхьэщыкӀ псалъэухахэм фыкъеджэ. Дэгъэхуа хьэрфхэм я цӀэр къифӀуэ.

1. Уи ху.багъэр Ӏэгу ущӀакӀэ бгуэшу укъытхуэсыжащи, догуфӀэ. Нэр пӀэпих.у зыщыптӀэгъа ф.щэ щхъуантӀэм гур егъэпӀе.тей. Дыхуе.щ уафэр къащхъуэу, щӀылъэр щхъуантӀэу щытыну.

Дыхуе.щ ди с.бийхэм гуфӀэгъуэ зыщӀэт я макъ жьгъырур сыт щыгъуи зэхэтхыну.

2. Уи ху.багъэр Ӏэгу ущӀакӀэ бгуэшу укъытхуэсыжащи, догуфӀэ! Нэр пӀэпих.у зыщыптӀэгъа ф.щэ щхъуантӀэм гур егъэпӀе.тей!

Дыхуе.щ ди с.бийхэм гуфӀэгъуэ зыщӀэт я макъ жьгъырур сыт щыгъуи зэхэтхыну!

● Гъэм и сыт хуэдэ зэман тхыгъэм зи гугъу ищӀыр?

**249.** Нарт хъыбарым щыщ Ӏыхьэм гъэхуауэ фыкъеджэ.

Пщэдджыжьым, нартхэр къэуша нэужь, къэгузэвахэщ.

– Ныжэбэрей щыблэ уэкӀэр игъащӀэм хуэмыдэжти, ди унэхэр дэзджызджащ, ди напӀэ зэтелъхэр тфӀызэтриудащ.

Абы хэту нартхэр плъэмэ, я гъуаплъэ гуэныр щытыжкъым. Абдежым нартхэр Тхьэгъэлэдж и деж кӀуащ.

– Ди псэ закъуэу Тхьэгъэлэдж, уэ къыдэпта ху жылэр гъуаплъэ гуэным итлъхьати, ныжэбэ зыгуэрым гъуаплъэ гуэныр зэгуиудри жылэр ихьащ, – жаӀащ нартхэм.

– Яхьамэ, къэфхьыж!
– Зыхьар тщӀэтэмэ, къэхьыжыныр ди Ӏуэхут!
– Зыхьар сэ сыткӀэ сщӀэн?
– Уэ умыщӀэмэ, хэт зыщӀэнур?
– Фи Сэтэней гуащэ феупщӀ! – къажриӀащ Тхьэгъэлэдж нартхэм.

● УпщӀэ нагъыщэрэ хэӀэтыкӀа нагъыщэрэ зи кӀэм щыт псалъэухахэм апхуэдэ нагъыщэхэр щӀэгъэувар къыжыфӀэ.

**250.** СурэтымкӀэ хъыбар зэхэфлъхьи фтхы.



● Тхыгъэм хэӀэтыкӀа псалъэухахэр, зэрыупщӀэ псалъэухахэр къыщывгъэсэбэп.

**251.** Гъэхуауэ фыкъеджи къифтхыкӀ.

Бэдынокъуэ и шы лъэ макъыр щызэхихым, унэм зы нарт гуэр къыщӀэкӀащ, и Ӏэ лъэныкъуэр пымытыжу.

– Еблагъэ, зи хьэщӀэгъуэр тхуэмыгъуэт, Бэдынокъуэ! – жиӀэри фӀэхъус кърихащ.

– ФӀым дыхуиблагъэ, уи еблагъэ куэд ухъу! Себлэгъэнут, – жиӀэри Бэдынокъуэ епсыхащ.

– Еблэгъапэ, щауэфӀ, уи хьэщӀэгъуэр ди гуапэщ. Сэ сынарт Хьэгъурщ, мыр си унэщ. Уэ сыкъыумыцӀыхуми, сэ фӀыуэ узоцӀыху, – жиӀэри Хьэгъур хьэщӀэщым Бэдынокъуэ иригъэблэгъащ.

### Упщӏэмрэ лэжьыгъэмрэ

1. Я мыхьэнэ елъытакӀэ сыт хуэдэ псалъэухахэр фщӀэрэ?

2. ЗэрыупщӀэ, хэӀэтыкӀа псалъэухахэм апхуэдэу щӀеджэр къыжыфӀи щапхъэхэр къэфхь.

## 25. Псалъэухам и пкъыгъуэхэр

▲ **252.** Фыкъеджэ. Псалъэуха къэс зытепсэлъыхь предметымрэ абы хужиӀэмрэ къэвгъуэт.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *Дадэ пхъэ зэпех.* Хэт мы псалъэухар зытепсэлъыхьыр? Мы псалъэухар зытепсэлъыхьыр **дадэщ**. Сыт дадэ ищӀэр? –Зэпех. **Зэпех** – хэт? – **дадэ**.

Унагъуэр Ӏуэхум пэрыхьащ. Дадэ белыкӀыр фӀелъхьэж. Адэм жыгхэр еухъуэнщӀ. Мурадин хьэсэр етӀ. Ӏэми-

нэ пэшхэр зэлъыIуех. Анэм шхын егъэхьэзыр. Алим и адэм доIэпыкъу. Iэмырбий цIыкIу дадэ ищIэм йоплъри щысщ. Нанэ и куэщIым ис къуэрылъху цIыкIур егъэджэгу.

● Сыт хуэдэ унагъуэ тхыгъэм зи гугъу ищIыр?

**Зэдэпщlэ щlэхщи, зэдэпшх lэфlщ.**

**зэдэ́пщIэ**

**253.** Фыкъеджэ. Псалъэуха къэс зытепсэлъыхь предметымрэ абы щхьэкIэ жиIэмрэ къэвгъуэт.

Зэрыгъуэзэн щапхъэ: *Гъатхэр къихьащ.* Сыт мы псалъэухар зытепсэлъыхьыр? Мы псалъэухар **гъатхэм** топсэлъыхь. Сыт ищIар гъатхэм? **Къихьащ**. **Къихьащ** сытыр? – **гъатхэр**.

## Гъатхэ

Гъатхэр къихьащ. ЦIыхухэр щIым йолэжь. Гъавэр трасащ. ХадэхэкIыр унагъуэ хадэм щыхасэ. Дунейр нэхъ хуабэ хъуащ. Жыгхэр къэгъэгъащ, удзыр къэкIащ. Къуалэбзухэр къэлъэтэжри, цIыкIухэм ящIа абгъуэхэм гуфIэу итIысхьэжахэщ. **Бжэндэхъухэм уэрэд жаIэ, хьэрхьупхэр маджэ.** Ихъуреягъкlэ нэм къиплъыхьыр щхъуантIагъэщ, псэр игъэусэу.

● Къыхэгъэща псалъэухам фызыщыгъуазэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр къыхэвгъуатэ.

Псалъэухар зытепсэлъыхьыр къэзыгъэлъагъуэ псалъэм *подлежащэкlэ* йоджэ. Подлежащэр хэт? сыт? сытыр? сытым? упщlэхэм жэуап хуохъу.

Подлежащэм ищlэр, къыщыщlыр къэзыгъэлъагъуэ псалъэм *сказуемэкlэ* йоджэ. Сказуемэр сыт ищlэрэ? сыт ищlар? сыт ищlэнур? сыт къыщыщlрэ? сыт къыщыщlар? сыт къыщыщlынур? упщlэхэм жэуап яхуохъу.

(Хэт!) Гуащэнагъуэ (сыт ищlэрэ?) мэпхъанкlэ.

(Сытыр?) Уафэр (сыт ищlэрэ?) мэгъуагъуэ.

(Хэт?) Сабийр (сыт къыщыщlар?) джэлащ.

(Сытыр?) Абджыр (сыт къыщыщlар?) къутащ.

Подлежащэмрэ сказуемэмрэ псалъэухам и *пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэщ*.

**254.** Сурэтхэмкlэ псалъэуха зэхэфлъхьи фтхы. Цlыкlухэм цlэ яфlэфщ. Подлежащэмрэ сказуемэмрэ щlэфтхъэ.



**255.** Сказуемэхэм мыхьэнэкӀэ екӀун подлежащэхэр къахуэфхь. Подлежащэхэми сказуемэхэми упщӀэ яхуэвгъэув.

| | | |
|---|---|---|
| ... ирегъаджэ. | ... матхэ. | ... къопс. |
| ... къогъагъэ. | ... къошх. | ... мэткӀуж. |
| ... мэхъуэпскӀ. | ... къох. | ... къопщэ. |

**256.** Сказуемэхэм къезэгъ подлежащэхэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэр фтхы.

(Сытыр?) ... гъуэгъуащ. (Сыт?) ... уащ. (Сыт?)... къешхащ. (Сыт?) ... къесащ.

Дунейм и къэхъукъащӀэхэр гъэм и зэманхэм ефхьэлӀэ.

**257.** Точкэхэм я пӀэкӀэ езэгъыну подлежащэхэр хэвгъэувэурэ псалъэухахэр фтхы. Подлежащэхэмрэ сказуемэхэмрэ зэщӀыгъуу къэфпсэлъыжи щӀэфтхъэ.

(Хэт?) ... сымаджэм йоӀэзэ. (Хэт?) ...цӀыкӀухэм щӀэныгъэ ярегъэгъуэт. (Хэт?) ... Ӏэщхэр егъэхъу. (Хэт?)... жэм къеш. (Хэт?) ... тракторыр ӀэкӀуэлъакӀуэу егъэлажьэ.

Нэгъуэщӏ сыт хуэдэ Ӏэщӏагъэхэм фыщыгъуазэ? Дэтхэнэ Ӏэщӏагъэр фигу нэхъ ирихьрэ? *ӀэкӀуэлъакӀуэ* псалъэм мыхьэнэкӀэ къигъунэгъу псалъэ къэфхь.

**258.** Тхыгъэм фыкъеджи псалъащхьэ хуэфщӀ. Подлежащэмрэ сказуемэмрэ щӀэфтхъэурэ къифтхыкӀ.

Гъатхэр къэсащ. Япэ щыблэр уащ. Уэшхыр уэру къешхащ. ЩІыпІэр удзым иуфэбгъуащ. Къуалэбзухэм я уэрэдыр къраш. Бжьэхэм къалъэтыхь. ЦІыхухэр гъатхэ гуапэм щогуфІыкІ.

*Иуфэбгъуащ*, уэру псалъэхэм къарыкІыр нэгъуэщІ псалъэхэмкІэ къыжыфІэ.

Еплlанэ псалъэухар псалъэм и лъэпкъыгъуэкІэ зэпкърыфх.

**259.** Подлежащэхэм мыхьэнэкІэ къезэгъ сказуемэхэр къахуэфхь.

1) Хьэндыркъуакъуэр, бдзэжьейр, блэр, бзур, шындырхъуор.

Къэгъэсэбэпын хуей псалъэхэр: *мэлъатэ, йос, зопщыпщэ, мапкІэ*.

2) Жэмыр, шыр, бжэныр, мэлыр, шыдыр.

Къэгъэсэбэпын хуей псалъэхэр: *мэщыщ, мэІуей, мэбу, мэкІий, магъуэ*.

Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэм щыщ подлежащэу къэкІуа псалъэхэр?

## ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР

### МАКЪХЭМРЭ ХЬЭРФХЭМРЭ


1. Тхэкlэ тэмэмым теухуауэ блэкlа классхэм щаджахэм къытегъэзэжын . . . 3
2. Макъ дэкlуашэхэр . . . 14
3. Макъ дэкlуашэ пlытlахэр . . . 21
4. Ударенэ . . . 26
5. Пычыгъуэ, макъ, хьэрф ехьэлlауэ псалъэр зэпкърыхыныгъэ . . . 31


### ПСАЛЪЭР


6. Псалъэр, псалъэ зэпыщlар . . . 35
7. Ягъэбелджылы псалъэмрэ зыгъэбелджылы псалъэмрэ щызэдэщlыгъукlэ зэратхыр . . . 42


### ПСАЛЪЭМ И ЗЭХЭЛЪЫКlЭР


8. Псалъэ лъабжьэ . . . 48
9. Кlэух . . . 52
10. Префикс . . . 57
11. Щхьэ префиксхэмрэ абыхэм я тхыкlэмрэ . . . 60
12. Унэцlэхэм, цlыхухэм я цlэхэм, псэущхьэхэм фlаща цlэхэм щапыувэм деж, щхьэ префиксхэр зэратхыр . . . 64
13. **Зэры-**, **мы-** префиксхэр цlэ унейхэм зэрапыувэ щlыкlэр . . . 71
14. Суффикс . . . 73
15. Псалъэпкъ . . . 78
16. Щхьэ префикс **у**-м и пэкlэ **и** зэратхыр . . . 84


### ПСАЛЪЭ ЛЪЭПКЪЫГЪУЭХЭР


17. Псалъэ лъэпкъыгъуэхэмкlэ гурыlуэгъуэ . . . 88
18. Щыlэцlэ . . . 91

19. ПлъыфэцIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
20. Глагол . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 112
21. ЦIэпапщIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 120
22. Послелог . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 126

ПСАЛЪЭУХАР

23. ПсалъэухамкIэ гурыIуэгъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 133
24. Псалъэуха лIэужьыгъуэхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . 136
25. Псалъэухам и пкъыгъуэхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . 153

**Куготов Л. Т., Куготова Е. Ж.**

К 886 Кабардинский язык: Учеб. для 3 кл. общеобразоват. учреждений. – 9-е изд., испр. – Нальчик: Эльбрус, 2010 – 160 с.: ил.

ISBN 978-5-7680-2325-6

**УДК 811.352.3 (075.2)**
**ББК 81. 602.22. –921**

Учебное издание

**Куготов** Лель Тембулатович
**Куготова** Елизавета Жанхотовна

# КАБАРДИНСКИЙ ЯЗЫК

3 КЛАСС

На кабардинском языке

Заведующий отделом *А. Х. Мукожев*
Редактор *Ф. Б. Кодзокова*
Художники *Ю. М. Алиев, Л. А. Фадеева*
Технический редактор *Л. А. Тлупова*
Корректор *Г. Ш. Урусмамбетова*
Компьютерная верстка *А. З. Тхаитловой*

Подписано к печати 15.04.10. Формат 70x90[1]/16. Бумага офсетная №1. Гарнитура журнальная рубленая. Печать офсетная. Усл. п. л. 11,7+0,29форз. Уч.-изд. л. 5,11+0,12 форз. Тираж 6000 экз. Заказ №56. ГУ «Издательство «Эльбрус». Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6. ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 года» Министерства по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР. Нальчик, пр. Ленина, 33

## ПСАЛЪЭ ЛЪЭПКЪЫГЪУЭХЭР



## ПСАЛЪЭ ЗЭЛЪАБЖЬЭГЪУХЭР

сыт ищIар?

глагол

ИГЪЭIУЩАЩ → зэлъабжьэгъухэщ

ИГЪЭКЪЭБЗАЩ → зэлъабжьэгъухэщ

ИГЪЭДЭХАЩ → зэлъабжьэгъухэщ

ISBN 978-5-7680-2325-6

9 785768 023256

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
2010

АДЫГЭБЗЭ 3

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
2010